84(5қар)
Х-82

Пердегүл
ХОЖАМУРАТОВА

# АНА
# САҒЫНЫШЫ



УЎК: 821.512.121
КБК: 5 Қар
Х-82

**Хожамуратова Пердегүл**
**Ана сағынышы.** Гүрриңлер ҳәм мақалалар Нөкис: «Билим», 2018. – 136 б.

УЎК: 821.512.121
КБК: 5 Қар
Х-82

Бул китап өмирдиң қырлары менен гейде инсанлар тәғдирин астын-үстин етип жиберген сырлары ҳаққында. Автор өз гүрриңлеринде турмыстың тикенли соқпақларын, қаҳарманларының мәртлигин, адамгершилигин, қыянетин турмысымызда сийрек болса да ушырасып туратуғын ўақыялар арқалы сүўретлейди. Ал, түрли жылларда мораль темасында жазылған мақалаларында болса, перзент ҳәм ата-ана мүнәсибетлери, шаңарақ муқаддеслиги, адамның қәдир-қымбаты, халқымыздың салт-дәстүрлериниң бүгинги жаслар турмысындағы орны ҳәм әҳмийети туўралы қызықлы ўақыялар арқалы сөз етеди. Сондай-ақ, китапқа бир қатар интервьюлери менен очерклери киргизилген.

Автордың китапқа киргизилген ҳәр бир шығармасы адамгершиликке, сыйласыққа шақырары сөзсиз.

Пикир билдириўшилер:

**Г. Есемуратова** — Қарақалпақстан Халық жазыўшысы.
**К. Реймов** — Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен журналист.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89582

ТР

ISBN 978-9943- 4444-4-7
© П. Хожамуратова, 2018.
© «Билим», баспасы 2018.

# НАИЛАЖ ТУТАСҚАН СОҚПАҚЛАР

*(Гүррин)*

Гүлшира жигиттен тоғыз жас үлкен еди. Бирақ өмири қыйыншылық пенен өтип, аўыр турмыс ийлеп таслаған, қара жумыстан басқаны билмейтуғын Есен менен салыстырғанда жас айырмашылықлары онша жоқтай түйиледи. Келиншекти бүгин биринши мәрте көрип турған Есен «мениң жағдайыма көнер ме екен?» деген ой менен сыртқа шықты да жақында усы нашардың хабарын таўып, буларды таныстырмай-ақ изине ертип үйине әкелген ағайинин ымлап шақырды.

– Саған исенемен. Бирақ шаңарақтағы жағдайлардан азы-кем болса да хабары бар ма?

– Ояғынан қәтержам бола бер. Бәрине қайыл болатуғынына көзим жеткен соң ертип келдим. Сениң недәўир киши екениңди, еки дүньяның арасында жатырған хаялың барлығын айтпадым. Буларды айтсаң ўәжге турмас еди. Сизлерди көристирип сөйлестирмегенимниң мәниси сол. Басына тийген хаял. Өз үйинен бүгин қалай болмасын кетпесе болмайтуғынын билгенликтен қайыл болды. Ҳәзир бар жағдайды оған жеңгең түсиндиреди.

Жигит ағасы өз ҳаялын шақырып, Гүлшира менен аўҳал сорасыўды, шоршытып алмай Есенниң жағдайларын түсиндириўди, епке келгендей болса бәрин «қамырдан қыл суўырғандай» етип питкериўди мықлап тапсырды.

– Қәйдем, – деди ҳаялы, – төбеден түскендей еткенше ҳәммесин айтып көндирип әкелиўиң керек еди…

Күйеўиниң алакөзленгенин көрген ол сөзиниң соңын жутып жиберди. Үндемегени менен аўыр жуўапкершилик оны сескендирди. Келген келиншек айтқанларына көнеғойса не жақсы. Көнбей кетип қалатуғын жағдай болса, аўҳал шатақ.

Ҳаял усындай ойлар менен нцкерилеп, келиншектиң жанына дизе бүкти.

– Қарағым, дастурханға жақынлаў отыр, – деди ол гәпти неден басларын билмей. – Жол узақ. Қоңырат қайда, Тахтакөпир қайда, шаршаған шығарсыз. Шай ишип болған соң еки жасыүлкениң менен сәлемлестиремен. Екеўи де төсек тартып жатыр. Қәйниме жүдә қыйын болды. Сонша жылдан бери наўқас келиншегиниң күтиминен қыйналып кеткенлигин ашып айтпағаны менен ҳалы белгили. Жүдә сабырлы, азамат жигит.

Келиншек бирден бойын тиклеңкирен отырды.

– Еки жасыүлкен дегенициге түсинбедим. Тек картайған анасы бар деп еди ғой... Ҳаялы бар дедиңиз бе?

– Аўа, ҳаялы бираз жылдан берли төсек тартып жатыр... Қәйним соның разылығы менен үйленип атыр.

Ҳайран болып қалған Гүлшира бетин қолы менен басып жылап жиберди. Ҳеш нәрсе демеди,түргелип шығып та кетпеди.

– Мени сол ҳаялға алып барың, – деди ол бираздан соң солығын басып.

Келиншекке дәслеп енесин көрсетти. Бәринен хабарлы болып атырғаны менен сөйлесиўге онша шамасы жоқ кемпир «бахытлы болғайсыз» деп пәтиясын берген болды.

Есенниң жеңгеси қәйнисине қаншелли қыйын екенлигин айта жүрип, оның ҳаялы жатырған бөлмеге қарай жол баслады. Сәлемиен кейин таза келиншектиң сыңсып жылағаны ҳәмминиң жүрегин елжиретип жиберди. Өзлигинен өңменин көтерип, аржақ бержағына аўдарылып түсиўге шамасы келмейтуғын Зәўрениң жүзинен қуўаныш сәўлеси жуўырып өтти.

– Жылама, – деди ол ҳәлсиз даўыс пенен. – Ҳәзир сен емес мен жылаўым керек. Бирақ, жыламайман. Себеби, бул күнлерди мен неше жыллардан берли күтип атырман. Енди Есен ер адамдай болып жасайды. Енем жалғыз перзентиниң келиншегиниң хызметин көреди, усы

ўақытқа шекем сүйе алмаған ақлығын сүйеди. Мен…мен болсам соларды көрип жатаман…

…Гүлшира булардың бәрин түсинде көрип турғандай. Көз жасларына ерк бериўден басқаны билмеген ол мына сөзлерден кейин өзин басқаша тута баслады. «Тәғдирдиң маған көрсетежақ және бир сынағы шығар. Аяқ қолын жыйнап ала алмайтуғын мына ҳаялдың қасында, он еки мүшем пүтин мен неге налыйман…»

Ол әтирапындағыларға бир қарап алды да Зәўреге:

– Мени кешириң, – деди. – Мен сизиң барлығыңызды қудай урсын билмедим. Сизге ҳәзир қаншелли аўыр екенлигин түсинип турман. Мени кешириң.

Үйдиң ишиндегилер мына сөзлерден кейин Гүлшира орнынан турып, бул жерден биротала кетип қалады деп ойлады. Бирақ ол:

– Мени қудай айдап келген шығар… қайылман, – деди.

Ҳаяллар Гүлшираны Зәўрениң жанынан алып кетпеди. Көпшилик бар ўақытта бири-бирине үйрениссин деди ме, ямаса Зәўрениң пысықлығына исенди ме, ара-арасында шай-пайды бәнелеп кирип-шығып жүргенлер болмаса, екеўи оңашада қалды.

– Қуда қәлесе мен ерисе алмаған бахыттың бәри сеники болады, – деди Зәўре. – Ата-анам мен есимди билмеген ўақытлары қайтыс болып кеткен. Ең болмаса төркиним болғанда…Ғырстай азаматтың басын байлап өлиден парқым аз болып жатқаннан соң онның үйленгенин көриўге асыққаныма исене бер!

– Сиз де мен туўралы «басын шатпақшы болып турған жигитти бир көрместен ерип келип отырған қандай нашар?» деп атырған шығарсыз…Мениң дәртлерим сизикинен де асып түседи.

Жетимликте ер жеттим. Немере жеңгемиз араға түсип көтерген шаңарағымнан бахыт таппадым. Күйеўим ҳаялы түўе өз анасының да қәдирин билмейтуғын, енемниң жыйнаған бар дүньясын сатып қуртқан нәшебент еди.

Маңлайымнан шыкса илажым жоқ екен. Еки кызым менен қосыла таяғын жегенде де усы үйден карамды өшириў қыялыма келген жоқ. Китапханашылык жумысымнан тапқан пулым еримди қанаатландырмас еди. «Тез Россияға кет, ҳәмме барып атырған Қазақстанға неге кетпейсең?» деп ойқанды салып жүрген күнлердиң биринде кеште үйге келмей қалды. «Жораларының үйинде жүргенди дә, бир күн болса да кулағымыз тыныш болсын» деп отырған енемниң еки күннен кейин жан ийшне от түсип, излеўге шықтық. Ол табылды. Аўыл шетиндеги қалың терекликте сүйениўи менен жансыз отырған екен...

Енди үйимизде тыныншлык ҳүким сүрер еди. Турмысымыз да жақсылана баслады. Енем менен кызындай болып күн кеширдик. Қәтержам жасаған усы жыллар мениң өмиримдеги ең бахытлы жылларым екен.

...Узақ жыллардан бери сырт елде жумыс ислеп табыс киргизбесе де ҳәр ўақта «гөкек» берип туратуғын қайнағамның үйге биротала оралыўы менен азаплы күнлер қайта басланды. Ол ҳәр күни ярым акшамда мәс ҳалында келип, есикти ашкан анасына зәҳәрин жаяр, алдына аўқат-шайын әкелип қоятуғын маған байымның басын жутқанымды, мына жайға ийелик етиўди ойлап турмысқа шықпай отырғанымды, бул үйден қарамды өширсем бәри жай-жайына түсетуғынын, болмаса түбинде мени жоқ қылатуғынын айтып азаплар еди. Ал, есин билип киятырған қызларымды туўысканымның көзи-өзи деп айланып – толғанғанларына исенеримди де, исенбесимди де билмегенмен.

Бундай азаплар жанына тийип кеткен енем бир күни азан менен гәп баслады. Өлген перзентинен көрген қорлықларымызды, енди мына күнлерге тап болғанын айтып жылады.

– Жылама ана, – деди қайнағам тап бир мийримли перзент қусап. – Билемен, келиниңнен айырылғың келмейди. Так что, бунbackup илажын ойластырыўымыз керек!

– Не қылажақсаң?

– Айтарлықтай ҳеш нәрсени өзгертпеймиз. Мен де адамман, сениң бир перзентиңмен. Жас болса минип баратыр, бала-шағалы болыўым керек, дурыс па? Нашарды алыстан излемеймиз…

Кирип-шығып олардың гәпине қулақ түрип жүрген мениң төбемнен муздай суў қуйылғандай болды. Далаға атлығып шықтым.

Усындай азаплы күнлердиң биринде енем аўлақта мени жанына шақырды.

– Саған өле-өлгенимше ырзаман. Ҳеш қашан жаманлықты раўа көрмеймен. Перзентлеримнен көрген азапларында әлбетте мениң де үлесим бар. Енди сени бундай азаплардан биротала қутқарып…узатажақпан. Қызлардан ғам шекпе, белим бүкирейип қартайып отырған жоқпан.

Бул сени не дер екен деп айтып отырған гәпим емес. Қәдириңди билгендей, адамгершилиги күшли азамат табылып тур. Қартайған анасы бар екен. Жигит жүдә мийримли, мийнеткеш дейди… Буларды айтыў маған аңсат болып тур дейсең бе?

Енемнен бундай сөзди күтпегенликтен, жылап жибердим. Енди турмысқа шығыў деген қыялыма да келмейтуғынын, енем менен қызларым қәйтип жасаса мен де соған қайыл екенимди көз жасларым сорғалап отырып түсиндирген болдым.

Еки күн өтер-өтпестен бул гәп және жаңаланды.

– Перзент өзимдики. Оның ууына да, палына да қайыл болмасқа шарам жоқ. Ишкен адамда ес болама? Айтқанларымды қыла бер.

Ойланып қалдым. Сонда да «ол ким? деўге тилим бармады. Қызларымды таслап кетиўди көз алдыма келтире алмас едим.

– Жаным өзимде турса, қызларыңды өзиң баққаннан бетер етип тәрбиялайман. Пәтиямды берейин, қулыным… Ол және жылады.

Ертеңине китапханама бурын ҳеш көрмеген бир киси келди.

– Енеңниң саған айтып жүрген адамы мынаў, Гүлшира.

Мени бурыннан таныйтуғындай болып топа-торыстан қолыма услатқан сүўретке бир қарадым да өзине қайтардым.

– Аяғы саў адам ба, неге сүўретин жиберип отыр?

– Саппа-саў. Бирақ, жағдайлары болып тур. Мен сол жигиттиң ағасыман. Енең менен сөйлесип, алдынан өтип қойыппан. Бир шешимге келерсең. Азанда келемен. Егер тәўекел десең, жолға түсемиз...

Турған жеримде сәррийиўим менен қалдым. Не болып атыр өзи?..

Үйге келсем, қайнағамда мәсликтиң пышаны да жоқ, енем менен сөйлесип отыр екен. Мени көрмегендей гәпин даўам ете берди:

– «Ини өлсе келин, аға өлсе жеңге мурап» деген бар. Дәстүрден шығып қаяққа барамыз. Ертең жасыүлкенлерди жыйнап айтатуғын гәпим бар.

Бул да адам ғой деп есапласып атырған ол жоқ. Шыдап тура алмадым:

– Гәпиңизге түсинбедим. Мен басқа пикирде шығарман.

– Ол қандай пикир екен?

Көзлеримиз дусласқанда денем түршигип кетти. Үндеўге қорықтым. Енем маған мәнили қарап қойды.

Азанда жумысыма кешеги киси келип, енем менен бүгин де телефон арқалы тиллескенин, жолға түсиўди кешеўиллете бермеўимиз кереклигин, арылаўда турған машинасында ярым сааттай күтетуғынлығын айтып шығып кетти.

Тәғдиримди шешиўим ушын ярым саат ғана ўақтымның барлығы... Баўырымның пәршелери болған қызларым... Қайнағам...

Ол ядыма түскенде таўсылмастай ойлар шынжыры бирден шыл пәрше болып үзилди. Үнсиз барып машинаға отырдым...





Зәўре ҳәлсиз қолларын Гүлшираға қарай созды. Бул екеўиниң басына түскен дәртлер, илажсызлық олардың қәлбине күндеслик сезимлерине жат өзгеше бир жыллылық уялатар еди...

## МУҢЛЫ НАШАР НАЛАСЫ

*(Гүрриң)*

Мен жигерсизлигим, натықлығым себепли жаслыққа тән болған ең қымбатлы сезимлеримди, әрманларымды жексен еткен муңлы нашарман. Жаслық қыялларым шарықлап, арзыўлар қанатында шарқ урып ушқан күнлерим жүдә қысқа болды. Пешанама жазылғаны сол шығар дегеним менен тәғдиримниң бундай болыўына өзлери туўылған ўақытта атастырылып, соң бахытлы шаңарақ көтерген, ул-қыз сүйип камалға келтирген, бири-бириниң қасы-қабағына қарап татлы өмир кеширген ата-анамның қатып қалған түсиниги себепши деген ой мени усы ўақытқа шекем тәрк еткен емес.

Әкем қатал адам. Ҳәтте ағайинлеримиз де бизиң үйге тийисли мәселелерди сөз еткенде ағамнан тартынатуғынын байқаймыз. Усыннан ба ямаса мени атастырғанын өзлери басқалардан сыр тутқан ба, колледж питкеремен дегенше бул туўралы ҳеш кимнен ҳеш нәрсе еситпегенмен.

Гәп ата-анамнан «Ташкентте оқыйын» деп сораған күнимнен басланды. Ағам үндеместен сыртқа шығып кетти. Апам «көрермиз» дегеннен ары өтпеди. Сол ўақытларда олар мениң бахтымды ойлайман деп соңғылығында бул ҳәрекетлери менен тек жаслығымды ғана емес, пүткил өмиримди астан-кестен ететуғын шешимин айтыўға пайыт пайлап жүргенин қайдан билиппен.

Бурын сөзин «муштай болып» деп баслайтуғын анам бүгин «енди ер жеттиң, қызым» деп мүләйимсип сөйледи.

– Кеше муштай едим, бүгин ержетип қалдым ба?

– Ержеттиң. Ата-анаңның ақылын алсаң кем болмайсаң.

Оның жүдә әҳмийетли бир мәселени қозғайжағын гәпти айландырғанынан сезип отырман.

– Усы ўақытқа шекем саған айтпағанбыз, сен туўылған ўақтыңда-ақ атастырылғансаң. Әкең нан сындырысқан. Билесең, ол гәпин шаймаламайды...

Кимге атастырылғанымды анамнан сорап та отырмадым.

– Оқыў не? –дедим үзип алғандай етип. – Мен ҳәзир турмысқа шықпайман!

– Мен де ҳәзир узатамыз демедим. Усыннан анаў-мынаў гәп табатуғын болсаң, ата-анам бар демей-ақ қой. Бул әкеңниң тапсырмасы.

Гәптиң тоқ етери айтылды. Жибиспеўге шарам жоқ еди.

– Оқыўды питкерип келе берейик, көрермиз.

– Сени өзлери оқытып алады. Әлеси сондай. Оның орнына ким менен қуда болмақшысыз, қандай жигит деп сорамайсаң ба?

– Сол жигитиңнен ҳәзир-ақ түңилдим. Усы заманда танымайтуғын қызға үйленесең дегенге қайыл болса, жүрген бир...

Апам гәпимниң изин айттырмады.

– Гәпиңди азайт, танысаң.

– Танысам жүдә жақсы, еле оқыйтуғынымды айтып келисип аламыз.

Есиктен иним кирип, гәпимиз болинди. Мен де жақын арада узатылмайтуғынымды еситкен соң «оқыўға кирип ала берейин...» дедим де таярлыққа күш салдым.

...Кейинги ўақытларда туўысқан бөлем Сәбит үйимизге келиўин жийилетти. Арамыз бир-еки жас болғанлықтан бурынлары ойнап анаў-мынаў айта беретуғын ол енди салдаманлы, суўықлаў болып баратырғандай.

– Әжағамыз өзгерип кеткен бе? – дедим бир келгенинде оның қытығына тийгим келип. – Бөлелериңди көргенде қуўанбасаң, ҳал-аўҳал сораспасаң. Қуры келип-кете бересең, апаң қуўып жиберип жүрген жоқпа?

Ол маған оқырайып қарады. Бурынғы Сәбит ғой деп еркинсип айтқан сөзлериме өзим қысынып кеттим. Буннан соң қайтып келмеди.

Мениң басымдағы сүргинлер Сәбиттиң анасы Жийенгүл әжапамның ауыр науқасқа шатылыуы менен басланды. Ташкентке оқыуға кетиу-кетпеу мәселесинде ата-анам менен келисе алмай жүрген күнлеримниң биринде апам мени шақырып жанына отырғызды.

– Сен неге атастырған жигитиңиз ким деп елеге шекем сорамайсаң?

– Маған қызық емес. Студент болғанымда изимнен барып өзи айтса бир гәп.

– Быйыл студент болыудан гүдериңди үзе бер. Сени узатажақпыз.

Бирден хәўлирип кеттим. «Ҳеш қандай! Берген уәдеңизде турың. Оқымасам, узаталмайсыз...» деп тиресскенлерим қуры далаға кетти.

– Өзиңди бас, – деди апам салмақлап. – Билип отырсаң, Жийенгүл әжапаңның науқасы жеңил емес. Келинли болғанын көргенше асығып атыр. Оқыуға келеси жылы тапсырасаң, гәп тамам! Әкеңди билесең...

Кимге узатылатуғыныма енди пәмим жетти. Жылапсықлағанымның пайдасы болмады. Еки үйде де тойдың тәтәрриги басланып кетти. Бири-биримизге қыз-жигит болып бир қыя бақпаған, туўысқанлықтан басқа жылт еткен сезимниң ушқыны да жоқ Сәбитке мени узататуғын болып кеўиллери жайына түскен ата-анам меннен дүнья аяған жоқ. Қуда-қудағайынан гәп шықпайтуғынына, бизлердиң беккем шаңарақ болып кететуғынымызға олардың исеними кәмил еди.

... Өмиримниң азаплы күнлери алдымда екен. Атаенем шүкирлик етип, мени жер-көкке исенбеди. Бирақ, пайдасы не, Сәбиттиң биз бенен иси болмады. Буны усы есикке еңкейип келин болып түскен биринши күнимнен баслап ҳәмме түсинди. Ол ҳәтте ата-анасы менен де дастурхан басында сөйлеспей, аўа-яқтан ары өткен жоқ.

Көзимниң алдында мен билген Сәбит емес, ишинде ғәзеби толып турған, туйық адам жүрер еди. Бир жағым туўысқан болғанлықтан, шыдамасқа шарам болмады.

Арадан айлар өтти. Ҳеш нәрсени ашып айтпайтуғын, мәселени бир жақлы етиўге жигери жетпейтуғын «күйеуимниң» дәрти жанымды егей берди. Қала берсе, науқаслық жанына батып, күн өткен сайын көзлери шүңирейип баратырған енемниң жалтақ екенлигинен де қыйланар едим.

Усындай күнлердиң биринде үйимизге сиңлим қыдырып келди. Әрманлары орынланып, «қызын қутлы жерине қондырып» бахытлы жасап атырған ата-анамды жер етип қайтып барыўды өлим менен тең көргенлигимнен Сәбиттен көрип атырған қорлықларым туўралы сиңлиме сыр шашпадым. Кетеринде узатлаўға шығарып салсам, жылап қояман деген ой менен есикте хошласып қалдым. Мени шығарып салыўға кетти деди ме, арғы бөлмеде енем баласын қысқыға ала баслады.

– Биреўдиң гүлдей қызын бүйтип қорлағаның не? Не кемиси бар? Туўысқанымның жүзине қалай қарайман? Өзим зорға отырып бундай күнди көргеннен өлгеним жақсы еди. «Бәри сеннен болды» деп әкең енди улыўма араласпайман деп отыр. Бүгиннен баслап пикириңнен қайтпасаң, о дүнья, бул дүньяда саған ырза емеспен!

– Апа, келиниңе гәпим жоқ. Бирақ, оны әкелместен бурын айтқан сөзим сөз. Мениң жақсы көретуғын қызым бар. Умытасаң деген едиң, көрдиң ғой, ондай болыўы мүмкин емес, қолымнан келмейди.

... Бахытсызлығымның шеги жоқ еди. Өзимди зорға тутып бөлмеме кирдим. Енди тәғдирим шешилетуғын күнлер алыс емеслигине анық көзим жетти. Және азырақ шыдаўға қарар еттим.

Ойлағанымдай болды. Ким, қалай хабарлағанын билмеймен, жеңгелерим келип, оңашада жағдайларымды сорады. Барлық нәрседен түңилген мен бир минут та жасағым келмейтуғынынан басқа ҳеш нәрсе демедим.

Ауҳалымды түсинген олар әңгимени созып отырмады. Мәселени тез шештирмесе ис насырға шабатуғынын аңлап жолларына түсти.

Бул күнлери науқаслығынан да ауыр азапларды басынан кеширип атырған әжапам Жийенгүлди аяп түрли жаман ойлардан өзимди тыйдым. Кетип те қалмадым.

... Мине, бүгин жүклерим машинаға қайта тийелип атыр. Ата-енемниң жылап турып берип атырған пәтиясы қулағыма кирип атырған жоқ. Олардың алдында турған қуры сүлдерим еди...

## АНА САҒЫНЫШЫ

*(Гүрриң)*

Айжамал бақшада ислейтуғын қызлардың ең пәкизе, ең ийбели, ең әпиуайысы еди. Ондағы бул пазыйлетлер этирапындағылардың да сүйиспеншилигин оятты. Лекин, жақыннан берли оның тәбиятында жоқ туйықлық пайда болды. Қатар қызлары менен бурынғыдай ойнап-күле бермейди, өзи тәрбиялайтуғын балалардың арасынан шықпайды. «Салысы сууға кеткендей», жумысы болмаса ҳеш ким менен хабарласпайды, өзи менен өзи.

Айжамалдағы бул өзгеристи ҳәр ким ҳәр түрли жорыды.

– Қыздың дәрти ауыр. Мен де зорға айттырдым. Ҳеш кимге билдирмедим. Кимге ойласарымды билмей жүр едим, сорлы қыз ҳәмиледар, – деди оның менен бир топарда ислейтуғын тәрбияшы келиншек бақша ҳәмшийрасы Гүмисайға келип жарылып. – Сыртқа билдиртпеймен деп бәрҳа ишин бууып жүреди екен. Сөйлесип жүрген жигитин таныйман. Өзиниң қатары, оқыған деп қууанып жүрсем усындай ауҳал болыпты.

Гүмисай өз қулағына исенбегендей, аңырайып қалды.

– Тезирек орнын табыуы керек. Анасы билеме екен?

– Билмейди. Қыз «Сапар түбинде аламан, азырақ шыда» деп атыр, оған исепемен деп жылайды. Алдап кетпесе болар еди…

Екеўи ойласып қызды шақырып ақыллландырған менен үнсиз жылаўдан ары өтпеди. Жигитти шақырып сөйлесейик дегенине де көнбеди. Сол жылаўы менен шығып кетти.

Көп өткен жоқ, Сапарды танийтуғын қызлар оның үйленгенин айтып келди. Күши еки көзине жеткен Айжамал жумыс ўақты тамам болмастан үйине қайтып кетти. Ол ертеңине де, соңғы күни де бақшаға келген жоқ.

Қыздың сырын билетуғын екеўи оның үйине барды. Намысы жер болып отырған анасы менен ойласып Сапарды табыў керек деген шешимге келди.

– Еки қабат қатынды алдырмайман! – деди жигиттиң анасы гәптиң рәмәўизин аңлаўдан. – Балам усы қызды алмасам болмайды десе де алдыртпаған мен. Анасыман, келинди қәлейтуғын жеримнен алыўға ҳақым бар. Бул жерде мен емес, қызына тәрбия бере алмаған анасы айыплы. Өзине бекем бола алмаған қыздың алдына түсип не қылып жүрсиз? Биреўдиң шаңарағын бузбаң. Керегиңиз алимент болса, дәслеп қызыңыз туўып алсын, соң ондирип ала бериң. Басқа айтар бир аўыз да гәпим жоқ. Бизлерди тыныш қойың

– Сапарды шақыр. Азамат екени рас болса, бир аўыз сөзин еситип кетейик.

Ол келген менен «Неге алдадың, нәрестениң обалынан қорқпайсаң ба?» деген сораўларға сынын бузған жоқ.

– Баланы қалай болмасын түсир деп дәслептен-ақ көп дәри апарып бердим. «Жедим, түспеди» деп алдады…

Өзин «алданған» есаплап турған оннан хеш бир мәселе шешилмеслиги анық еди. Бирақ, дәри ҳаққында айтылған гәп Гүмисай ҳәм оның сиңлиси Алтынайдың басына түсетуғын дәртлердиң өлеги болатуғыны хеш кимниң қыялына да келген жоқ. Олар адам сынап билмейтуғын,

жақсы көриўдиң мәниси солай болады деп исене берген Айжамалды айыплап қайтты.

Бул ўақыядан соң Гүмисайдың тынышы бузылды. Туңғыш перзенти шетинеп, он еки жылдан берли бир тырнаққа зар болып киятырған сиңлиси Алтынай усы нәрестени баўырына баса қойғанда қалай болар екен деген ой мазасын ала берди.

Ертеңине-ақ бул пикирин сиңлисине айтты.

– Адам жатырына тартпай қоймайды, деген сөз бар. Айжамал алданып қалғаны болмаса, жаманлық шықпайтуғын пәкизе нашар. Күйеўиңе ойласып корсең. Меҳириң оянып, көтерип кетерсең деген үмит ғой…

Гүмисайдың бул пикирин күйеў баласы да мақуллағанын еситип қуўанып кетти. Бирақ, еле Айжамал не дейди?..

Олар ушын көптен күткен күн келип, ул туўылды. Қуўаныштан қанатлап жүрген Алтынай менен күйеўи қолына гүўалық тийгенше асығар еди. Нәрестениң басындағы туўылған ўақытта бар исик, туўыў үйинен соңғы емлер менен де кете қойған жоқ. Шыпакерлердиң «Барып-барып өзи сорылып кетеди» дегенине исенген олар кеўиллерине ҳеш қандай гирбиң алмады. Бул күнлерде олардан бахытлы адамлар жоқтай.

Жалғас дым айрықша еди. Дөңгеленген көзлери суп-сулыў, жүзлери аппақ, жаңа туўылған нәресте дегенге исенбестей сүп-сүйкимли. Гүмисай оны қолына ҳәр алғанда ишинен «қыздың баласындай» дегени усы екенаў, деп қояды.

Бул қуўанышлы күнлер узаққа созылмады. Қырқынан шыққан Жалғастың бирден аўырыўы еки үйли жанды тик аяққа турғызды.

Емлеўханада анық диагнозы шыға қоймады. Қанша емлеген менен нәтийже көринбес еди. Шыпакерлер Алтынайдан ҳәмиледар ўақтында қандай кеселликлер менен аўырғанын, қандай дәрилерден пайдаланғанын сорағанда Гүмисай сескенип кетти. Айжамалға «баланы түсир деп

Сапар алып берген көп дәри» туўралы еситкени ойына сап ете қалды. Бирақ буны ҳеш кимге билдирмеди.

– Сиз келип кетиң, – деп шақырған шыпакерге баратырып оған билгенлеримди айтсам ба, айтпасам ба деген ой тынышлық бермес еди.

– Сиз түсинетуғын шығарсыз, нәрестениң мийиндеги исик үлкейип, организмде ләң ҳалаты басланып атыр. Бүгин аяқларында жан жоқ. Бул кеселлик нәресте туўылмастан бурын пайда болған. Қолымыздан келген илаждың бәрин ислеп атырмыз...

Гүмисай турған жеринде силейип қалды.

– Сонда не, баладан үмит жоқ па?

– Ҳәзирше ҳеш нәрсе айта алмаймыз.

Нәрестесин аман алып қалыў ушын дүнья көзине шөп шелли көринбей жуўырып жүрген күйеў баласы менен сиңлисиниң алдында өзин айыпкер сезген Гүмисай шыпакерлер ханасынан сүйретилип зорға шықты. Оған үмитли көзлери менен бағып турған Алтынайды және алдаўға ҳүжданы жол қоймас еди...

Гүмисай Жалғас қайтыс болатуғын күни қан қуйдырыўға, аспа дәрилерди салдырыўға қарсы болып, аз ғана болса да дем алсын дегени менен шыпакерлер ақырына шекем гүрести. Нәресте жаны үзилер алдында үш ярым саатлай қыйналып жатты. Үлкен адамдай ыңқылдап, ҳәр кимге жаўтаңлап қарап, көзлери доңгелениўи менен ашық кете берди.

Жалғас жайғастырылғаннан кейин Алтынай түсиниксиз бир ҳалатқа түсти. Қосыла жылап отырған Гүмисай енди оның тилегин тиледи. Суўысын, тәўбеге келип тиришилигине аралассын деген ой менен ҳәр күни нәрестениң қәбири басынан айландырып жүрди.

...Сонша қысыныспаларды басынан кеширген Айжамалдың дәрти ишинде. Сонда «өлимнен уят күшли» болып баўыр етинен жаралған перзентин киси қолына услатып, изинен қарап қалғаны ушын өзин ҳеш кешире алмайды. «Сапар үйленди» дегенди еситкен күни жумысын

таслап кеткеннен соң бақшаға қайтып изеп басқан жоқ. Кисиниң көзине түсиўге арланып жасаған айлар, әсиресе перзент сағынышы оны әдеўир жүдетти. Ана жүреги бир нәрсени сезгендей, бир мәрте болса да нәрестесин көрип, баўырыма бассам деген әрман жатса да, турса да тынышлық бермеди. Соңғы ўақытлары кешқурынлары анасына да үндеместен Гүмисай жасайтуғын көше тәреплерден бир айланып келетуғынды шығарды. Оған дусласқандай болса дәртин айтып, баламды бир көрсет деп жалынажақ.

Ол бүгин түни менен ойланып, таң атса Алтынайдың үйин таўып, енди қайтып келмеймен деген шәрт пенен қалай болмасын нәрестесин бир мәрте баўырына басып, ийискелеп қайтыўға қарар етти.

Есикти Алтынайдың күйеўи ашып, оны көриўден қалша тоқтап қалды.

«Алтанай үйде ме?» дегенде барып үнсиз изге шегинди. Айжамал үйге кириўден көзи менен баланы излер, даўысын еситиўге асығып қулағын түрер еди. Бир қапталда отырған Гүмисайдың сазырайып қалыўын «баламды көрсетпеймен» деген сылай танытып атырғанына жорыса да, барып қушақлады.

–…Бир көрип кетейин… Қайтып келмеймен…

Қулағына айтылған бул гәптен кейин тас болып қатып қалғандай көринген Гүмисай шыдап тура алмады. Оның жоқлаў айтып қатты қушақлап бозлаўы Айжамалды есеңкиретип таслады. Усы мәўритлерде жүрегинен бир нәрсе үзилип баратырғандай түйилди…

## ӨЗИ ЖАҚҚАН ОТТЫҢ ЖЫЛЫЎЫ

*(Гүрриң)*

Жалғыз баласы институт питкерип келгели Убайдулла ғарры оның және ойсызлық ислеп қойыўынан қәўетерде. Үшинши курсты питкерген жылы топа-торыстан әкелген қызды «дәслеп оқыўыңызды питкерип алың, еки студент-



RESPUBLIKALIQ MA'LIWLEME-RESURSLIQ WORAYI

ти оқытатуғын шамам жоқ» деп қайтарғаны бар. Сонда улы Атабектиң қанша қапа болғаны, анасына жалынғанлары, қыздың жылап кеткени Убайдулла ғаррының пикирин өзгерте алған жоқ. Аўылдағы ең қурғын шаңарақтың бири болғанлықтан, оның бул гәпи мәзи сылтаў екенлиги хәммеге аян. Анығында барлық хәрекетлерин иштен тынып ислеп, «жети өлшеп бир кесиўди» пешесине айландырған ол ата-тегин билмейтуғын жер менен бирден куда тамыр бола қалыўды өзине еп көрмеди. Соңынан да, ақылға салды. Бундай ойсызлығы ушын баласына кейимеди, оның ашыўы басылыўын күтти. Арадан айлар өтип, баласының бети берман қарағанын сезген ғарры гәпти узақтан баслады:

– «Қудайы сүйгенниң улы көп болар, бири намәрт болса, бири мәрт болар» деген гәп бар. Сен жалғызсаң, балам.

Өзиниң көўли сүйген қызы қолдан кеткенине иши күйип жүрген Атабекке енди бул гәплердиң қызығы жоқ екенлигин билгени менен ашықтан-ашық сөйлесип сол қыздан гүдерин үзгизбесе, шоқ қайта туталып кетиў итималын жақсы биледи. Атабек «ал, оқыў питкердик» деп сол қызды хәзир әкелип таслағаны менен буның да жора-жолдасы бар. Сөзге ерсе…

– Гәптиң анығы, келинди қатнасқандай, ата-теги дүзиў жерден қолайлағанды мақул көрип отырмыз.

– Аға, мен қәлеп әкелген қыздың ата-тегиниң неси бар екен? Сизиң минезиңизди билмейди дейсиз бе? Биринши курстан берли кеўиллесип, сорастырып, сизлерге унайды деп әкелгенмен…

Баласынан бундай жуўапты күтпеген ғарры мәселени тикке қойды.

– Болмайды! Ядыңда болсын, анық билмейтуғын жерге жоламайман. Қартайған шағымызда жалғыз баланың машқаласын кийип жасай алмаймыз. Қыялымыздағыдай келин керек!

Ол қыялындағыдай келинниң қандай екенлигин айтпады. Айтпайды да. Иши биледи. Себеби, саўдыраған, сада,

сақый, келгенге қушағын аша беретуғынларды онша уната бермейди. Ойы – өзиниң өмиринше жыйнап-тергенин шашып-төге бермейтуғын, ата-енесиниң қабағына қарап ҳәрекет ететуғын, жайнап-жаснай берместен, бир ени ишинде болып жүретуғын келин болса… Қалған жағын қәлипке түсирип ала береди.

– Үйленетуғын мениң пикирим керек емес екен, алып келип те берерсиз онда.

Атабек шалт турды да, изине бурылып қарамастан шығып кетти. Усы ўақытқа шекем үйде мәселени бир өзи шешип келген ғарры баласының бул гәпин ашыў менен айтқанға жорып «маған рахмет дейсең еле» деп гүңкилдеўи менен қалды.

– Кемпир, гәп бар, – деди ол бир күни.

Баласының қапашылығы, үндемес болып қалғанлығы жанына батып жүрген Зыяда кемпир «және не таптың?» дегендей, ғаррысына ҳайран болып қарады.

– Арғы аўылдағы Жақсымураттың қызы бар екен. Дуктырлықты питкерип ислеп атыр дейди. Әке-шешесин билемиз. Қызды сорастырсам «Туяна, пайын туўрап жүретуғын қыз» деп мақтады. Атабекке сорасақ па екен? Мектепте де жаман қыз емес еди, өзим оқыттым.

– Қәйдем, анасының айбықәддемлиги бар. Байының еки аяғын бир етикке тығып қойғанын өзиң де билесең. Қызы пайын жибермейтуғын болса, шешесине тартқандыдә…

– Тартса жүдә бәрекалла, Жақсымуратты халық қатарына қосқан сол ҳаял. Қыздың қақаң-суқаң менен иси жоқ дейди. Бизге де кереги сол емес пе? Саған ойласса гәпти көбейтетуғын әдетиң бир қалмас, сирә.

– Балаң не дейди еле? «Гөженди төгип» жүрмесин.

Убайдулла ғарры бул жағынан қәтержам еди. Бундай мәселеде пикири өтпейтуғынын билген Атабекке енди кимниң қызын алып берсе де ат тонын ала қашқандай жағдайда емеслигин жақсы биледи. Жигит қусап «Сол

қыздан басқаға үйленбеймен. Тақ өтемен…» дегени менен әкесиниң гәпи гәп.

Ғаррының ойы дурыс шықты, ол өзиниң шешимин айтқанда, Атабектиң бул мәселеге қатнасы жоқтай, басын ийзеди де қойды.

Мәселе сары майға нан жаққандай, аңсат ғана шешилди. Ҳақыйқатында да, ўақтында «кимсең, Убайдулла директор» болып аты шыққан адамның жалғыз баласына қызын узатыўға қарсы болыў қыздың ата-анасының қыялына да келген жоқ.

Даңғарасы жер жарған той да өтти. Келин дойнағында барын көрсетип, ата-енесиниң кеўиллеринен шықты. Тымсырайып жүргени болмаса, услап-тутқаны таптуйнақтай. Ҳеш нәрсени зәйламайды, дастурханға зыят нәрсе әкелмейди. Адам келсе, бир шайнек шай, бир-еки кесе әкелип, енеси шақырмағанша қайтып қарасын көрсетпейди.

– Туяна деген не, мынаўың тас туяқ ғой, – дейди келини кеўлинен шыққан ғарры аўлақта. – Баланың бийпәрўалығы сәл ойландырып турғаны болмаса…

– Ертең балалы болып кетсе бәри жай-жайына түседи, – дейди кемпир оның кеўлин алып.

Бундай қуўанышлы күнлер узаққа созылмады. Шаңарақ тәшўишлери келинниң биринши айлық алған күнинен басланды. Келиншеги айлығын алып үндеместен жүргенинен хабарлы Атабек, бул үйде пул бир жерден жумсалатуғынын ескерткенде, оған жақпады.

– Жети жыл оқытқан ата-анам изимнен қарап қала береме? Мениң айлығыма қарап отырған күнициз жоқ. Бир-еки жыл айлығымды сорамайсыз!

Хызметин аямайтуғын келиншегиниң буйырып сөйлеген гәплери Атабекти жинлендирип жиберди. Келиншекке де кереги усы ма, төркинге ҳайт қойды. Бирақ, үш-төрт күн өтпестен анасы қызын ертип әкелди.

– Қызым жаслық етипти. Қәтелесе еки-үш мәрте алып келиў мусылманшылықта парызымыз.

Қудағайының бундай жүйели гәпи Убайдулла ғаррыны әдеўир жибитти. Келисе алмаған мәселени ортаға салмақшы болған Атабектиң де аўзын аштырмады.

Ай питиўи менен және сол аўҳал қайталанды. Жәнжел басланды. Келин кетти. Анасы әкелди. Айлықты тилине басқан адам болған жоқ. Төртинши ай дегенде барып келинниң анасы менен ислеп жүрген ҳийлелерине түсинген Убайдулла ғарры пәтке минди. Қуда-қудағайлар менен бет ашылысты. Олардың гәплериниң рәмәўзине карап бул мәселеде питимге келмейтуғынынына, түбинде айтқанын болдыраманның ҳәрекетинде екенлигине көзи жетти. Бирақ, ойда жоқта Атабектиң басқаша жол тутыўы ата-анасының диңкесин қурытты. Ол сәл нәрсениң үстинде енеси менен жәнжеллесип төркинине ҳайт қоятуғын келиншегин ата-анасына ойласып отырмастан, өзи барып ертип келе беретуғын әдетти шығарды…

«Өзлери жаққан отқа өзлери жылынып» атырған кемпир менен ғарры аўлақта тас-талқан болғаны менен Атабекке шешимин айта алмайды. Тиллери қысық. Келинниң сыйласығы күн сайын кемейиўи, жәнжеллер, ақылын айтқан енесине не айтып атырсаң деп қайрылып та қарамаўы оларды түңилтип бара берди.

– Мен…Мен қәтелесиппен, балам.

Дастурхан басында әкесиниң жүдә қыйланып айтқан бул гәпин Атабек еситпегендей, телевизордан көзин үзбестен үнсиз отыра берди.

– Ашымайрық болмасаң, ҳәммемиз денсаўлығымыздан айырылатуғын түримиз бар.

– Мени ойыншық көресең бе, аға?

Атабектиң көзлери әкесин жеп қоятуғындай болып қадалар еди.

– Усы қызды аласаң дедиң, алдым. Түңилген ўақытларымда да хожалық боласаң дедиң, болып киятырман. Денсаўлығыңызды бузғандай ис етип атырған болса, өзи емлейди. Қолынан келеди. Ҳәзир келиниңиз ҳәмиледар. Бир мәрте болса да мениң пикиримди есапқа аларсыз.

Өзлериңиздиң сайлап-шаншып алған келиниңиз. Ендиги жағында кетсе де әкеле беремен…

Убайдулла ғарры өз тилине байланды. Баласын да келинине қосып үйден шығарып жибергиси келип турды да, жалғызы болғанлықтан халықтан уялды. Ол өмири даўамында басына түсип көрмеген бундай илажсызлықтан ишқыста еди… Қалаберсе, соңғы ўақытларда жүрегиниң шаншыўы да көбейип баратырғандай, топа-торыстан мазасын алғанда көзи жер көрмей қалады. Өмирден ерте көз жумған әкеси, қартайып булардың «қызығын» көрип өткен анасы жийи есине түсе береди.

Өзи де жалғыз ул болды. Бийшара анасы келини Зыяданың не бир қылўаларын кеширип, ишине жутып жасағанын, оның жалғыз келиннен көрген «рәҳәтлерин» ҳәзир кимге өрнек етип айта алады! «Атаңа не қылсаң, алдыңа келер» деген усы екен-аў. Дүзден келгенимде анамның қапашылығын сезсем, келиншегимнен гүманланып, көзинше тәмбисин берер едим. Атабек ше? Буншелли мийримсиз болмаса… Баяғы алып келген қыз жылап баратырып ғарғамадыма екен?..

Келининиң аўызғы бөлмеден шәңкилдеп шыққан даўысы ғаррының ойын бөлип жиберди.

– Қызларың не деп сандалап жүр?

– Не депти? Ақылын айтқан болса, жасы үлкениң. Саған жала жаппаған шығар…

Усының менен Зыяда кемпирдиң даўысы семди. Енесиниң жууўабы келинин қутыртып жиберди. Бул шаңарақта жазаланбайтуғынына, оны тоқтатыўға ҳеш кимниң қүдирети жетпейтуғынына енди анық көзи жеткендей.

– Олар да перзентиң. Сизлерге келин жақпайды екен, жайлы жериңизге барың. Болмаса…

Келин шептен шықты. «Ҳаў, мынаў күш-қуўатымыз кетип турғанда бизлерди қуўмақшы ма?»

Басына усы ой сап ете қалған ғарры атлығып орнынан турды. Жәнжел болып атырған бөлмеге қалай барып

қалғанын өзи де сезген жоқ. Атасына көзи түскен келин болса, бурынғыдан бетер ҳәўлирди.

– Сен не қылажақсаң? Қолыңнан келсе ур. Дәслеп мынаны өлтир.

Келин қолындағы нәрестесин атасының алдына ылақтырды. Шырлап атырған нәрестени атлап умтылған ғарры шегирейип турған келинине дөнип барғаны менен қол жумсай алмады. Олар енди тири жан еди…

## МӘРТЛИК

*(Гүрриң)*

Бүгин базар. Абатқа бир ҳәптеден берли жатса да, турса да тынышлық бермей жүрген ойдың түйини шешилиўге шамаласқандай. Ол таң алагеўгимнен орнынан турып қыйтақ жериндеги дақылларын аралаған болды. Келиншеги Гүлайым оның бираз күннен берли иштен толғатып жүргенин билсе де үндемейди. Усындайда бир шешимге келмегенше ойласпайтуғынын билгенликтен, өзи гәп ашпағанша иси болмайды. Сонлықтан «базар жақлардан айланып қайтаман» деп кийинип атырған күйеўине сораўлы нәзери менен қарады да қойды.

Абат әтирапқа нәзер салғаны болмаса, ҳеш нәрсени елестирип киятырған жоқ. Сәлемлескен танысларына тек ийегин қағып қояды.

Ерте болған менен базар толы адам. Оның ойын еки саўдагердиң жаға буўыспаққа шекем барып, бирин-бири гәреметлеп атырған сөгислери бөлди. «Булар мен есимди билгели базарда, – деп ойлады ишинен. – Қашан дем алады екен? Таңның атыўына усы жерде таяр, базар жабылған соң қас қарайғанда қайтады. «Әкем де базар, шешем де базар» дейтуғынлар усылар шығар. Қуўаныш-қайғысы тек усы базарда сыяқлы. Мен болсам, жоқ жерден басыма «шырылдыў» сатып алмақшыман…»

Сөйтип жүрип балаларына базарлық алды, жаңартаман деп отырған айналардың жағдайларын көрген болды. Кеўлин сергеклендирип қайтыў ушын ғана сылтаўлап үйинен шығып кеткен Абат базардың арғы басы менен берги басын бир аралады да өзине тынышлық бермей жүрген мәселени Гүлайымға бүгиннен қалдырмай айтаман деген шешим менен изине қайтты. Оның не жуўап айтарын болжап болмас еди. «Улдан-қыздан зармедиң, дәслеп соларды келе қылып алабер» десе... Сол жетимлердиң жағдайын меннен басқа да зал толы адам еситти ғой. Олар да мендей болып аядыма екен?

Абат өзиниң кемлик көрип өскен балалығын, басынан кеширген азапларын умытайын, халық қатарына қосылдым ғой дегени менен болар емес. Ата-анасы қайтыс болғаннан соң өзин балалар үйине тапсырғаны, соң бир ағайини сақлап алғаны, денсаўлығы болмай қайта тапсырғаны, бул апарып-әкелиўлердиң арасында қанша көз жаслар төккени, өксип өткерген түнлери Абаттың өзине ғана аян. Жетимлердиң күни қаншелли аўыр екенлигин басына түспегенлер не билсин?

– Байыңды не қара басып жүр, аўырып жүрген жоқ па?

Жорасы Халмураттың иштен шығып атырған даўысын қулағы шалған Абат келиншегиниң жуўабын еситкиси келип есиктиң алдында сәл егленди.

– Билмеймен, үйде де ҳеш ким менен иси болмай қалды. Балаларының шаўқымын да елестирмейди. Сизлерден сорайын деп жүр едим, айнып жүрген жоқпа екен?

«Адамның кеўили шошқаның гүркеси» деген. Ҳаял адамның кәўетери сол дә. Ҳәй, Гүлайым-әй, сондай нәрселерди ойлаўға ўақтың болмайтуғын күнлер басыңа туўайын деп турғанын билмейсең-аў.

Ол ишкериледи. Булардың гәпин еситпегенге салды. Қыйланып жүргенде ақылласқандай жорасының келгенине қуўанғаны менен қонақ асы жеп болынғанға шекем сыр шашпады.

– Бир ойласық бар жора. Келгениң жақсы болды, Гүлайымға да айта алмай жүр едим.

«Бизге руқсат» деп кетиўге жуўап сорап орнынан қозғалып атырған Халмурат қайта отырды.

– Не ойласық, төсек жаңалайжақ емессең бе?

Халмурат ҳәзил-шыны аралас Гүлайымның кеўлиндегисин айттым дегендей, оған мәнили қарап қойды.

– Сол төсекти жаңаламай-ақ балларды көбейтким келип жүр.

Екеўи де аң-таң.

– Мәтмураттың баласының тойында бар едиң ғой. Ата-анасы қайтыс болған бир етек баланың жетим қалғаны, ҳәкимият асырап алатуғын адам излеп атырғаны сөз болды.

Халмурат бул гәпти еситкени менен оншелли итибар бермегенликтен, ҳәзир ядына түсти.

– Ал, не болыпты? Аллатааланың буйрығы. Жетимлер қор болатуғын заман емес. Ҳақыйқатында сол ҳәкимияттағылардың өзлери қәтелесип атыр. Нәрестелерди «он қайнаса сорпасы қосылмайтуғын» танымайтуғын адамларға сақлаўға бергенниң орнына исенимли Меҳрибанлық үйине тапсырыўы керек еди...

Бир сөйлесе тогилип, пикирлерин айтып болғанша тоқтамайтуғын Халмурат бир талай мысаллар келтирди.

Гүлайым еле әңгимениң изин бағып үнсиз отыр. Күйеўиниң гәпиниң рәмәўзин әлле қашан аңлағаны менен оны дизден қайтарып сөзге турғыза алмаслығын жақсы биледи.

– Сениң айтқанларың да дурыс. Бирақ мен бир шешимге келип отырман.

Жорасына қарап кесип айтқан бул гәптен кейин Гүлайым шыдап тура алмады:

– Неше бала екен? Ойласық-кеңесик деген болатуғын шығар.

Сол балаларды үйине ҳәзир әкелип таслайтуғындай түйилген келиншегиниң ҳүрей аралас сораўлы нәзерине көзи түскен Абат гәпти шорт кести.

– Ойласқаным да, кеңескеним де усы. Төрт бала екен. Асырап алайық. Сол жетимлер ушын қолымнан келген жақсылыгымды ислемекшимен.

– Сен ойланып айтып турсаң ба, мына гәпиңди? Биреў-екеў болса да ҳеш гәп. Өзиңниң үш балаң менен жетеў болады. Қудай аямағанды сен аяп пайда таппайсаң. Сол балалардың ата-анасы жердиң жарығынан шықпаған шығар, ағайин-туўған деген болады…

Халмурат еле сөйлей бережақ еди, Абат оны бирден тоқтатты.

– Жетеў болса болсын. Бурынлары бир ата-ана он еки-он үш баланы да сақлап келе қылған ғой. Екеўмиз де жумыстамыз. Ашлық жоқ, адам қатарына қосып жиберемиз.

– Қәйдем жора, мен пикиримди айттым. «Киси кийими киршил» болады. «Өз балаң өзегине тепсең де кетпес, киси баласы кисенлесең де турмас» дегенди умытпа. Жаман айтпай, жақсы жоқ. Мийнетлериң еш болған ўақытларда «ўақ» деп қалма. Пәнт деген жаман болады. Еле Гүлайым не дейди, биз сырттағы адам…

Халмурат кетиўге қолайласты. Шығып баратырып та «жети өлшеп, бир кес, жора» деп бул исин мақулламайтуғынын және бир мәрте ескертип кетти.

Абат «бир шешимге келдим» дегени менен мәселениң еле қам екенин, Гүлайым сақлай алмаймыз деп төрт аяқлап турса, кейни келиспейтуғынын биледи. Уясы бузылған палапанларды басқа уяға көнликтириўдиң азап болатуғынлығын да түсинеди. Бирақ, «балалығымда маған да бир қәўендер табылғанда…» деген ойлар үстин келе берди. Биреў-екеў емес, төрт бирдей нәрестениң жетимлигин билдирмей, әкелик ете алсам…

Тунжыраў, үнсизлик... енди Гүлайымға көшкен еди. Ҳәкисине ол түни менен де, ертеңине де бул туўралы

қайтып аўыз ашпады. Абат та «бәрин еситти ғой, өзи бир нәрсе дер» деген ойда. Бүгин сол районның ҳәкимлигине барып хабарласаман деғени менен мәселе еле үйде писпегенликтен және бир күн өтти. Кешки дастурхан басында Абат шыдамады:

– Еки күннен берли аўзыңа үңилдирип қойыпсаң, бир нәрсе десең-о. Сенсиз бул мәселе шешилмейтуғынын билесең. Гәпимди мақуллайтуғын болсаң, ертең балаларды көрип, хабарласып қайтыўға кетежақпан.

– Мәселе шешилди деген жоқпа едиң?.. Қанша қыйыншылықлар менен усы күнлерге жетистик. Енди халық қатары күн кеширемиз дегенде және тәшўиш арттыражақсаң.

– Қәйдем, кейнин келистире алсақ. «Өзиң дийўанасаң, кимге пир боласаң» дегендей болмасын. Асып-тасып баратырған дүньяң ямаса аўыстырып қойған пулың болмаса. Мен ғой бәрине қайыл боларман, саған балаларды услатып жибере бермейтуғын шығар, жағдайларыңды сорайтуғынлар табылар.

– Сениң келисимиңди сорайды, қалған жағын маған қоя бер.

...Абат азанда жөнеп кетти. Гүлайымның иши улы-дүпилди. Ендиги өмири тыныш өтпейтуғынын айтпағанда, емиренгенге жибисетуғын балалар болса не жақсы. Төртеўи бир төбе болып, бир бүйирлей берсе...

Келиншек кешке шекем усы ойлар менен жүрди. Абат та, Гүлайым да сол балалар деп өзлери жасап атырған мәканы, зорға питкерип кирген имараты менен хош аллияр айтысып, есигин қулыплап бул елден шығып кететуғынын қыялына да келтирмеген еди.

Туўры ҳәкимиятқа барып жолығаман деп келген Абат бирден ойланды. Дәслеп балаларды, олардың жағдайын бир көргиси келди. «Қандай балалар, наўқасы жоқ па, уўысымызға енер ме екен?» деген ой менен олардың үйин сорастырып таўып алды. Үйге барар соқпақларда орпаң

көтерилген. Бүгин түскен таза из көринбейди. Үйдиң капталындағы қыйтақларға нешше жыллардан бери адам қолы тиймегенликтен, ақбас, қамыслар өсип кеткен. Дийўалларын изей жеген имараттың қоренишлиги, сынған айналардың орнына қағылған картонлар, шала жабылып турған сыртқы есиклери балалардың жүдә жақын жанашыры жоқлығын көрсетип турғандай.

Абат есикти қағыўға батына алмай, изине айланды. Жақын жерде қоңсылары жоқпа екен, деп әтирапқа қарағаны сол, күни менен оны бақлап турғандай «Кимди излеп жүрсиз?» деген даўысқа жалт қарады.

– Есбергенниң үйи усы ма?

– Олар жоқ ғой...

– Билемен, балаларды көрейин деп келип едим.

– Ағайинисизбе?

– Яқ.

– Таныссызба?

Қоңсы киси буны тергеўге алғандай сораў үстине сораў дөндирди.

– Қәўендер излеп атыр деп еситип едим.

Алдында турған адамның көзлериндеги гүдикти сезген Абат бир түрли болып кетти. Бирге кирейик, деген менен жүриң деп буның алдына түсип кете беретуғын адамға усамайды.

– Балаларға қоңсылар көзқулақ болып тур. Түрли-түрли адам бар. Ондай ойыңыз болса, жыйын ақсақалына хабарласқаныңыз мақул. Беретуғын жәрдемиңизди бирге-ликте тапсыра қоясыз.

Ол Абаттың мақсетин түсинген жоқ. Ақсақалды қаяқтан табыўға болатуғынын айтып, оның қайтыўын күтип турды.

...Ақсақал болса, негедур оның айтқанларын кем-салыйқалаў тыңлады.

– Балаларды бирге барып көриўимиз мүмкин, – деди ол екиленип турғанын билдиргиси келмей. – Бирақ...

Ол гәпиниң изин айтпастан жигиттиң алдына түсти.

Бул үйдеги ҳалат ҳеш бир үйге усамайтуғыны есиктен кирместен-ақ сезиледи. Балалардың бәри еле кишкене болғаны менен «жыңқ» еткен сес еситилмейди. Олардың еркеликлери ата-анасы менен қосыла кеткендей. Екеўи сәлем берип ишкериледи. Үрпейисип турган нәрестелер ақсақалдың, соң Абаттың колынан алып сәлемлести. Еки-үш жаслар шамасындағы кишкенеси болса, буларға қарап турды да «аға-а» деп жуўырып келип Абаттың аяғын қушақлады. Оны көтермекши болғанда да жаздырғысы келмей, кишкене қоллары менен жабысар еди.

Нәрестени баўырына басыўы менен олар торғе өтти. Балалардың жағдайларын сорастырды. Көзлери мөлдиресип «аўа, яқ»тан басқаны айтпай турған оларды енди таслап кете алмаслығына Абаттың анық көзи жеткен еди.

– Ерлик иске бел байлапсыз, иним, – деди ҳәкимниң орынбасарына барып жолығып, не мақсет пенен келгенлигин айтқанда. – Бирақ бул нәрестелерди сизге, районымыздан алысқа берип жибере алмаймыз. Себеби, балаларды ким сақлап алса да жағдайынан турақлы хабардар болып турмасақ болмайды. Екиншиден, балаларды биреў-екеўден бөлип алып сақлаймыз дегенлер өзимиздиң районымыздан да табылып атыр. Хабарың болса, сол балалардың үлкени тоғыз жасар қыз. Ол «анам өлеринде үкелериңди ҳәр ким бөлисип алып кетпесин, өзиң менен болсын деди. Бизлер ҳеш жаққа бармаймыз, үйден кетпеймиз» деп диңкемизди қуртып тур. Бәрин қосып балалар үйине тапсырыўдан басқа илажымыз жоқ.

Бул жуўап Абаттың барлық режелерин пушқа шығарды. Лекин, үйге келгеннен соң да «аға»лап аяғына асылып жаздырмай атырған нәрестениң қуўанышлары еслемейин деген менен көз алдынан кетер емес. «Көшип барсам ба екен?» деген ой қыялынан жылт етип өткенде орнынан ериксиз турып кетти. «Жоқ, мүмкин емес, – деди ол

өзине өзи. – Өнип-өсип отырған мәканым. Арттырған тамыр-таныс, ағайинлесип кеткенлеримниң бәри усы жерде болса. Зорға көтерген имаратымды, бой созып киятырған баў-бақшаларымды таслап, қалай суўырылып шығып кетемен. Гүлайым да буған ҳасла көнбейтуғыны турған гәп…».

Күнлер жуўабы да, шешими де жоқ ойлар менен өте берди. Абат азанда жумысына шығып кетип, кеште келип қанша алаң болайын деген менен сол бир муңлы көзлерди, изинен жылап қалған кишкене ғана нәрестени қыятуғын күш өзинде жоқ екенлигине анық көзи жетти. Ақыры барлық ойларын Гүлайымның алдына жайып салды.

– Жетимди жетим түсинбесе, басқа ким түсинеди? Сол аўҳалларды көрип қайтқалы бери менде тыныш уйқы жоқ… Көшип барайық. Балалар үлкейсе елге қайтамыз. Ядыңда ма, мен аўған урысына кеткенимде ҳәмледар едиң. Майып болып қайтқанымда ямаса от ишинде қалғанымда не қылар едиң?

Гүлайым және қайыл болды. Бул шешимин жасы-үлкенлерге барып айтқанда, олар қыйыншылықлар болатуғынын ескерткен болды, соң мақулласты. Бирақ, «бунда басқа мәнис жоқпа екен?» дегендей көз қараслар оны қыйнап жиберди.

Абат ертеңине азан менен жумысынан руқсат сорады да жолға түсти. Басқа барлық қыйыншылықларды айтпағанда, қалыс нийетине әтирапындағыларды исендириў ушын өзине шыдам, сабыр-тақат тилер еди…

## АТЛАНБАҒАН ҚӘДЕМ

*(Новелла)*

Ҳәр ҳәптеде емлеўхана бойынша өткерилетуғын азанғы «бес минут»лықта бәрҳа бизлерге жақын отырып қалатуғын, жасы отыз бес-қырқлар шамасындағы сулыўшықтан келген жигиттиң маған тиғилип қарай

беретуғынын байқайтуғын болдым. Дусласып қалсақ тек ийек қағып сәлемлесип өтетуғын бул жигиттиң неге бунша қарай беретуғынына мәни бермеппен.

Айлар өте берди. «Бес минутлық» деген менен гейде саатлап созылатуғын, шыпакерлер менен ҳәмшийралардың «шаңы» тез-тез қағылып туратуғын бундай күнлери мен де оның бары-жоқлығын серлейтуғын болдым. Соңғы ўақытлары бөлимимизде көбирек көринетуғын ол ҳәр көргенде сәлемлесиў ушын қол узатып, «қалайсаң» деп күлимсиреп изимнен қарап қалар еди. Бул сырлы мыйық тартыўлардан ҳайран болып жүрдим. Усы ўақытқа шекем жеңил минезли ҳаялларды адам қатарына алмай жүрип, маған биреў көзиниң қыйығын салды екен деп қайырылыўы қыялыма да келген жоқ.

...«Қудайдан бийжуўап ис болмайды» деген сөзде жан бар ма билмеймен, усы ўақытқа шекем исенип жүрген күйеўим Бегдияр күни келип мени шалқамнан салды. Буның анығын дастурханымыздан дуз ишип отырған қурдасым күйеўиме сәл нәрсеге ерегисип отырып айтып салды. Мойнына алмай отырған күйеўиме ҳәзир сол ҳаялыңа «Бегдияр менен бир жерде отырмыз. Машинаң менен келсең, ала кел деди» деп барсам, ерип шығады. Туўры үйиңе әкелемен. Бирақ, соған шекем телефонға жоламайсаң» дегенде күйеўим истиң насырға шапқанын бир-ақ билип қалды.

Қурдасымның дослығы ма, басқа ма билмедим, бул сөзин қәлеген ўақытта дәлиллеп бере алатуғынын айтып, ҳайт қойды. Ол қарап кеткен жоқ, кеўлиме қараңғылық уялатып кетти.

Бизлердиң дәлиллесиўимиз узаққа созылды. Ақыр соңында Бегдияр айыбын мойынлап, күйеўи жоқ муғаллим келиншек пенен кеўиллесип жүргенин айтты. Соң мениң жылап-сықлағанларыма жибиспестен, бул нашарды биротала қойып кете алмайтуғынын ашық айтып, отырған жеринде терис қарап жатып алды.

Бул ўақыялардан соң күйеўимнен биротала кеўилим суўыды. Төсеклер бөлекленип, дастурхан басында үнсиз аўқатланатуғын болдық. Бегдияр да «билмеслик болды, жигитшилик-ийтшилик» деп кеўлим ушын болса да мәмилеге келмеди. Балалар бул келиспеўшилигимизден хабары болмаганлықтан, үйдеги жағдайлардан аң-таң екенлиғин айтпаса да сезер едим.

Шаңарақтың берекети қашайын десе демде екен. Буннан соң Бегдиярдың жумыстан кеш қайтыўы көбейип, ҳәтте усы ўақытқа шекем ислемеген қылўасын көрсетип, қонып қала беретуғын әдетти шығарды. «Енди жасыратуғын неси қалды?» дегендей, ертеңине үйге маңқыйып келе беретуғыны ғәзебимди қоздырар еди.

Өзи бир нәрсеге бир нәрсе себеп болайын десе демде-ақ екен. Не ислеримди, кимге айтып жарыларымды билмей жүрген күнлеримниң биринде түнги гезекте туратуғын Турсын апа деген шыпакердиң баласын машина қағып кетип, жумысқа келе алмайтуғын болды ҳәм орнына шыпакер излеп қалды. Бөлим баслығымыз мени шақырып алып «Апай жумысқа келемен дегенше түнги гезекте турып бер. Балаларың кишкене ўақытларда жағдайыңа қарадық, енди яқ демессең…» деп бир жағын өзиме салды. Бурын Бегдиярдың «Қойса, сол түнги гезек дегенди. Турмасаң болмайды десе, жумыстан шығып үйде-ақ отыр» дегенине бола мойныма алмай жүр едим. Бул рет күйеўиме ойласқан да жоқпан. Ол жумыста ўақтында балаларыма «дежурствоға қойды, бүгин кеште жумыста боламан» дедим де аўқатларын писирип болып кетип қалдым.

Бир-еки ҳәпте емес, Турсын апа тап бир айға шекем баласына қарап жумысқа келмеди. Мен гезекшиликке үйренип кеттим. Бегдияр да ҳеш нәрсе елестирмегендей, бул не қылғаның демеди.

Гезекшиликте турған түнлердиң биринде барлық наўқаслар жатып қалған соң шыпакерлер бөлмесине келип енди қыйсаяйын деп атырсам, үстинде халаты, баяғы

шыпакер жигит келип тур. Ийманым тас төбеме шығып, еле не айтатуғынын билмей атырып-ақ есикке умтылдым. Биреў қуўып киятырғандай ҳаплығып, дәлиздиң ортасына шекем барып изиме қарасам, ол да есиктен шығып күлимсиреўи менен қарап тур екен. Шақырған да, жумысын айтқан да жоқ. Дым үндеместен изине қайтып кетти. Бирақ, енди бизден уйқы қашты. Қағазларын тинткилеп, жазыў жазып отырган ҳәмшийра қызды шыпакерлер ханасына шақырып шай ишип, сөйлесип отырдық.

Мениң ишки дүньям карама-қарсылықларға толып атыр еди. Бир ойым исенген азаматым тартынбастан аяқ асты еткенде, мен не ушын оған садық қалыўым керек десе, бир ойым өзиме ҳай берип, қудайдан қорқып, намысымды сақлап, балаларымның тилегин тилеп жүре берейин, мени қорласа Бегдиярды қудай қорлағай деймен. Бирақ шын кеўлим менен айтқан бул тилеклерим өзиме де ғаргыс болып тийетуғынын ойламаппан.

Балаларымның жағдайын айтып түнги гезекшиликтен қутылдым. Қашан көрсең ебин таўып, мени айланшықлап жүретуғын жиғитке қырғый қабақ танытып, безиктириўге тырыстым. Бегдиярдың кеш ҳәм ишип келетуғыны жығырданымды қайнатқаны менен үйде шаўқым көтермедим, аўлақ ўақытларда да «я мен, я ол дейсең» деп кескирт шешим талап етпедим. Үйимизден тек ер адам кирип-шығып жүргени болмаса, оган балалардың тәшўиишин де, үйдиң аўырманлығын да айтпас едим. Оннан биротала кеўлим суўып кеткенликтен, усы барысымыз нелерге алып келеди деген қыяллардан өзим де қыйланып жүрдим.

Күнлер бир қыйлы өте берди. Геўгим ара «Бегдияр жумысында аўырып қалды» деген хабар келди. Көзинди ашып көрген адамыңды қыймайды екенсең, телефон трубкасын орнына қалай қойғанымды билмеймен. Тез кийине басладым, ойым қай жерде болса да қасына жетип барыў еди.

Мен такси менен оның жумыс орнына жетип барамаң дегенше қараңғы түсти. Жақынлағанымыз да сол «Тез жәрдем» машинасы қапталымыздан өтип кетти. «Мынаның изинен айда» дедим таксистке, сирә дә Бегдиярды әкетип баратыр деген ой менен. Ҳақыйқатында да қыстаўлы тез жәрдем орайына барып тоқтаған машинадан ес-түссиз жатырған Бегдиярды носилкада түсирип атыр еди.

Ишке киргиземен дегенше қапталласып жуўырып «Бегдияр, саган не болды?» деп қолынан услап, бетине үңилгеним менен онда сес жоқ еди. Оны қайта жанландырыў бөлимине жатқарып, дәслепки жәрдем көрсетилгенге шекем мени жанына жолатқан жоқ. Әжел менен айқасып атырған шыпакерлерди мениң де шыпакер екеним қызықтырмады.

Түнниң бир ўағында күйеўимди көриўге руқсат алдым. Танаўы тартылып, аўзының, көзиниң дөгереклери қаралтым түске енген оның еле өз ҳалы өзи менен. Қолларын, аяқларын услап көрсем, ушлары муздай. Ондағы тириликтиң белгиси тек дем алып атыр. Күшим тек еки көзиме жетти.

Жылаўым менен сыртқа шықтым. Түнги үш ярым екен. Шыпакерлер және бир наўқасты қабыллап атыр. Олардың столына барып Бегдиярдың наўқаслық дәптершесин таўып алып оқый басладым. «Инсульт, оң қол, оң аяғында ҳәрекет сезилмейди…» Аржағын оқый алмадым, дәптерше қолымнан түсип кетти. Және палатаға кирдим. Мүмкин шыпакерлер алжасқан болар, аяқ-қолларында жан бар шығар. Қолларын, аяқларын қысып көрип атырман. Ыңырсыған-дай болды. Жалт қарасам, көзи сәл ғана ашылған. Бас ушына жуўырып барып «Бегдияр қалайсаң?» дегенимди еситпегендей, нурсыз көзлери маған тигилди. Бир нәрсе айтқысы келген шығар деп және жақынлаңқырадым. «Зыяда…» деди ол тили зорға гүрмелип.

Қалша қатып қалдым. Жаны килерли-шығарлы болып жатырған күйеўимниң усы ҳалында да көзине Зыяда бо-

лып көрингениме ызам келгени соншелли, «неге бетер болмайсаң» деген сөзди айтып жибериўден сэл қалдым.

Бегдияр қулағаннан кейинги биринши ҳэм соңғы сөзи усы болды. Өлимнен уят күшли екен, емлеўханадан шығарғанша жанында болдым. Шыпакерлер ҳаялын ҳаял, баласын бала көрмей, шағлап жүрген жигитти тилден қалған, төсектен өзи өңменин көтере алмайтуғын ҳалында «дем алсын» деген бэне менен үйге алып кетиўге руқсат берди.

Ол тилсиз болғаны менен бэрин түсинер еди. Оның жалынышлы нэзери мени тэўбеге келтирди. Барлық аўырманлықларға шыдам бериўге бел байладым.

Гейде үйде екеўганамыз қалғанда ҳэр ким өз ойы менен бэнт болып отыратуғынымыз бар. Бир ноқатқа тигилип қалатуғын оның ойларынан нелер кешип атыр, билмеймен. Усындай гезлери есик бирден ашылса, жалт қарайды. Лекин, ол сағынып, бир көриўге зар болып атырған адамы қарасын да көрсетпеди. Бегдияр енди тек өзимдики еди…

## «УРЫНЫ ҚАРАҚШЫ БАСТЫ»

*(Гүрриң)*

Ол өз үйиниң маңлай алдында, басына қамыс плита бастырылған кишкене ғана шертектиң астындағы темир кэтте жатыр. Мызғып атырғанға усағаны менен қыбыр еткенди сезип, ара-арасында узағырақтан иркилмей өтип кететуғын аяқ даўысларын еситкенде көзин ашқысы келгени менен оған қайырылып қарайтуғын адам жоқ. Гейде-гейде даўыслары еситилетуғын ақлықларын шақырғысы, суў бериң деп ымлағысы келеди… Қысып баратырған шөл еринлерин қуўратып, аңқасын кеўдиреди. Тап қастын тиккендей, күн шыжғырып қызған сайын дэслеп аяқ ушына түсип турған қуяш нурлары кем-кемнен тула беденине өрлеп баратырғандай. Диңкеси сэл бар ўақтында басқа шығып отырған улының мурнына самал енип қалған балларына кэтин сая түскен таманға

өзгертип алатуғын күнлери патшалық екен. Бүгин ушлары исе баслаған аяқларын тесип баратырған ашшы қуяш өзи шықпай атырған жанын егеўлеп атыр.

Генже улынан сирә үмит жоқ, таңда шығып кетип, қара геўгимде мәс ҳалында келиўди пешесине айландырғаны қашшын. Ол анасының мына ҳалда жатырғанын кәрине де келтирмейди... Кемпир биринши мәрте Аллатааладан өзине аңсат өлим тиледи. Тап усы мәўритте, ул-қызлары менен ырзаласпастан, артына қарамастан кете бериўине қайыл.

Ол уйқылап кеткенин сезген жоқ. Қанша жатқанын, оңы яки түси екенин билмейди, «ойды-орып, қырды-қырып» жүрген гезлеринде көп жыллар бойы базарда картошка-пияз алып сатып, қатар саўда еткен Сәнем саўдагердиң даўысын еситкендей болды.

– Баяғыда бул кемпир «Үйимде алты шаян-кесирткелерим бар. Олардың баллары да өзлеринен аўмаған, жақсы тамаққа базардан тойып бараман» дер еди. Ҳаў, Тоқташ апа, улым-қызым деп сөйле, еле картаярың бар десек те баяғысы-баяғы, – деп сайрар еди Сәнем қасындағы кимгедур. – Периште аўмийин деген екен, алты ул-қыздың не кереги бар, өлим төсегинде жатқанда ернине суў жаққандай, мынадай болып аўзына кирип-шығып атырған шыбынын қорығандай биреўи болмаса? Анам өлсе, «атамның аяқ ушына» деп қойып па екен? Шақыр бир баласын, сөйлесип кетейик. Ең болмаса, қудайын ойлаған қоңсылары жоқпа екен? Дуқтырлар келип турама сирә?..

Сәнемниң аўзы тынар емес. Жыңқ еткен даўыс жақпай, жаны менен ғай болып атырған Тоқташ кемпирге енди кимниң не айтып атырғанының қызығы жоқ. Быламажыра болып жатқан оған ҳәзир қуяш өткенди де қойғандай, шөллегени де басылғандай. Тек ҳеш ким мазасын алмаса, қозғамаса...

Бул даўысларды еситип, кемпирдиң қоңсы отырған баласының келиншеги келди.

– Мен Тоқташ апаның ҳеш кими емеспен. Көшеден өтип баратырып сорасам, кемпирдиң жатаққа жатқаны қашшан деген соң көрип кетейин деп қайырылдым. Меники тек мусылманшылық. Қартайып, дизесинен дәрманы кеткенде қарамайтуғын болсаңыз, «индом»ға неге апарып тасламадыңыз? Ҳүкиўмет деген ақ жуўып,ақ тарап коймас па еди? Шақыр берман байыңды.

– Қолы тиймейди, – деди келиншек. Егинлерди дәрилеп атыр. Сол турысында келсин, туўысқанлары апамды уўлайын деп жүрсең деп басын бөлеге қалдырады. Емлеўханадан әкелгеннен кейин бир қоңсымыз ярым шай кесе таўық сорпа әкелип ишкизген екен, қәйнимиз мәс болып киятырып «сениң аўысқан-сүйискен жылтпаңның кереги жоқ, иши кетип атырған кемпирге не ишкизип баратырсаң?..» деп жазықсыз азап берипти. Булар бирибиринен де солай гүманланады. Усы кемпир жатқалы бери аўызбиршилигинен наўа қалмады…

– Ҳәммеси келинлерден. Сизлер не, қартаймайсыз ба? Бул үйдеги баласы қарамаса, кемпирди үйиңе неге әкетпейсең? Ҳәммесинен үлкени емессиз бе?

– Ҳә, әкеңниң…Сарыгүл, берман кел! Ким өзи төменлеп атырған адамның басында турып ўаз оқып, ҳәр кимди бир тергейтуғын? Неге тыңлап турсаң? Былшылдысы менен апамды қыйнап жиберди ғой. Кемпир усыннан бүгин төменлесин, көрсетемен…

Қоңсы үй тәрептен еситилген сөгислерден қуйқасы жуўлаған Сәнем саўдагер пәтинен бирден қайтып, жағасын услады. «Шаян-кесирткелериң буншелли уўлы болмаса, буншелли уўлы болмаса… Сени қудай аясын, Тоқташ апа» деп гүңкилдеўи менен изине айланды.

Сол күнниң ертеңине кемпирдиң жақын районлардың биринде жасайтуғын қызы келди. Мешит қәўимниң моллаласын шақыртып, анасының ийманын үйиртти. Бирақ, кешқурын өзиниң үйинде де ҳеш ким жоқ екенлигин сылтаўлап, еки дүньяның арасында, хабарласпастан жатырған

анасын өз ҳалына таслап, жақын отырған туўысқанларына «хабар алып турың» деди де жөнине кетти.

Адамның жаны тас болар екен, Тоқташ кемпир сол ҳалында жата берди. Қоңсылар оны бир түнде қызы машын әкелип алып кеткенин соң еситти...

Тым-тырыс, топарласыўы менен көшеден шығып баратырған кемпирдиң уллары анасынан айырылғаны ҳаққындағы хабарды ҳәзир ғана еситкен перзентлерге ҳеш уқсамас еди.

Анасын жерлеп қайтқан перзентлер сол күни кеште үлкен үйге жыйналды.

– «Тандырды қызғанда жап» деген. Ертең ҳәр ким мыррыўлап гәп таппастан бурын бир нәрсеге келисип алайық. Жай апамның атында. Мына Мурат әкемиздиң тирисинде алып берген бир қабат жайына да ийелик ете алмай қараканына сатып ишип, үйге қайтып келди. Ишип жүрип бул жайды да саўдаласып жибериўи ҳеш гәп емес. Сегиз жылдан бери өкшеси канамаған қатыны сирә дә хожалық болмайды. Шаңарақ болып кеткенде де жайда ҳақысы жоқ. Мәселе шешилгенше имараттың ҳүжжетлери менде турады, — деди туңғышы.

– Мени ҳеш ким, ҳәттеки ҳәммеңиз қосылсаңыз да далаға қуўа алмайсыз!

Шийшелеслери менен өлген анасының «аяғын жуўып» көзи көңгейлесип келген генже ул бирден пәтке минди.

– Ядыңызда болсын, ҳүжжет ҳеш кимге, ҳеш қашан, мен өлип кеткенше берилмейди!

...Гәп көбейип кетти. Дәлиллесиўлер жәнжелге айланды. Олар жайдың ҳүжжетлерин излеп таппақшы болып, анасының дәскелерин аўдар-теңкер етти. Шеннен шыққан туўысқанлар, қолларына ҳеш нәрсе илинбегенликтен, анасы шыққан үйге, әжапасына қоңыраў етти.

Трубканы жездеси көтерди.

– Мен Ақылбекпен ғой, Жумахан әжапамды шақыр, гәп бар еди.

– Жумахан ауырып атыр, маған айта бериң. Анаңызды жайғастырыўдан қыйын болмас, питкеремиз…

– Бизлер апамның жайының ҳүжжетлерин таба алмай атырмыз. Жумахан билмей ме екен деп қоңыраў етип атыр едик.

– Меннен басқа қайсысыңыз қараўсыз қалған анаңызды бағып-қақтыңыз, дуктыр апарып емлеттиңиз? Үйге әкелип қаратқан соң анаңыз тәуир болып өзине келген ўақытта мени алдына шақырып, ақ пәтиясын берди. «Күйеў балам менен қызым сонша балларымнан зыяда шықты. Жайымды сизлердиң үлкен улыңызға-ақлығыма қалдыраман» деп нотариусты, жыйын ақсақалын үйге шақырып, даў шықпастай етип, ҳүжжетлестирип кетти, – деди де аржақтан еситилип атырған сөгислерге итибар берместен, трубканы тарс етип жапты…

## КЕМПИР, ҚОЛЫМНАН ТАРТ!

*(Новелла)*

Аллабай ғаррыны бираз ўақыттан берли ҳеш нәрсе қызықтырмайды. Бурынлары бәҳәр басланған усындай күнлери баладай қуўанып, сырттан «Садаған кетейин, көк шөплер көринип киятыр…. Бүгин өпепек келипти… Eриктиң биринши гүлин көрдиң бе, кемпир…» деп ҳәўес пенен сөйленип киретуғын ғаррыға ҳәзир бәҳәр де, қыс та бирдей сыяқлы. Гейде дастурхан басында халық қатары сөзге қосылып, кеўли келсе телевизор көрип, үйден үнсиз кирип-шығып жүргени болмаса, қандай да бир қайғы кеўлиниң төрине уялап қалғандай. Кишкене ақлықларын алдына алып олардың қолларын қобыз етип: «Алып едим ал менен, алпыс еки туўар мал менен…» деп басланатуғын «ҳәцә-ңәй» лерин быйыл умытқан сыяқлы. Нәрестелер де бир нәрсени сезетуғындай, атасына қарай умтыла бермейди. Ғарры буны өзинше жорыйды. «Қартайып дәрманыңның кеткенин нәресте де биледи екен-аў, булар

да арылаўдан айланып ойнайтуғын болғаны ма?..» деген қыялға кетеди. Ойының бир жағында болса, пайтахта жасайтуғын ул-қызлары турады. Олардың жақында хабар алып кеткенин, жумысларынан босай бермейтуғынын билсе де, жолға қарағышлай береди. «Өзиң менен тиллесип, аўҳалыңды билип турайық» деп алып берип қойған қол телефоны сағынышын басатуғындай. Байрам күнлери жақынласыўдан ул-қызларына қоңыраў етип қутлықлайды. «Аға, уялдырдың-аў, байрамда өзлеримиз барамыз деп отыр едик» деген балаларына: «Ҳә, балам-ә, басқа не талабым бар» деп қояды.

Соңғы ўақытлары быйыл қатарларының жүдә сийрексигенин, әлпи алысып өткен-кеткенлерди еслеп туратуғын жора-жолдасларының да көзи тирилери үйлеринен шықпай қалғанлығын айтып налыйтуғынды шығарды.

Ол бүгин азан менен ой тапты. Үндеместен улының жумысқа кетиўин күтти. «Баратуғын жериң болса азанда мен үйде бар ўақытта айт, көлик пенен апарамыз» дей беретуғын баласын жумыстан қалдырғысы келмеди. Соң келинине «Ғайбулла ғаррыны көрип қайтаман» деди де шапанын желбегей жамылып әсте жолға түсти. «Жаңа Оңғар барда айтқаныңызда…» деген келининиң гәпин еситпегенге салған оның аўыл шетине шықпай атырып-ақ диңкеси қурыды. Жол шетине дизе бүккени сол, кемпири менен усы жолдан соңғы мәрте өткени ядына түсти. Оны еслегенге ме, буннан ярым жыл илгери о дүньялық болып кеткен Әлиймасы қапталында елеслеп кеткендей түйилди. Екеўи қос қумырыдай болып жасаған күнлериниң қәдири күн сайын билинип, кеўлиниң бир жағын ийелеп атырған бослық кем-кемнен кеңисликке айланып атырғандай. «Балалықтағы жетимлигимнен көрген азапларым аз ба еди, – деп ойлады ишинен. – Ҳалым кеткенде ыссылы-сууығымды айтпасам да түсинип, не жағып, не жақпайтуғынын қабағыма қарап аңлайтуғын кемпиримниң кеткени қыйын болып атырғанын кимге айта аламан? Айтқанда да «не кемисиң бар» демейме?

Ол суўық демин алды да түргелип жолын даўам еткени менен сол ойлардың дизбегинен қутыла алған жоқ.

– Тозып турмыз-аў, – деген еди Әлийма кемпир сонда. – Кемпири бурын кеткен ғаррыларға аңсат болмайтуғын шығар.

– Сонда не, өле қал демекшимисең?

– Келинимиздиң жағдайы мынаў. Бәрҳа айтып отырмасаң «көше» бермейди... Изин аңғармастан ашыўланып кететуғының бар-аў, ғарры, ал қойдық.

Кемпирин дизден қайтарыў пешесине айланып кеткен Аллабай ғарры сонда: «Сен бурын кеткенде де жәҳәнге зимистан орнап қалмас!» деп ойланбай айтқанлығын енди билип атыр. Ол гезлери жерди қайра-қайра басып, баратуғын жерине барып, айтатуғын гәпин қайтармайтуғын ўақытлары еди. Шаңарақта ата менен келин, перзентлер, ақлықлар арасындағы қатнаслардың жүйин билдирмей, «гилмаласын» басып отыратуғын кемпириниң қәдири өтип тур. Үйде ҳеш ким ғаррыға жөнсиз бир нәрсе демегени менен сәл нәрсе кеўлине келе беретуғынын, үндемей қалып бетине жалтақ ететуғынын арасында өзи де сезеди. Бундай ўақытларда ашыўын алатуғын, келинлерине, ақлықларына бақырып-шақырып ғаррысының ҳәўирин басатуғын кемпир қайда енди?

Баяғы айтқанына жүргиси келмей турғанлықтан ғарры жол шетиндеги терекке арқасын сүйеп дем алғысы келди. Ҳалымды көрейин, аяғымды жазайын деп бийкар үйден шығыппан. Айланыш болса да үлкен жолға шығыўым екен. Көлик, ең болмаса жолдас табылар еди... Бул жолларға ақырғы мәрте из салыўым емес пе екен?...

Соңғы ойы оны бираз сергеклендирди. Өткен өмири көз алдына келе баслады. Узақ жыллар атқарған ел хызмети, перзентлериниң камалы, бәри-бәри еки есик арасында ғана болып өткендей. Сексен жасы бир мәўритке жайғасқандай. Усы гезде ол негедур қайтпас қаралығы тутып ешейин нәрсениң үстинде жүз көрмес болып кеткен қарындасын, ол қанша кеширим сорап келсе де үйине

жолатпай қойғанын, кемпири зар әйлеп: «Туўысқан табылмайды. Жақсысын туўып беретуғын анаң да жоқ. Халықтан уял, бийкешти шақырайық» дегенде оған писентинде бар сөгис әўладының бәрин жаўдырғанын еследи. Екиленди. Өкинди...

Әтирап жым-жырт. Ғайбулла жорасының аўылы ҳәзир оған Мыср шелли узақ көринди. Изге қайтқанда да сол қурақым аралық. Ол енди гейде-гейде төмен түсип кете беретуғын қан басымы усы отырысында пәнт бермеўин, дүзде көз жумып қалып, перзентлери жаман атқа қалмаўын тиледи. Қойын қалтасынан қол телефонын шығарып улына қоңыраў етпекши болып турды да «азанда неге айтпадың?» деп азарланатуғынын билгеннен соң қайта кисесине салып қойды.

Ол усы ойлар менен отырып қалғып кетти. Және сол елеслер. Кемпири әтирапында гүйбеңлеп сөйленип жүр. «Тур ғарры, көп отырып қалдың, жолыңа түс» дейди қайырқомсып. Ғарры көзин ашты. Кемпириниң қайтыс болғаны есинде жоқ, сәл арылаўда жүргендей түйилди.

– Кемпир, қолымнан тарт! – деди түргелмекши болып.

Ҳеш ким үндей qоймады. Әтирапқа қарады. Әллемирде кемпириниң жоқ екени ядына түсип, жалғыз өзи сөйленип отырғанынан қорқайын деди. Дәрҳал еки қолы менен жер таянып түргелип, әсте Ғайбулланың үйине қарай жылысты...

## ЖАЛҒЫЗЛЫҚ ДӘРТЛЕРИ КӨП БОЛАР ЕКЕН...

*(Гүрриң)*

– Тазагүл апа сиз боласыз ба?

Есиктен кирип ийбениңкиреп турған қызға жалт қарадым.

– Аўа, мен.

– Сизге Гүлзәбира апа жиберип еди. Атым Гүлайым.

Гүлзәбираның ким екенлиги хә дегеннен ядыма түсе қоймады. Келген қыз оның аўырыңқырап атырғанлығын,

хабарларсаң деген өтиниши менен келгенин айтып шығып кетти.

Ол ким деў уят, «яқшы» деп қалдым.

Жумыс бабында танысқан апай екенлиги соң есиме түсти. Редакциямыз кәўендерсиз инсанларды бийпул газетаға жазып, миннетдаршылығын билдириўге келгенде бул ҳаял менен бираз ўақыт сөйлесип отырғанбыз. Кетеринде жыламсырап турып «Қудайым ҳеш бир бендесин жалғызлыққа дуўшакер етпегей» деп пәтиясын берди. Оның жүрегинде липилдеп турған өкиниши менен қайғысы көзинен де, сөзинен де билинип турар еди.

– Сени қызымдай көрип қалдым, – деди соң бир көргенимде. – Арнап бармақшы болып жүр едим... Басқаларға айта бермейтуғын бир гәпимди есит, соң өтинишимди орынласаң да орынламасаң да өзиң билерсең.

Ол әтирапқа бир қарап алды. Сәл үнсиз турды да:

– Елиў жастың аржағындағы бир дәстанға сыймастай ғам-ҳәсиретлеримди айтып басыңды қатырмайман. Соннан бержағындағы тәғдиримди өзгертпекши болған ҳәрекетлерим де шебине айланып тур. Нәрестеме обал болатуғын болды...

Ол және гәпиниң түйирин айтпай қалғандай сезиле берди.

– Туўысқанларым жоқ, – деди бираздан соң. – Қатнасып отырған бир-еки ағайинлеримниң де жаны ашыйтуғыны шамалы. Елиўге шекем пешанама жазылған ҳәсиретлерим менен жасап келген екенмен. Енди жалғызлық жанымды жегидей жеди. Кимге ойласаман, не азаплар менен туўыў үйинен нәресте сақлап алдым. Бар ықласым менен өсирдим. Ҳәзир бес жаста.

Қарап отырсам, өмиримниң усы нәрестеге бағышланған бес жылын-ақ бахытлы өткергендеймен. Енди болса...

Басланған әңгиме негедур және үзилди. Көзине қарасам, кирпигин қақса төгилип кетердей дөңгеленген жас.

– Өтинишим бар, деген единиз. Қолымды созсам барлық жерге жеткендей адам емеспен дә, епке келсе жәрдемим тийер.

– Балам есин билип киятыр, бақшаға барады. Пәленшениң әжағасы бар, төленшениң әжапасы бар, мениң изимнен тек сен барасаң деген ўақытларда сен есиме келдиң. Мениң ҳеш кимим жоқ деп нәрестеге қалай түсиндиремен. Сеннен өтинишим, қолың тийсе баламның бақшасына барып, «әжапаңман, сени көриўге келдим» десең. Бир барып кетсең, соң өзлеримиз-ақ сени көрип турар едик... Қыяметлик апа-сиңли болып қатнасайық.

Ол қалтасынан пул шығарып маған созды. Ойыншық апарарсаң.

– Алып қойың, әжапа деген ондай болмайды. Базарлықты өзим апараман.

Ол мениң келискениме қуўанғанынан жүзлери кулпырып сала берди. Баланың, бақшаның аты-жөни жазылған қағазды қолыма услатты.

Жумыстың баса-басы менен арадан үш-төрт күн өтип кетти. Гүлзәбира апа ҳәр күни кеште баласының «әжапам келди» деп қанатлап шығыўын күтип баратуғынын билемен. Бир күни жумысымның саўасын таптым да, бақшаны излеп кеттим. Медетти таўып алыўым қыйын болған жоқ. «Әжапаңман, үлкейипсең, мени таныдың ба?» деп баўырыма тартқаныма жибисе коймады. Апарған ойыншық, майда-шүйде базарлықларымды шығарғанда барып, көзлери күлимлеп алдыма келип отырды. Апасын, бақша апаларын сорап сөйлеткен болып атырман. Нәресте кем-кемнен ашылысар еди. «Енди үйге апаң менен қыдырып барып тур» дедим кетеримде. Ол басын ийзеди. Кеўлинде ҳеш қандай гүдик жоқ нәресте балаларға мақтанышлы қарап қояды.

Азанда жумысқа келсем, Гүлзәбира апа баласын бақшаға апарып болып, мени күтип тур екен.

– Кеше балам бақшаның сыртқы дәрўазасынан күтип алды. Әжапам келди деп жүреги жарылып ойыншықларын

барлық балаларға көрсете береди. Қудайым бахтың жатпағай. Пәтиямды берейин деп келдим. Әжапамыздың үйине барайық деп қоярда қоймай атыр.

Оның жүзлери жүдә солғын еди. Аўырып жүрген жоқсыз ба, деп сорайын деп турдым да, қуўанып келгеннен соң үндегим келмеди.

Тап усы көргеннен кейин апайдан дәрек болмай кетти. Ғалма-ғалшылық мен де излеп бара қоймадым. Аўырып атырман деп адам жибермегенде бүгин-ертең барыў ойда да жоқ еди.

Қәўендер көрип шақыртқан соң, шыдап отыра алмадым. Ертеңине-ақ жумыстан сәл ертелеў шықтым да хабар әкелген қыз айтқан мәнзил бойынша киши райондағы оның үйин таўып алдым. Есигин қаққаным менен адам шыға қоймады. Ийтерсем есик ашық. Басымды суқсам адамсыз үйдей тым-тырыс, суп-суўық. Ишки бөлмесинде Гүлзәбира апа жатыр екен. Көрип бир түрли болып кеттим. Бурын да азғын хаялдың биротала қуў сүйеги шығып қалыпты. Мени көрип үмитсиз көзлери күлимсирегендей болды.

– Саған барғанда-ақ аўырып диңкем қурып жүрип едим, – деди ол аманлық-есенлик сорасып болғанымыздан кейин ҳәлсиз ғана. – Бир көргеннен айтқым келмеди. Ендиги жағдайым өзиме белгили. Емлеўханада жатайын десем, балам ғәрип болады. Бир күн болса да оның қасында болайын деп, қудайдың қылғанына қайыл болып үйде жатырман. Медет бақшасына қоңсымыздың балалары менен барып-келип жүр. Бүгин үйде, далада жүрген шығар. Қорқама билмеймен, қасыма жолай бермейди. Есикти өзи илип, ашыўға бойы жетиңкиремейди, күндиз-түни ашық.

Ол усы сөйлегенине-ақ шаршап қалды. Шыпакерге алып барайық деп қанша үгитлегенимниң пайдасы болмады.

– Узақлаў болса да ағайинлериңиз болса шақыртар едик, – дедим ақырында. – Таўып жағдайыңызды айтсақ, мүмкин сәл аяқ ушына минип кеткениңизше қарасар.

Бул гәпим оған оншелли жақпағаны билинип турды.

– Немере иним бар. Бирақ өз туўысқанларына да суўықлаў. Келип қарасады екен деп оннан үмит етпеймен. Соның қарындасы бар. Ул балалары көп. Шаңарақ болған бир баласын көширип әкелсе, Медетти баўырына басып әменгерлик етсе балам меннен кейин де усы үйинен кирип-шығар еди…

Аўылының атын айтқаны менен телефонларын билиўге де қызықпаған апайдың әменгерлерин табыў аңсат болмады. Хожалық басшыларына телефон арқалы шығып, хабарды жеткеремиз деген ўәдесин алған болдық.

Ара-арасында келетуғын социал-тәмийнат бөлиминиң хызметкеринен басқа хешким бас сұқпайтуғын бул үйдеги жағдай дым қорқынышлы еди. Баласы ушын ең ақырғы демине шекем қасында боламан деп жатырған адамға баланды әкете берейин деў де қолайсыз. Медет күндиз ойнап жүргени менен түни бар. Болмас ислер болып, жүреги шоршынып жүрсе…

Усы ойлар менен қоңсысының үйине кирдим. Айна алдында жүзиклерин бир бармағынан алып, бир бармағына салып, өзиниң шырайына өзи мәс болып турған келиншек «кел» деўдиң орнына сораўлы нәзери менен қарады.

– Мына қоңсыңыздың таныслары едим. Аўырыңқырап атыр екен. Хабарыңыз бар ма, деп кирип едим.

– Хабарымыз болмай не? Баласы бизиң балалар менен ойнайды. Емлеўханада жат десек жатпады. Күндиз-түни оның бетине түсип отыратуғын қоңсыны қаяқтан табамыз? Кимге барып жаны шығайын деп атырған адамның қасында жат дейсең? Жалғызбаслы болса, усы ўақытқа шекем бир ағайини менен қатнаспаса, ислеген қылўаларына жуўап беретуғын ўақты келген шығар…

Оның соңғы сөзинен денем түршигип кетти. «Яқшы» дедим де бул үйден шыққанша асықтым.

– Сени кетип қалдыма деп атыр едим, – деди Гүлзәбира апа қайтып киргенимде. – Қаяқтан да таныстым деп

қыйланып жүреме деп айтайынба, айтпайынба деп жатыр едим. Ҳалым кетип атыр. Мешитке барып жағдайымды айтсаң, молла жиберсе…

Мен яқ демедим. Еле сауалып кетесең апа деп жүрип хошластым.

Мешитке ертеңине түслик пайытында барып, сондай-сондай жағдайлардың бар екенин айттым.

– Жаныңа сауап ис етип атыр екенсең, қызым, – деди кетиуге қолайласып атырған бир улама киси. – Ҳәзир сениң қасыңа адам ертемен, бийтаптың өтинишин бәржай келтиреди. Бизлерге мүтәжлик болса, мынау мешиттиң телефоны, қоңырау етерсиз. Ҳәзир бир шақырыққа шығып баратырман. Сизлерди жақынлатып кетемиз.

Мешиттен молла алып келгенимди көрген Гүлзәбира апаның қууанғанына қарап отырып тәбияттың нызамлықларына, молла ийманын үйириуге келип өмир менен хошласпақшы екенлигин биле тура науқаста қууаныш қалай туўылатуғынына ҳайран болдым.

– Маған мына қызды қудай жеткерди, – деди ол келген кисиге қарап. – Иймансыз кететуғын шығарман деп едим. Ал, баслай бериң…

– Душшы ет ауырмақ ушын. Елеберин жақсы болып кетесиз. Лекин, дурыс ислеп атырсыз. Ийманы үйирилген адамлардың бәри кете бермейди. Бул нәрсениң өзи жүрими барға ем, жүрими жоққа ийман болады екен.

Бул гәплер науқастың кеулин алыу ушын айтылып атырғанын ҳәммемиздиң ишимиз билер еди.

Молла кеткеннен соң да апайдың қасында бираз отырдым. Оның аяқларының ушлары исе баслағанын сездим.

Қайтпақшы болып турсам ол және гәп тапты.

– Көрип отырсаң, шақыртқан менен немере иниmнен хабар-атар жоқ. Көп жыллардан берли көриспеген бир ағайин сиңлим бар. Соны тапсаң. Бала-шағасы көп. Үйленген бир баласын мен бар уақытта мына жайдың ордерине киргизиуге жәрдем етсең. Балама қәуендерлик етсе, Медет үйден кирип-шықса.

Мен апайдың кеўли ушын және яқшы дегенимди билмей қалдым. Шамаласып тур, мен сиңлисин қашан таўып, қашан ол ордерге киргизиледи. Усы ойлар жетегинде үйге келдим.

Ертеңине барсам, қудай айдап келди ме, хабар жиберген иниси де кешеден бери айтып атырған сиңлиси де келип отыр екен. Гүлзәбира апаның болса, олар менен жай-жағдайларын айтып сөйлескендей шамасы жоқ.

– Қоңсыларының айтып отырғаны сен екенсең ғой. Бираз ўақыттан берли апаңның үйин бир нашар айланшықлап жүр деп еди…

Оның ҳарам ойын сезип бир түрли болып кеттим.

– Билсеңиз, сизлерге хабар жиберип отырған да мен. Танымайтуғын адамларды айланшықлатып қойғанша, ғәрибиңизден өзлериңиз хабардар болып турғанда апаңыз усы дәрежеде жатпас еди.

– Мен ғәриппен деп жүрип пе еди?...

Олар менен салғыласып отырыўды артықмаш көрдим де, мақсетке көшип Гүлзәбира апаның аманатын жеткергенше асықтым. Апаңыз сиңлисиниң үйленген бир баласын жайының ордерине киргизип, нәрестесине қәўендер болыўды тапсырмақшы.

– Берекет тап, қарағым. Қараса алмағанымыз рас. Бизлер аўылдың адамы, қаяққа барамыз, кимге хабарласамыз, билмеймиз. Жөн-жосақты билесең ғой…

Бул гәплерди үнсиз тыңлап отырған иниси бирден басын көтерди.

– Балаға қарайтуғын адам бизден де табылады. Үйленген балам бар, соны әкелемиз. Мына қоңсысының қолынан келеди екен, ордерге киргизиў мәселесине жәрдем керек емес.

Апайдың сиңлиси орамалының ушын тислеп үнсиз қалды. Мен гәп қоспадым. Апай болса, сирә. Сеники былай деўге енди шамасы жоқ еди. Оның қоңсысы үлкен бир мәкемеде ислейтуғынын, мына иниси аўылдан келип

дәрҳал соған хабарласып мәселени шешип отырғанлығын, меннен гуманланғанының мәнисин енди аңғаргандайман.

Еки күннен кейин шыдамай және бардым. Сиңлисиниң бир өзи екен.

– Көп иркилген жоқ, мына қоңсысының машынына минип ҳайт қойды. Соннан бери дерек жоқ, – деди инисин сорамасам да. – Азанда бир келер, жағдайын көрип кетти ғой деп едим. Мениң де сонша балаларым жолга қарап отыр, пахтаның отағы бир жағынан. Иним келсе қайта қояр едим, илажсыз отырман.

Бул үйден шыға қашқысы келип отырган ҳаялға ҳеш нәрсе демедим.

– Улмыш, бармысаң?

Есиктен сөйлене кирген кешеги кисиге екеўимиз де жалт қарадық.

– Барман ғой. Сени күтип отырман. Хабар-атарсыз кеткениң не?

– Маған тынышлық қайда, азанда аўылдан таң ата шықтым. Мына инишек бүгин кел деген күни еди. Кешеги мәселени питкердик.

– Нотариус келмеди ғой, – дедим қандай жоллар менен питкергенин билсем де. – Апайды көрмей ме, гүўалар керек емес пе?

– Пай, қарағым-әй. Даўсыз болса, болды-дә.

– Ордерге киргизген балаңыз бенен келиниңизди алып келмедиңиз бе?

– Дым қызық екенсиз. Усы күнлери аўылда қолы бос адам бар ма? Пахта, үйдиң егинлери, түйе таўықлардың шөжесине де бир адам керек. Көрермиз, аўылға алып кетемизбе еле…

Өлим төсегинде тилсиз жатқан апасын азанғы пәтте бир көрип кетпей, жумысын тындырып жүрген адамға не дерсең.

Ол айланып келетуғынын айтып бизлерге қосыла шықты.

Гүлзәбира апаның үйине араға еки-үш күн салып бардым. Есиги қулыплы екен. Қоңсысы сол иниси аўылына алып кеткенин айтты.

…Оның қайтыс болғанын бир айлағаннан кейин еситтим. Районға жолым түсип, ол шыққан үйге пәтия етиў ушын бардым. Үйинде он жаслар шамасындағы қыз, майда балалар ғана бар екен. Медет мени танып жуўырып шыққаны менен соң үрпейисип турған басқа балаларға бир қарады да, олардың қатарына қайтты…

## ШҮКИРЛИКТЕ ҲИКМЕТ КӨП…

*(Гүрриң)*

Әдетте ала ғеўгимнен турып, таң шапағына қосыла жумысқа атланатуғын Әўезин бәрпазлап, күлимсиреп шығарып салатуғын Палзада бүгин кешлеў оянды. Шайын өзи демлеп ишип кетейин деп атырған күйеўине «ҳаў, оятсаң болады ғой» деп жүрип, сыртқа шығыўына жәрдемлести.

Бири-бириниң кеўлин бағып, қос қумырыдай татыў турмыс кеширип атырған бул жас ерли-зайыптың басқаларға усай бермейтуғын тәреплери көп. Шаңарақта болып туратуғын жетпесинликлер, денсаўлық машқалалары олардың мүнәсибетлерин және де кепсерлеп, бири-бирисиз турмыс кешириўди көз алдыларына келтире алмайтуғынын айтпаса да түсиниседи.

Олардың қәлбиниң төриндеги бир әрманы – бес-алты жылдан берги бийперзентлиги. Бул жөнинде ҳеш қайсысы илла деп аўзын ашпағаны менен дүньяда ҳеш бир жерден таптырмайтуғын нәресте ийисин қандай аўҳалда болыўына қарамастан, қайсы ерли-зайып күсемейди дейсиз. Лекин, Аллатаала тәрепинен буларға инам етилген сарқылмас сабыр-тақаат шүкирлик етиўден ары өткермейди. Палзаданың дуўпиязлығы, әззилигин сездирмеўге тырысыўы, гөззаллыққа умтылыўы, ҳеш на-

лымайтуғынлығы әтирапындағылардың да ҳүрметин оятады.

Олар жасайтуғын көп қабатлы үй қаланың орайлық көшесинде жайласқанлықтан, Палзада күйеўин жумысқа шығарып салған соң айнадан өткен-кеткенлерди бақлайды. Ҳәр күни сәскеде майыплық арбашасында алып өтетуғын жигитти көргенде ишинен Әўези менен салыстырады. Бул жигиттиң базарда отыратуғынын, өткен-кеткенлерге қолын жайып, оны аяғанлықтан берип кеткен садақаларды өзине «қәўендерлик» етип жүрғенлер менен мәсликке жумсап, кеште бир ҳалда қайтатуғынын көрип жүр. «Әўездиң аўҳалы оннан артық емес, – деп ойлайды Палзада. – Айырмашылығы еки жарты бир пүтин болып, оның майыплық арбашасын жолға салып жиберсе, өзи айдап кетеди. Компьютер оңлайтуғын устаханасына ўақтында халық қатары жетиўи ушын таң ата ҳәрекетке кириседи. Шаңарағындағы пайыз, ата-анасынан, туўысқанларынан көре алмаған меҳир кеште оны үйине жеткенше асықтырады. Келетуғын ўақтын минутына шекем билетуғын Палзада болса, сырттан күтип алады.

Бир аяқ, бир қолы семип қалған, сөзин де сәл қыйланыңқырап түсиндиретуғын, қолтығындағы балдағы менен-ақ тынымсыз ҳәрекетте болып, азадалықта алдына адам салмайтуғын мийнеткеш келиншеги таранып шыққанда Әўездиң кеўили жайына түседи. Илгери жыллары үйде адам жоқта Палзада сәл нәрсеге сүрнигип, екинши аяғын да сындырып алғалы кеште жумысынан қәўетерленип келетуғынын оған сездирғиси келмейди.

Олардың тәғдири балалығынан уқсас. Екеўиниң де ата-аналары жаслайында қайтыс болған. Екеўи де аға-жеңгелериниң қолында тәрбияланып, жетимликтиң зардабын шеккен. Шыпакерлердиң айтыўына қарағанда дәслептен өтлестирмей емлеткенде, балдаққа, майыплық арбашаға күни қарап қалмайтуғын итималы болған. Әсиресе ата-анасынан еки жасында қалған Палзаданы тәрбиялаған әжағасы қайтыс болғаннан соң «майып

бийкешим бир өмир маңлайыма таңылды» деп ойлаған жеңгесиниң ҳәрекетлериниң ушлығын ҳәзир түсинде көрсе, уйқысы шайдай ашылады. Ҳеш кимди тақ жаратпайды деген сөз ҳақ екен, буның да теңи табылды. Жетим қыздың бахтын берип, мийримли, азаматлығы басым жигитке узатылды.

– Ҳешқашан палкерге бармайтуғын едим, бүгин пал аштырдым, – деди Әўез бир күни.

Бурын турмысынан налып көрмеген күйеўиниң неге пал аштырғысы келгенин дәрҳал түсинген Палзаданың иши ғым етип, үнсиз тыңлады.

– Саған тәғдирдиң саўғасы бар, ўақтында қақшып қала алсаң, бахтың жүрисип кетеди деди. Үйде қаласаң ғой, бийғам отырма, саўға екеўимизге тийисли.

Әўез гәпиниң изин ҳәзилге бурды.

– Саўға тәғдирден болса, қақшып алғаным болсын, – деди келиншек күйеўиниң кеўлин алып.

Бул гәплер сол жерде қалғаны менен Палзаданың тынышы бузылды. Ол Әўездиң кеўлине ғулғула түсиўден қәўетерде. Ақ көкирек, туўры сөзли, мийнеткеш, тек аяқтан майыплығы болмаса, шырайының мини жоқ күйеўиниң кеўили суўыса, өзи ушын бул дүньяда қызық қалмайтуғынын жақсы түсингенликтен, усы ойлар менен жатып, усы ойлар менен турып жүр.

Бүгин оны ашық турған айнасының алдына қонған қумырылардың бирде шүйиркелесип, бирде «гүбирлениўлери» оятты. Шырт уйқыдағы күйеўине бираз ойшаң нәзери менен тигилип турды да, әдеттегише Аллатааланың қайғысыз берип қойған демлерине, көрсетип қойған күнлерине шүкирлик етип, орнынан турды. Газге шәйнегин қойып, ғарбыз пәллелерин таслап қайтыў ушын сыртқа бетледи.

Әтирап жым-жырт. Тимискиленип жүрген еки-үш қаңғымай ийт-пышықлардан басқа жан қыбырламайды. Таң азаннан шығындыларды өртеў ушын шағылған шырпы өз хызметин атқарып атыр. От бирде пысқып,

бирде жалын көрсетип эсте өрлемекте. Қолындағы пэлле салынған қалташаны арнаўлы ыдысқа салып изине қайтып баратырған Палзадаға ҳэлсиз ғана ингалаған нэресте даўысы еситилгендей болды. Дэрҳал изине айланып, тоқтап тыңлады. Тым-тырыслық. Пышық шығар деген ой менен жолын даўам етти. Жэне сол ҳэлсиз даўыс. Ол балдағын аннан-саннан бир басып, изине қарап жуўырды. Шығындыларды нэзери менен титкилеп турып, шети күйеленип баратырған картон қутыға көзи түсти. Сэл өтпей тап сол қутыдан нэрестениң дэслеп ыңырсыған, соң олпең даўыс пенен жылаған даўысын анық еситти.

Келиншектиң жүреги қанасынан шығып кетердей туўлады. Жэн-жаққа қарап бақырып көрди, ҳеш ким еситпейди. Соң өзин шығындыларға урғысы келип турды да, Эўезди шақырмақшы болды. Ол бурын үйин соншелли узақ деп ойламайды екен. Алдына басқан аяғы артқа кетип, Эўез-Эўез деп қышқырыўы менен подъездге жақынлады. Албырап жүрген келиншегин айнадан көрип, арбашасын ийтермелеп түсире алмай атырған күйеўине қарап «Бала жанып атыр» деўи менен жерге сылқа отырды. Нениң-не екенине түсине алмаған Эўез не бэле болса шығынды бетте екенин аңлап жолға түсти. Жолы өнер емес. Олар усы мэўритлерде өзлериниң майыплығына жүдэ өкинди. Орнынан турып ҳалы келгенинше жуўырып жеткен Палзада мүйеши алыса баслаған картон қутыны көрсеткенде, ойланып турмастан арбашаны отқа бурды.

«Меҳрибан ана» болмыш баўыр етинен жаралған нэрестесин ийт-пышықлар жеп кетер деместен, шығындылар арасына таслағанда астына пахта салыўға, бир тартым орамалға ораўға ақылы алысыпты. Орамал баланың аяқ-қолының ербеңлеўи менен элле қашан жаздырылып, жалаңашланып қалған. Туншыққан ба, тым-тырыс. Эўез кийип жүрген көйлегин шешти де еле киндигиниң қаны кеўип те үлгермеген ул баланы орап, түтин ҳэм нэресте ийисин қумарлана симирди… Ал, аяқ-қоллары қыбырлап,

мәммесин излегендей аўзын жән-жағына аша баслағанда келиншеги ул тапқандай қуўанды.

Адамлар демде жыйналып қалды. Милиция хызметкери ўақыяны ҳүжжетлестирип, нәрестени туўыў үйине алып кетиўи кереклигин айтқаны менен Әўез бенен Палзада оны ҳеш кимге услатқысы келмей, қай жерге апаратуғын болса, бирге баратуғынын айтып турып алды. Олар тәғдирдиң саўғасын жаздырмаўға беккем бел байлаған еди…

## ҮЙДИҢ ДӘЎЛЕТИ

*(Гүрриң)*

– Аға, ендиги тойда атларымызды ким шабады?

Бекбай төртинши класс қызының сораўын еситпегендей, үндемеди. Өйткени, өткен тойдың ат шабыспасынан кейин ҳаялының «қаршадай қыз майырылмаса болар еди» деген гүңкилдиси оны ойландыра баслады. Кишкенелигинен ат миниўге үйреткен Ҳүрзиясы былтырдан бери тойларда бирде торысын, бирде жийренин шаўып, бас байрақты ҳеш кимге бермей киятыр. Улы есейгели ат шапқанды қойып, сейисликти қолға алды. Соңғы тойда сегиз айлаўдан озып келген қызын жийренниң үстинен көтерип алыў бойына, аяғын жерге де тийдирместен бес айлаўға шабыў ушын сызықта турған торысына отырғызды. Айлаўға қосылған көп жүйриктиң арасынан топ айырып, араны ашаман дегенге шекем сонша аттың туяғынан көтерилген орпаң шаң менен терден көзи ғана жылтырап, ерден көтерип алып атырғанда жүреги қанасына сыймай туўлап турғанын анық байқағаны менен оннан «және шабасаң ба?»деп сораған да жоқ. Ҳүрзияны және атқа қондырып, изинен қыйқыўын жеткерип қала берди. Ол қызына да, қаназатларына да исенер еди. Еки аралыққа жиберилген айлаўларда бас байрақ-бир

түйе, бир жылқыны жеңип алған Бекбайдың жеңисиниң қасында булар ҳеш нәрсе емес еди. Бирақ, сол күни бурынлары ериниң ҳеш бир исине араласпайтуғын ҳаялы шацнан түри көринбейтуғын қызын бауырлап емиренип атырғанда Бекбайдың көз алдында аттан көтерип алған ўақыттағы ҳалат елеследи. Анасы болғанда Ҳүрзияны жәнe бес айлауға қостырмас еди. «Әкениң ең мийримлиси жезедей болады» деген усындайдан қалдымекен? Қызым шаппаса, ким шабады? Атқа қай ўақытта қамшы урып, қай ўақытта тақымға күш салынатуғынын усы қызынан жақсы билетуғын баланы қаяқтан табады? Кисиниң баласының жығылары-сүринери бар… Бекбай неде болса, оның аңғысын аңлап көрмекши болды.

– Ҳүрзия!

Бир шетте сабағын таярлап отырған қыз әкесине жалт қарады.

– Ана күнги тойда еки айлауда қатарына шаўып шаршап қалмадыңба? Қыйын болса айт, қызым, басқа бала излеймен.

– Қыйын болғанда озып келмес едим, аға. Үшинши жорғаны қоссаң да шаўа беремен.

Қызы жуўабын үлкен адамдай болып баслағаны менен соңғысы баланың гәпи екенлигин Бекбай түсинип отыр.

– Апаң ат шабыс қызлардың талабы емес, деп отырғой…

– Өзи шаба алмағаннан соң айта береди. Басқа баладан атларымды қызғанамаман.

Бекбайдың кеўили жайына түсти. Қайсарлығы басым усы қызым ул болғанда… деп ойлап турды да, шүкирлик етти. Өзиниң жетимликте өткен балалығын, ат миниўди қыялына да келтирмеген жаслығын еследи. Отыз жасқа шекем үйлене алмай, әменгерлери буның басын екеў етпекши болып, айттырып барған қызларының ата-аналары үстинде үйи, сүйесип жибергендей туўысқаны жоқ деп разылық бермей жибергендеги ишлей қанша езилгенле-

рин, аўыллас жеңгелериниң илме сөзлерин елеге шекем умытпайды.

Ол усы ҳаялын көрместен-ақ үйленди. Еки-үш жасы үлкени алыс районлардың бириндеги гөне тамырларын излеп кеткенде, қыз айттырып баратырғанын буған билдирген жоқ.

– Тамыр жаңалаймыз деп келген екенсиз, биз яқ демеспиз-дә, сәл гүдибузарлаў бир баламыз бар. Келисимниң ишинде болмаса, ис шала болады, – деди қыздың әкеси жағдайын қыпсаламай.

Жигит шақырылып, барлық жай-жағдайлар қайта ортаға салынды. Қонақларын үнсиз тыңлап отырған жигит гәпти шорта бөлип:

– Люлькалы таза мотоцикль әкелесиз, – дегенде отырғанлар бири-бирине қарасқанын түсинген ол қайтып үндеместен сыртқа бетледи.

Люлькалы мотоцикльге де ҳәр кимниң қолы жете бермейтуғын, дүканнан табылмайтуғын заманлар. Қыз айттырып барғанлар басларын қасып аўылына қайтты.

Бес-алты күннен кейин сол жасы үлкен ағайинлерин қайта жыйнады.

– Басларыңыздағы телпегиңизди сатсаңыз да, жәмлесип Бекбайды усы қызға үйлендиремиз.

Ақсақалының бул гәпине қалғанлары бирден яқ демегени менен түрли жақтан сылтаўлар айтылды. Пул жыйналғаны менен таза мотоцикль табылмайтуғынын бәнеледи.

– Мен табаман! – деди бир шешимге келип отырған ақсақал исенимли түр менен. – Ҳүкимет шопанларға арасында сыйлыққа береди, излестириўди мойныма аламан.

Бул гәплерден хабардар Бекбай ағайинлерин қысыныспаға салып атырғанына қыйланып жүрди. «Алып бермекши болып атырғаныңыз қандай қыз, мен көрмеймен бе?» дейтуғын ҳалда болмағанлықтан, бәрине қайыл еди.

– Шопан халқы мәрт болады, сыйлыққа алған «Юпитер» мотоциклин ер жетип киятырған баласына арнап





сақлап қойған екен. Жағдайды жасырмадым. Олай болса, сатқаным болсын деп өз баҳасына беретуғын болды, – деп келген ақсақал мәселениң қалған жағын тезлестирип жиберди.

Қыздың қалыңын апарып, сәрсемби кесисип қайтыўға кеткенлерге қой сойылып, қуда сыпатында күтилди.

– Келиниңизди алып кетиўге көлик алып келдиңиз бе?

Қыздың жигит ағасының топа-торыстан берген сораўына қудалар ҳайран болысып, бас шайқады.

– Онда атты мен мингизип жиберемен. Аға, өзиңниң сынасқан ағайинлериң, бүгин қызыңа пәтиянды бересең.

Сыңсып киятырған қарындасының жылаўды үдеткени, қыздың жанындағы ҳаяллар сорайын десе қәйнисинен батына алмай: «күйеў қайда, кәде-қәўметти кимнен аламыз?» десип, өз-ара сыбырласқанлары бул жигитти қызықтырған жоқ. Есиктиң алдына бир арғымақ кесе тартылып, өзи бас болып, қарындасын узатып қалды.

Келбети жигитлерди онша қызықтыра берместей қара домбай, «келте бақай», сөзге шорқақ Бийбисәнем Бекбайдың бахтына Бийпатпаның шыны қызы болып шықты. Булардың туңғыш улына дайы атасының еншиге берген тайы ҳасыл туқымлы қаназат екенлиги көп өтпестен тилге түсип, тойларда Бекбайдың аты озып келе баслады. Бас байраққа алған түйелер менен жылқыларды шопанларға қойға алмастырып, бири оңға, оны жүзге еселене берди. Жетимге дәўлет қарап, Бекбай бара-бара ҳасыл тукымлы атларға ықлас қойды.

Бийбисәнем ҳеш ўақытта дүньяға қызыққан емес. Төсенерге төсеги, қазанға саларға нәрсеси болмаған ўақытларда адамларға қатнасы қандай болса, ағыл-тегил дүньялы болғанда да сондайлығынша жасады. Ул-қызы баўырында, ериниң тапқанын орынлы жумсап отырған мийнеткеш ҳаял журттан зыят ҳеш нәрсеге умтылмады.

...Сол той шаңарақтың бахты пүтин ўақыттағы соңғы тойы болды. Ат шабыстың бас байрақларын жеңип алып,

қызы менен мәрдана қайтқан бул күн Бекбайдың үйине бахытсызлық сая салған күнниң басламасы екен. Үйге келсе, жумыслары менен сейисханаға барған ўақытта жығылған ҳаялын қоңсы-қоба емлеўханаға жөнетипти.

Бийбисәнемниң өмирин сақлап қалыўға Бекбайдың есап-сансыз дүньясының пайдасы тиймеди. Ҳаялы қайтыс болғаннан соң оның қыры қаша баслады. Барлық қойларын бир отарда бақтырғанда, алды отлап, кейни шөптен қағылып арықлай бергенликтен, үшке бөлип, үш отарын үш тәрепте бағып атырған шопанлардан кеўилсиз ҳәдийселер туўралы хабарлар бириниң изинен бири келе берди. Бир қойы жойтылса обалынан қорқып, жоқлаўын асырмағанша машынларына аямай май қуйдырып излететуғын Бекбай бул машқалалардың қайсысына боларын билмес еди. Алыс-жақындағы ат ышқыпазларының нәзери кетип, пул десе пул, машын десе кәлегенин әперемиз деп турған жийрениниң аяғына тосаттан жем түсип майырылды. Ер жетип турған улына түрли-түрли жоралар үйир болып, «хызметлерин» усынып жүргенин билген күннен бери тыныш уйқы жоқ.

Булардың бәри күтилмегенде жүз берип атыр. Жоқшылықта камалға келип, ҳәр бир нәрсениң қәдирине жетиўди өмирлик турмыс салтына айландырған Бекбайды дүнья-малының бир шети мүдиргени емес, кеўилсиз жағдайлардың көбейип баратырғаны, әсиресе, өзиниң оң қолы болып үлгерген, исенген жалғыз баланың жағдайы ойландыра берди. Улы жоралары менен барып, шопанларынан сорап та отырмастан машынына сүйреп салған қойларға емес, қандай шара көрсе де оны тоқтата алмай атырғанына күйинди, әззилигин сезди... Ҳеш кимге айтпағаны менен үйиниң дәўлети ҳаялында екенлигин, сол бир әпиўайылардың да әпиўайысы болып өткен ҳаялда соншелли қүдирет болғанлығын мойынлады.

# ТҮСИМЕ АНАМ ЕНГЕН КҮН...

*(Дебдиў)*

Мүмкин мен нашүкирлик еткен болارман, мүмкин «бенденики бәри әрман» дегени дурыс шығар, қалай болғанда да жасың нешеге барса да мехрибаныңнан айырылыўдың қаншелли аўыр екенлигин анам Айымгүл бул дүнья менен хошласқанда билдим. Бүгин мен ҳәм мениң қаналасларым ушын бәрқулла жанын пидә етиўге таяр туратуғын, қайсысымыз аўырып-сырқасақ, бир нәрседен қыйлансақ қулағына тийиўден жетип келип пәрмана болатуғын, келин түсирип яки ақлықлы болсақ бизлерден де бетер қуўанып, төбеси көклерге жететуғын, төркинлеп барғанымызда қушағын аша алдымызға умтылатуғын, қайтарымызда «не керегиң болса алып кет» деп ақ орамалы желбиреп көз ушына шекем узақласқанша қарап туратуғын анамның орны үңирейип тур. Оның бизлерге усыншелли тирек, сүйеў екенлиги күнлер өткен сайын билинип атыр.

Кемпир апам сақлағаны ушын ҳеш қашан оған арқа сүйеп, еркелемегенмен. Есимди билгели де қанша бүйирим бурып, бир перзенти сыпатында хызметим болғаны менен ата-анам деп емиренбестен аға-жеңге сыпатында сөйлегенлеримниң дурыс яки надурыс болғанлығына, туңғыш перзенти болған маған «көкиреги қанша қақ айырылған» анам ушын бундай қатнаслардың қаншелли аўыр-жеңиллигине енди пәм жууўыртқандайман.

Ананың бири өзим. Барлық аналар перзентлерине сондай мийирман болары тәбийғый дегенимиз бенен онда басқаларға усай бермейтуғын кеңлик, ретли-ретсиз жерлердеги сақыйлық, иши жанып турса да кеширимли болыўға күш таба билиўдей пазыйлетлери менен тек бизлер – перзентлериниң ғана емес, оны билген, оның менен нелес болған барлық адамлардың ядында қалды деп ойлайман.

Бизлер кишкенелигимизден ата-анамыздың таныс-билислери болған ғәрип-қәсерлер менен араласып жасадық. Ҳәр кимниң арбасын айдап, төгинин төгип, малын бағатуғын Әбилқасым, өмиринше ел гезип, диңкеси қурығанша тиленшилик еткен мүсәпир Абраам, күн ара мийманымыз болатуғын жалғыз баслы Қулмурат сыяқлы басқа да ғәриплердиң бизлердиң несийбемизден қыйып кеўиллерин тапты. Ким үйимизге нәзерлеп келсе, аққөкирегин ашып күтип жибериўге тырысты. Ағайинлеримизден яки аўылласларымыздан ким аўырып-сырқаса сүт-қатығын, бар болса таўығын, орамал-көйлегин алып кеўилин сораўға асықты. Кишемниң бул ислеген жақсылықлары алдынан шықты. Ол наўқасланып төсек тартып жатқан соңғы тоғыз айда үйимиздиң есиги бир күн де тынған емес.

Кишем қартаймастан бурын-ақ өлимге тик қарап өтти. «Жан аманат, оны мойынлап жүрген жақсы» деп айдың-күнниң аманлығында өзине керек болып қалар-аў деген затларды ғамластырып қояр еди.

Аўырып атырған кишемди гезеклесип, нәрестени баққандай етип күттик. Бир күни оның жанында қонып, азанда жумысыма асығып қайтайын деп атырсам «Бүгин кетпе, Сулыў, гәп бар» деди.

– Қойшы, кише, – дедим қәдимгише, – бир жерим аўырды деп ҳеш кимниң мазасын алып атырған жоқсаң, биймәлел жатырсаң. Жумыстағылардан да уят, күн ара қалып атырмыз.

– Қоя тур, шамаласып киятырман. Мен сизлерге өле-өлгенимше ыразы екенимди, мийримли перзентлер деген усындай-ақ боларын айтайын. Қанша қараттыңыз, бундай иззетлерди көрген ана тым-тырыс кеткени жараспайды. Сен үлкенисең, мен жасарымды жасап, асарымды асаганым менен кеткенимде сиңлилериң көп жылайды, билемен. Сен олай етпе, келгенлерди көр, кеўил айтады…

Ол дем алып-дем алып узақ сөйледи. Туўысқанларымның басын бириктириўдеги орным, ағама көз-қулақ

болыўымыз, өзиниң сүйегине енетуғынлар… қулласы, өзи бардағыдай ҳәр жылғы бийдай-жүўерисинен жетим-жесирлердиң пайы берилмей қалмаслығына шекем нәсиятлады. Быйылғы шөжеден пайыңызды бере алмадым, ҳәр қайсысыңыз бир шөжениң аяғына жип байлап кетиң, деди гәпиниң ақырында.

– Ҳаў, кише, енди тыныш жата бер, Мырзабайға да аңсат емес, қонақсыз күни жоқ.

– Алың деген ўақта ала бериң, мениң өз несийбем өзим менен. Еле шөжеге сөзим өткендей шамам бар шығар-аў, – деди күлимсиреп.

Кишем буннан кейин де көп күнлер жатты. Меннен басқаларға да тийисли нәсиятлары бар екен. «Қарап жатпай сөйтип бизлерди қорқытып жат» дер едик бизлер оның бундай сөзлерин ҳәзилге бурып. Себеби, тек өзи турып, аўқатын өзи жей алмайтуғыны болмаса, ҳеш жерим аўырды демейтуғын, гүзетип отырғанларға ҳеш бир азары болмаған кишемди сол турысында уйықлағандай болып кетип қалады деп ойламағанбыз.

Анам әпиўайы аўыл ҳаялы болды. Бирақ, газета-журнал көрсе оқымай қалдырмайтуғын, китапты уйқысын бөлип оқыйтуғын әдетлерин қартайғанда да ҳалы келгенше таслаған жоқ. Сонлықтан ба, гәпин нақыл-мақалсыз сөйлемес, Тилеўберген Жумамуратовтың, Ибрайым Юсуповтың, Улмамбет Хожаназаровлардың қосық қатарларынан қосып отырар еди.

Университетке кирген жылларым. Бир күни түстен кейин кишем изимнен келди. Сонша баланың тәшўиши, атыз жумыслары, үйдиң машқаласы… қарасам түри шаршаған, мәниси жоқтай көринди.

– Бул ҳәптеде саған пулды аз берип жибердик. Тарығып жүреме деп жаным төзбеди, түстен кейин бриғадирден сорадым да жолға шыға бердим. Тез қайтыўым керек, – деди әкелгенлерин услатып атырып.

Ертең-ақ қайтса, деминди ал, бир күн үйге ағам-ақ қарап турар дә, – дедим қайырқомсып.

– Яқ, ағаң қайт деди, минезин билесең ғой.

Сонда жақында республикалық Үлке таныў музейине биринши мәрте барғанымыз, ондағы экспонатларға таң қалып, бираз ўақытларға шекем тәсирленип жүргенимиз ядыма түсип:

– Кише, музейге бардық, қыямет екен, аўзыңды ашып қаласаң. Үлгересең ғой, жүр саған да көрсетейин, – дедим оның кеўилин көтергим келип.

Ол екиленип қалды. Мен қыйылып турғанлықтан ба, соң яқшы деди.

Музейге бир кирген адам тез шыға ала ма, тамашалап болып сыртқа шыққанымызда күн батыўға шамаласып қалған екен. Шымбай шайханадағы автовокзалдан оны автобусқа миндирип жибердим. Ҳәзиргидей телефон жоқ, кешикпей жеттиң бе, ағам бақырмады ма дейтуғын. Шемби күни үйге барсам, кишемниң көзиниң асты көгерген екен. «Бул не?» десем, «музейдиң пайдасы» деди де терис айланды.

Бул ўақыя өмиринше оның есинде қалды. Егер кешлетип жолға шықпақшы болсақ «мениң музейге барғанымдай болмасын» деп күлер еди.

Кишем мениң журналист болғаныма, адамлар қызың жақсы жазады дегенине жүдә қуўанды. Қарақалпақстан халық жазыўшысы Гүлайша апа Есемуратова жаңадан шыққан ҳәр бир топламына дастхат жазып маған саўға етер еди. Бир жола ол «Пердегүл, мына топламым ҳәзир басылып атыр, жаңа қолыма тийди. Бирақ, бул рет саған бермеймен» деди. Ҳайран қалдым. Ол жанымдағы столға отырды да дастхат жазып, өзиме услатты. Дәрҳал ашып қарасам, бул саўға кишеме арналған екен. «Пахта атызларының ишинде жүрип-ақ Пердегүлдей талантлы қызды камалға келтиргениң ушын рахмет. Автор Гүлайша Есемуратова» деп қол таңбасын қойыпты.

Аўылға апарып бердим.

– Өзим еле оқымадым, кише, – дедим оған китапты берип атырып.

– Яғаў, – деди ол. – Қайсы китабыңды оқымай турып берип көрдиң, сеннен аўысқаны да болады, қызым.

Бақлап отырдым. Биринши бетти ашыўдан-ақ оның жүзлери жайнап сала берди ҳәм «ғарры» деп сүренлеўи менен түргелди. Басқа өжиреде отырған ағамның «мынаў не тапты» дегенлери, кишемниң китап ҳаққында айтып атырғанлары кешегидей есимде. Енди ойласам, перзенти ушын рахмет еситиў ана ушын үлкен бахыт екен. Гүлайша апаның бул китабы көп ўақытларға шекем олар отыратуғын жердеги текшеде турды, қайта-қайта оқыды, келген адамларға көрсетип жүрди.

...Мине кишемниң жүзи де келип қалды. Енди олсыз өмир даўам етпекте. Сегизимиз сегиз шаңарақтың тәшўишлери менен бәнтпиз. Жасы сексеннен асқан әкемиз Меңлимурат «кемпиримнен бурын кеткеймен» деген тилеги қабыл болмағанлығын айта бергеннен соң оған батырыңқырап басыў айтқан болдық. Аға, алпыс бир жыл бирге жасапсыз, ақлық-шаўлық сүйдиңиз. Ярым жолда аты өлгенлер, еркек басы менен бесик таянып қалғанлар бар, шүкир етейик, дестик. Ҳәзир ол үндемейди. Бирақ, оған өмирдиң қызығы жоқтай екенлигин «Шыбыла шыйық»қа, кемпириниң басына қатнай бергенинен сеземиз. Бәримиз кеўлин алыўға тырысамыз. Таза китаплар, газета-журналлар апарып беремиз. Ядымда қала бермейди-аў, бирақ биз ушын үлкен алданыш дейди де оқығаны оқыған.

Жақында түсиме кишем енипти. Ақбозлақ болып судыўланып кеткен. Ол жаққа неге асыға береди десем...деп қояман ишимнен. Бизиң үйге үлкен ақ орамалға түйип арқалап келген түйиншигин төрге шығып отырып алып ашып атыр.

– Сулыў, – дейди ол қәдимгидей болып, – ҳәммеңизден кеўлим тоқ-аў, ҳәр кимниң өз бала-шағасы, өзине ылайық тәшўишлери бар... Ағаңа барып турсыз ба?

– Барып турмыз. Ағам бизлердиң барғанымызға қуўанғаны менен онша үндей бермейди. Үй сен бардағыдай

емес, кише, – деймен жарылып. – Төсекте жатсаң да барыңа ҳеш нәрсе жетпейди екен. Портретиңди сыйпалап, кийимлериңди ийискелеп, орнында жатып қайтамыз.

– Ағаңның минезин билесиз ғой, – дейди тирисиндегидей ойланып отырып ҳәм бирден басын көтерип, – мыналар машыныңның пайғазысы. Сизлерди көрсем асығып турғанымды умытып кетемен. Ағам үндей бермейди деп елестире бермең, бара бериң, бара бериң.

Булар қандай ерли-зайып деп ойлайман оны үнсиз шығарып салып турып, сонша жасқа келсе де бири бул жақта ишқыста, бири ол жақта ағаңызға барың деп емиренеди.

…Оянсам таң ағарып киятырған екен. Кишеме тийеберсинимди айтып, сыртқа бетледим. Оның түсимдеги келбети көз алдымнан кетер емес. Усы гезлери отыз жылдан аслам ўақыттан берли қәлем тербетип, нешше жүзлеген аналар, олардың тәғдирлери туўралы жазып, өзимниң анама бир аўыз жыллы сөз арнамағаныма өкиндим.

Гүздиң таңғы жағымсыз салқын самалы денемди түршиктирип, мени ишкерилетти. Түсимде анамның бул келиси және дәртимди қозғап, жақыннан берли ерксиз ысырып қойған қәлемимди қолға алғызды. Ишки дебдиўлерим ҳәрип болып төгилип, ып-ыссы жасларым бетимди жуўып жиберди…

## КЕМПИР АПА БИЙКАРҒА ШЫРЛАМАЙДЫ

*(Мораль темасында)*

– Нашар адамның қолы үйде бос жүрмеўи керек, кетип баратырсаң ғой, мына кеселерди ала кет. Киятырып дастурхан сыпыратуғын сүлгиңди ала кел. Солардың бәрине анаң ҳәлек болады, қызым. Енди үлкейдиң. Анаңа жәрдемши болатуғын ўақтың болды.

Кемпир апасының бундай ескертиўлери жанына тийген Гүлсәўир оған жақтырмаған сылай танытып турды

да, үндеместен кеселерди алып асханаға қарай бетледи. Ақлығына бул гәпи де жақпағанлығын сезген Айпарша кемпир иштен жыйырылды. «Туўған анасы бар, неге бәрҳа жеккөринишли бола беремен. Ендигиден былай көрмегенсип-ақ отыра берейин. Ўақтында шай-аўқатым тайын болса, кирим жуўылса басымды неге «исире» беремен» деген шешимге келди. Лекин, усы ўақытқа шекем жанындай жақсы көретуғын ақлық қызының бой жете келе арттырып атырған жағымсыз қылўаларына, үй жумысларына уқыпсызлығына, ис хошжақпаслығына иши ашый береди. Қалаберсе, Гүлсәўирге ананы-мынаны үйреткен ўақытларда келини «апаң дурыс айтады, үйренсең өзиңниң пайдаң, айтқанды ўақтында орынла» деўдиң орнына бундай гәплер қызына жақпағанлығын көрсе сол жумысты өзи-ақ ислеп таслар, сыртқа еситтирип айтпағаны менен «еси енсе үйренбей қаяққа барады, бир айтқанды қайталап езе береди екенсең…» деген пикирде екенлигин аңлаў қыйын емес.

– Юбкаң дым тар, келте болғаннан соң тигисинен сөтилипти. Жақында алған жоқ па едиң?

Ақлығының кийген кийимлерин жақтырмай отырғанын қалай айтарын билмеген Айпарша кемпир және тыныш отыра алмады.

– Биринщиден жыртық емес, апа. Модасы сондай. Екиншиден, буны тек мен емес, мамам да қәлеген соң сатып алдық.

Аўзын жулып алғандай етип айтылған бул жуўаптан соң бир сөз де зыятлық ететуғынын сезген кемпир және ернин қымды.

– Гүлсәўир не қусап баратыр? – деди ақлық қызы жоқ ўақытта келини менен сөйлесип алғысы келип.

– Ҳе, не ислепти?

– Абайла деймен-дә. Мурнына самал енип киятыр. Пайдасын айтсаң кимге айтып атырсаң демейди. Телефон деген бәлесин қадағаламасаң…

– Ене! – деди келини кемпирдиң көзине тик қарап турып. – Сиз билмейсиз, ҳәзирги жаслардың бәри сондай. Айтқаныңыздың ҳәммеси орынлана бергенде усы ўақытқа шекем қызың оң қолдай болар еди. Ҳәзир «переходной возраст». Еле жөнге түсип кетеди. Тынбай берип атырған ескертиўлериңизге гәп қайтарып атырған жоқғой, үйренер. Еки жақлап қысымға алып төменшик ете берип не қыламыз. Изине түсе берсек, барған жеринде нанын алып жей алмайды еле, мени айтты дерсиз.

Келин енесиниң және не айтатуғынын күткен де жоқ, шығып кетти. «Узақты гөзлеп» берип атырған тәрбияң күни келгенде небир отларға салмаса болды. Сондай күнлерди көрмегеймен» деп гүңкилдеўи менен қала берди.

Адамның айтқаны бола береме, Айпарша кемпирдиң бул қыздан көреси «қызықлары» алдында екен.

Кешки қыдырыспалары көбейип, айтқан ақылы, күнде әкеси менен екеўлеп берип атырған ескертиўлерин самалға ушырып кете беретуғын қызына сөзи өтпей қалған келин «өзиңнен шыққан жыланды ал да белиңе буў» деген даналық гәпке әмел етпеске шарасы қалған жоқ. Гүлсәўир менен анасының гейде жасырын, гейде ашықтан ашық «шайқаслары» әлбетте өз дийдинен қалмайтуғын қыздың пайдасына шешилер еди. Әкениң қойған талаплары, ананың жер тоқпақлаўларынан нәтийже шықпады. Қоңсықобаның гәп-сөзи, қыздың оқыў орнынан ата-анасына берилип атырған ескеритиўлер шаңарақ ағзаларының бәрин де туўыққа тиреди.

Усындай күнлердиң биринде бул үйди сорап келген еки бийтаныс киси алып келген хабардан ҳәмме жеңил тыныс алды. Әдетте колледж жасындағы қызының турмысқа шыққанына хеш бир ата-ана қуўанбайды. Булар қуўанды. Әсиресе Гүлсәўирдиң анасының төбесин көкке жеткергенин айтпаса да түсиникли еди…

Бар аўырманлық және аржақ-бержағын ойлай беретуғын Айпарша кемпирге шөкти. Келген хабаршылардың

«Қуда-қудағайыңыз орынлы жерден, көргенли, оқымыслы инсанлар. Улы таныса сала еле колледж питкермеген қызды алып барғанына, алдыңыздан бир өтип таныса алмағанына қысынып атыр. Егер қыз-дың ата-анасы қайыл болмаса, биреў билип, биреў билмей турғанда өз-ара келисип, қыз оқыўын питкергеннен кейин келин етип алыўына да разы екенлигин айтып жиберди» дегенде Айпарша кемпир келини тәрепке қарап қойды. Бул сөзлерден кейин оның билинер-билинбес шоршып кеткенининң мәнисин кемпирдиң иши билип отыр.

– Мен жасы үлкен адамман, – деди ол хабаршыларға қарап. – Қызымыздың жас екени рас. Бирақ, оның түскен жеринен ҳәмменин писин қуртып қайтарып алып қайтыў мусылманшылықта жақсы ырым емес. «Шыққан қыз – шийден тысқары» деген жағы да бар. Келиним менен баламды өзим гәпке турғызаман, шашыўыңызды баслай бериң. Қызын жаслай турмысқа берди деп айыпланатуғынымыз анық. Онда бизиң де, устазларының да босаңлығы болғанлығын мойнымызға алмасқа илажымыз жоқ...

Ақлық қызының хабарын айтып кегенлердиң кеўиллерин жәм етип жибергени менен Айпарша кемпирдиң иши ийт жыртқандай. Қызының бийсәўбет жүрислеринен, орынсыз талапларынан, «қулақсызлығынан» кесел болыўға келген келинине «усымеди берген тәрбияң, мен не деген едим» деп ҳеш бетине баспағаны менен бүгин оның қушақлап жылай бергенин иштеги өкинишин айта алмағанға жорыды.

– Жылай берме, – деди оган салмақлап. – Абырайың бар екен... Енди Аллатааладан ақырын, «тастай батып, суўдай сиңип кетиўин» соран.

Нызамға туўры келмейтуғын барлық нәрсениң сораўы бар. Үйленген жигиттиң де, қыздың да ата-аналарына аңсат болған жоқ. Лекин, Айпарша кемпирдиң қорқынышы бул емес. Оның қыялына «қызыңыз тәрбия көрмеген, ҳеш нәрсе қолынан келмейди, сыйласықтың не екенлигин бил-

мейди…» деп бүгин-ертең келип қалатуғындай. Келинин емес, қызы ушын жүзи төмен қараған, ол кетемен дегенше күнде дау̌-жәнжелден өзиниң де шаңарағы шайпалыу̌ға сәл қалған улын уу̌айымлайды. Егер барған жеринде қызы қылық көрсетсе, олар аяп отырмайтуғынын, қудай ырза-биз ырза деп қос қоллап әкелип беретуғынын жақсы биледи. Жатса да, турса да еки қолы жағасында.

…Оның тилеклери және қабыл болмады. Ийилип түскенине еле бир ай да болмаған келининиң отырыспаға бараман деп жыр табыу̌ы елине сыйлы шаңарақ ийелериниң «басларын қасытты». Ата-ана улын шақырып келиншегине бул үйдеги тәртиптиң қатаңлығын, шаңарақтың ҳәр бир ағзасының орны, өз у̌азыйпасы барлығын әстелик пенен түсиндириу̌ди тапсырды. Ал, әке үйиндеги үлкен-үлкен жәнжеллерге көзи үйренип, айтқанын болдыртыу̌ға әдетленген Гүлсәу̌ир күйеу̌и қанша түсиндиргени менен бул шаңарақтағы «қәлипке» түсиу̌ди қыялына да келтирмеди. Уу̌ысына ендириу̌ ушын енесиниң айтқан ақылы, көрсеткен өрнеги келин ушын ҳеш нәрсе емес еди. Келинлик у̌азыйпаларын атқарыу̌ қолынан келмейтуғынын айтпағанда, оның ийбеси, жасы үлкен-жасы кишиге сиз-бизлиғи ата-енени биротала түңилтип, ең жуу̌апкерли, ең әҳмийетли мәселеде үстиртинликке жол қойғанына өкинди. Келининиң ашық-жабық кийимлерден у̌аз кеше алмау̌ы, телефоннан саатлап сөйлесиу̌лер, түрли сылтау̌ларды айтып оқыу̌дан кеш қайтыу̌лары тек күйеу̌ин ғана емес, барлық шаңарақ ағзаларының шыдамын шегине жеткерди. Шаңарақтың берекети қашты. Бәринен бетер оған айтылған нәсиятлар, қойылған талапларға жуу̌аптың биреу̌ – үнсизлик екенлиги ғәзебин қайнатты. Сонша шау̌қымнан кейин де ыңылдап жүре беретуғыны, басқа келинлерге усап төркинге кетемен деген ой қыялына да келмейтуғынына ҳайран қалысты.

– Бизлер бийкарға төгилип-шашылып, келинли болдық деп қуу̌анған екенбиз, – деди енеси бир күни. – Атаң менен бир шешимге келдик. Өзиңе де айтқан шығар,

күйеўиң мың да бир разы. Бүгин ата-анаңа алып барып, сени қолына тапсырамыз. Кийимлериңди жыйнастыр.

– Ҳе,неге? – деди Гүлсәўир мәзи гәп айтылып атырғандай бийпәрўа ғана.

– Солай! Бүгиннен баслап ажырасасыз.

– Ҳеш қандай! Балаңызға айтып қойыппан. Ол сизлерге айтпаған-ғой. Мен ҳәмледарман. Нәрестемди туўылмай атырып жетим етиўге ҳеш кимниң ҳақысы жоқ! Ҳәтте сизиң де! Сүйреп апарып таслай алмайсыз. Бул гәп және қайталанса, айтып қояйын, мойныңызға түсемен.

Барлық қылўаларын көрип, қанша түңилсе де келининен бундай бетсизликти күтпеген сорлы ана лал болып қалды…

Мәселе кеште шешилди. Елдиң ақсақалы менен ойласылып, қыздың ата-анасы шақырылды. Гәптиң рәмәўзин аңлаўдан-ақ сорлы әке ҳеш кимди сөйлеттирмеди.

– Бундай шешимге келген екенсиз, демек, тийкарсыз емес. Бизлер иркилмеймиз…Қызыңды алып шық.

Анасының алдына түсип баратырған Гүлсәўирдиң тоңқылдысы бәринен де өтип кетти. Ол өзи себепши болып шаңарағының бузылып атырғанына, жаман атлы болып баратырғанына, ата-анасының абырайын жер еткенине қыйланбады. «Мени және апамның таўсылмайтуғын моралына апарып таңажақсыз» деп аўзындағы саққызын үплеп паңқ еттиргенде оның усы ўақытқа шекемги ислеген қылўалары еле ҳалўа екенлигине гүман қалдырмады…

## ЕККЕНИМИЗДИ ОРЫЎҒА ТИЙИСПИЗ…

«Маңлайымның еки ели соры бар екен ғой. Қара мийнетим менен табылған ҳадал нан жегизип келе қылған перзентимниң мийримсизлигин кимнен көрермен? Қайсы пейлимнен таптым…»

Әкесине қарап гижинип, тамағынан өтсе жеп қоятуғындай болып турған баласына айтқанын қылдыра алмай турған ананың бул сөзлери кимде болса да аяўшылық се-

зимлерин пайда етер еди. Усы ўақытқа шекем перзентиниң өзлерине болған мийримсизлигин басқалардан қыпсалап келген ата-ана бүгинлиги тирилей отқа түсип тур. Анығырақ айтқанда, перзент әкесин судқа берип, оннан суд алдында жуўап алып атыр…

Әке пақыр ислеген жынаяты ушын емес, өз перзентим ғой деп исенгени, оннан усы дәрежедеги ҳүрметсизликти, инсапсызлықты, обал-сауапты билмейтуғын иймансызлықты күтпегени ушын жуўап бериўге мәжбүр. Қала орайындағы жасап атырған имараты қулаўға келгеннен соң баласының атына жай орын алып, өз мийнети, өзиниң пулы менен салып питкерген имаратынан сорлы ата-ананы айдап салмақшы. Жер участкасы нызым бойынша өзине тийисли екенлигин билген пасық перзент әкесин судқа берип, жайдан шығарып, биротала өзи меншиклеўи ушын арды да, уятты да ысырып қойып жанталасып дәлиллеспекте.

О, тоба, ата менен перзент, ағайин-туўысқанлар арасындағы әййемнен киятырған мүнәсибетлеримиз қайда? Ҳәтте әкеси жайдың ишинде отырса, сырттағы перзенти әкем иште отыр, төбесине шыға алмайман деп тамның басына шықпайтуғын ҳүрметимиз қашаннан бери умытыла баслаған? Қандай жағдай болса да, атаның шешимине қарсы даў айта алмай, перзент тилин тислеп қалатуғын жағдайлардың бүгинги әўладқа оншелли тән болмағаны ма?

Суд материалларын оқып отырсаң, ойыңа усындай таўсылмайтуғын сораўлар дизбеги келеди. Соңғы жыллары дүнья-мүлк ушын судласып атырған әкели-балалылардың, туўысқан-туўғанлардың саны көбейип атырғанын еситсең, қуйқаң жуўлайды. Өйткени, бәршемиздиң де перзентлеримиз усы орталықта жасап, әтирапында болып атырған жақсы-жаманды, обал менен саўапты, сыйласық пенен нәкаслықты көрип, араласып жасап атырғаны ойландырады.

Дурыс, ҳәзирше санаўлы адамлар тәрепинен исленип атырған бундай ҳәрекетлерди мысал етип көпшилик ҳаққында пикир жүритиўден аўлақпыз. Бирақ, көбейип атырғанын бийкарлаў да қыйын.

– Ата-анам әрман менен өлип кетти, деп жазыпты ҳәзир Ташкентте жасап атырған бир жерлесимиз өз хатында. – Екеўиниң де иши дәртке толып баратырғанын әкем бул дүнья менен хошласар алдында ғана тис жарып айтты. Өзлери өмиринше жыйнап-терген дүньясының рәҳәтин бир келинниң себебинен көрмей атырғанын ҳәр ўақытта бир келетуғын бизлер сирә аңғармағанбыз. Қартайып ҳалдан кеткеннен соң баратуғын жерине бара алмай, ишкиси келгенди алып ишип - жей алмай, шаппаттай нашардың қолына қарап, жалтаң болған ата-анам қаншелли азаплы өмир кеширгенин енди уғынғандайман. Дизелеринен димары кеткенде өз қоллары менен салған кең сарайы өзлерине тарлық етип, ҳадал-ҳарамы араласып, күшиги менен пышығы қазан-табағын жалап атырғанын көргенде қудайдан өзлерине өлим тилеген оларға ийнениң ушындай жәрдемим тийип, дәртине дәрман бола алмағаныма ишим уўдай ашыйды. Қартайған ата-ана ушын перзенти мийримсиз, намәрт, келини инсапсыз, ҳүждансыз болса, қалған өмирин әрман менен өткериўден басқа илажы қалмайды екен.

Ташкенттей қалада жоқары мәдениятлы, барлық тәрептен жетилисип күн кеширип, нешше мыңлаған жасларға адамгершилик, ҳүрмет, қәдир-қымбат, инсап туўралы аўыз көпиртип айтқан сабақларымды өз турмысымда қоллана алмағанымды, өз ата-анамның қәдир-қымбатын билмегенимди ойласам, өзимди өзим жек көрип кетемен...

Ата-анасы тирилигинде олардың кеўил сарайларының түпкир-түпкирлеринде нелер жатырғанына бир үңилип көрмеген жигиттиң бул налалары «жаў кеткен соң қылышын тасқа шапқан» менен барабар екенлигин айтпасақ та түсиникли. Деген менен, оның инисиниң

адам инанғысыз пәмсизлиги, ата-ана алдындағы жуўапкерсизлиги, елден, журттан уялмастан оларға көрсеткен ҳүрметсизлиги, қала берсе, тәрбия көрмеген келинниң толып атырған кемшиликлери басқаларға сабақ болсын деген мақсетте жазылған қолымдағы төрт бетлик хаттың ең түйинин оқыўшыларға жеткериўди мақул көрдим.

Ҳақыйқатында айырым аналардың айлап-жыллап сырт еллерге жумыс ислеў бәнеси менен кетип, перзент тәрбиясынан шетлеўи оншелли ерси болмай баратырған турмысымызда барлық жаслардың ата-бабаларымыздан киятырған сыйласықты, ҳүрмет-иззетти, обал-саўапты билетуғын адам болып шықпағанына өкпелеўимиздиң өзи орынсыз екенлигин мойынлаўымыз керек.

Кишкене ўақытларынан баслап улын ул сыпатында, шаңарақ ийеси сыпатында ҳүрмет етпеген, оның ишки дүньясын түсинип бар меҳрин бере алмаған айырым аналардың перзентиниң бүгинги мийримсизлигин, ҳүрметсизлигин айтып аҳ урыўларына қалай баҳа бериўге болады?

Айта берсек, буған толып атырған мысаллар келтирип, өмирдиң тикенли соқпақларында ҳайран болып турған инсанлардың турмыстан дәкки жеген жағдайлары аз емес. Гейпаралар дәртин төгип жүрегин босатқысы келсе, айырымлары редакциямызға хат жазып, басқаларга сабақ болсын, газетаңызда жәриялаң деп өтиниш етеди. Қалай болғанда да, перзентимизден не иззет, қандай ҳүрмет көрсек те бир жағы өзимизге барып тақалатуғынлығын умытпасақ деймиз...

*2001-жыл*

# ҚӘЙИН ЕНЕЛИК ДЕГЕН АЎЫР КӨШ ЕКЕН

## 1. Жүйриктен жүйрик шықса...

Журналистлик жолымызда сонша ҳәлек болып қаҳарманларың менен ушырасып, үйренип болғаннан соң да түрли себеплер менен мақала жазылмай қалатуғын жағдайлар болып турады. Илгери жыллары келинининң дәртинен күйип жүрген бир уңлы ана редакциямызға өзи келип, екеўимиз саатлап сөйлескенимиз, ишинде сыр қалдырмай ақтарылғаны бар. «Қарағым, сени ҳаялқызлар туўралы көп жазады дейди, мениң тәғдириме усатып адамдарға ой салғандай бир нәрсе жаз. Набада келиним оқыйғойса, ҳәрекетлеринен уялып жөнге түсер» деп тарийхынан баслап төгилген еди. Мақала таяр болып шамаласқан күнлердиң биринде ол мени азан менен редакция есиги алдында күтип тур екен.

– Мен ойланып турман қызым, – деди ол муңлы жүзин сәл бурып. – Дос бар, душпан бар, жағдайымыздан хабардар таныcларымыз газитти оқыса, мынаў солар ғой деп жүрер. Саған ана күнги айтқанларым ҳалўа екен. Кисиге қалай айтайын, бар сырымды билетуғын болғаннан соң саған көрсетип атырман. Мынаған қара...

Қарадым. Ол адам жоқпа дегендей жән-жағына бир қарап алды да, басындағы орамалын шешти. Қан уйысқан шашының үстине щала күйдирилген кийиздиң жуллығы бастырыўлы еди.

– Жан шийрин екен, – деди ол орамалын қайта таңып атырып. – Өзим қыйланып атырсам да газитке мақала шығып кетпегей деп жаттым. Келиним үсийтип жүргенимди билсе, мени аяп отырмайды...

– Балаңыз қаяқта өзи? Неге бәрине шыдай бересиз? Туўысқан-туўғанларыңызды, келиниңиздиң ата-аналарын шақырып, айыбын мойнына қойып неге руқсатын берип қоя қоймайсыз?

Журналист сыпатында бул гәплерди айтатуғын орным жоқ, бирақ мен де ана емеспен бе, шыдамадым.

Ол мениң сорауларымды үнсиз тыңлады. Соң:

– Бәринен өтискенбиз, – деди қысқа ғана.

Мен мақаланы газетада жәрияламауға уәде етип, оны узатып салдым. Пикир оятатуғын мақала болғаны менен уәдемде турдым, жазғанымды архивиме тасладым.

Жақында жумыс бабында сол апай жасайтуғын ауылға жолым түсти. Сорастырсам, өткен жылы қайтыс болыпты. Мениң сөйлесип турғаным оның сиңлиси болып шықты. Басқа биреу болмағаннан кейин гәптен гәп шығып, оның қыз апасы менен қалай танысқанымды айттым. Бетиме жалт қараған ол тамағына бир нәрсе тығылғандай бираз үнсиз қалды.

– Не арзыу-үмитлер менен алған келининен қартайғанда көргени ақырет болды, – деди ол ҳәсирет толы көзлерин алып қашып. Оның екиленип турыуларынан «енди айтқан менен не пайда?» деген ойды аңлау қыйын емес еди. Сәубетлесимди қыстастырмадым, сорау да бермедим.

– Редакцияға бир қызға бардым деп маған да сыбырлаған еди. Болмас ислер болып кеткеннен соң, пикиринен қайтарған мен. Соңғы рет сизге барғанда басы жарық еди. Келини адам жоқта үйди иштен илип алып, енесиниң басын дийуалға урыпты. Бизлердиң келинди бир жақлы етемиз деп шыжа-пыжа болғанымыз далаға кетти. «Улың биреу болса да бирегей болсын» деген дурыс гәп екен, барлық мәселени әкеси шешип, ҳеш нәрсениң парқына бармайтуғын, қәдир-қымбатты елестирмейтуғын, әке дәулетиниң арқасында итибарлы-итибарсызы билинбей өскен баласы үш перзентимди жетим ете алмайман деп турып алды. Әжапамды үйиме алып кеттим. Бирақ, ойланды ма, бир ҳәпте өтер-өтпестен «өлсем үйимде өлейин» деп қайтып кетти. Бул уақыядан кейин әжапам бизлерге де ҳеш нәрсесин айтпайтуғын болды. Ишине сала-сала кесел тапты.

– Енесиниң айыбы не? – дедим келинниң жөнсиз жауызлықларына исенгим келмей.

– Дурысын айтқанда жүйириктен жүйирик шықты. Өлген туўысқанымды жаманлағыным емес, келининиң тилин шығарып, бара-бара қол жумсаўға шекем барыўына өзи де себепши болған жерлери жоқ емес. «Қорқакты көп қуўсаң батыр болады» дегенди усы келиннен көрдим. Негизинде «атаңа не ислесең, алдыңа келеди» деген дурыс екен. Әжапам жаслығында енесине өзиниң келини ислегендей қылўаларды көрсетпегени менен қудағайымыздың иши дәртке толып кеткенинен хабарымыз болды. Жездем бәрха басшы жумысларда иследи. Анасына мийрими түспеди ме яки өзи улына билдиргиси келмеди ме, қудағайымыздың күни жетим балалардай еди. Жас болсақ та әжапама билгенимизди айтқанымыздың пайдасы болмады.

Мине, келини өзинен де өткерди. Жездем қайтыс болғаннан кейин әжапамның күни күн болмай қалды. «Ишкени ириң, жегени желим» болып жыллар өтти. Анасына көрсетилип атырған қорлық жигиттиң арын келтирмеди. Онда келиншегине сеники кәте дейтуғын шама қалмаған еди. Әжапам аўырып атыр екен деген хабарды еситип барсам, тилсиз жатыр екен. Көзин ашқаны менен жан-жағына қарап ҳеш кимди излеместен кете берди. Ериниң тусында сонша дүньяны, алтынларды жыйнап, қартайғанда көрген рәҳәти сол болды.

Бәрин қудайдан көрмеске илажымыз жоқ. Бирақ, енесиниң жансыз денесине берген азабы бәринен өтип кетти. Ядыма түссе ишим жанып кетеди. Әжапамның тислериниң бәри алтын еди. Оның денесин суўға ендирместен бурын келин және гәп тапты. Елдиң молласына алтын тислериниң бәрин алып бересең, өлиниң ийесиниң талабын орынлаў ўазыйпаң, деп турып алды. Молланың «өлиге азар берген жақсы болмайды, мен бул талабыңды орынлай алмайман» деп табанлап турғанын тыңлаған жоқ, бизлердиң қарсылығымыздың пайдасы болмады, мәселеге баласы араласты. Көп тартыслардан кейин жылап-сықлап ҳәммемиз де қайыл болдық...

Иши дәртке толып, қайларға барып жарыларын билмей редакциямызға келген сорлы ананың пешанасына бундай көргиликлер де жазылған екен. Үйге қайтыўдан көп жыллар илгери жазылған мақаламды таўып, қайта қолға алдым. Қудайға шүкир, келин менен ене, туўысқан-туўғанлар арасындағы бундай мийримсизликлер халқымыз арасында жүдә аз ушырасады. Деген менен, жасларымызға жақсының жақсысын айтып, ата-бабаларымыздан киятырған жолдың уллылығын түсиндирип, оқып отырғаныңыздай, көзиниң тирисинде ата-анаңа көрсеткен хызметиң, ислеген жақсылығың да, жаманлығың да әлбетте өзиңе қайтатуғынын турмыстан алынған мысаллар менен көрсетпекши болдым.

## 2. Кең жағы келиндики...

Қарап турсаң, ене менен келинниң түсинисип жасаўының өзи сол шаңарақтың бахты екен. Бул үйде қулып-гилт машқаласы жоқ. Келинге усы үйдиң бары-жоғына жуўапкерсең. Барыңды ретлестирип жумсамасаң, жоғынды толтырыўға умтылмасаң, үй бола алмайсаң. Бизлер картайған адамлармыз. Дәске де, қонақты жақсы күтип жиберсеңиз абырай да сизлердики... деп енеси қулағына қуя бергенликтен бе, келин үлкен үйдиң машқаласын «басына кийгени» қашшан.

– «Сүп демей-ақ жазылмағанбыз», – дейди келини Гүлсара күлип. – Енем үйдиң ерки сенде дегенде дәслеп мени сынаған екен. Оған ойлассам, өзиң бәрин түсинесеңаў, деп марапатлап қояр еди. Ретли жеринде зәрүр затымды таба алмасам да өзиме салған жерлери болды. Енди ойласам, мени писсин, қармансын деп ислейди екен. Сонда да ойласпай ҳеш нәрсе ислемеймен. Оған мақуллатпаған исим қәте болатуғындай түйиледи.

Гейбиреўлер төркиншил болады дейди. Мен сондай бола алмадым. Қолымда бар болса да, ретсиз бүйирим бурған емес. Гейде бийкешлерим келип кемшилигим-

ди тапқысы келсе, енем сөйлетпейди. «Мен усы күниме кеўлим тоқ, кәтержам болып жасап атырман ба, бул үйге зыят тәртиптиң кереги жоқ. Аўқатым алдыма әкелиўли, кирим жуўыўлы, төсегим салыўлы, ойласықсыз ҳеш нәрсе исленбейди, сен-мен деп атырған адам жоқ. Гәп-сөз керек емес...» деп кесип таслағанда маған бул үйде енем-нен жақын адам жоқтай сезинемен. Ағайин-туўғанлар үлкен үйдиң келини деп мениң де ҳүрметимди орнына қоятуғынына қуўанаман. Барлық нәрсеге бурынғыдан да бетер итибарлырақ, жыйнақлырақ болыўға умтыламан. Бир минезли еркек болмайды, айырым ўақытлары күйеўим гәп тапқысы келсе, енемниң мийрим толы жүзлерине қарап оның кеўлин қабарткым келмегенликтен, еримниң қытымырлықларын елестире бермеймен.

«Атаң картайса кул неге керек, шешең қартайса күң неге керек» деп тоңқылданып жүретуғын енелердиң келинлери менен өзимди салыстырған ўақытларым көп болды. Усындай аўызбиршилик, берекет дарытып отырған енемниң басқа жақта бир қонғанын да қәлемеймен. Оның минезиниң кеңлигине, қәлбиниң тазалығына, кең жағын маған бере тура уршықтай айландырып қойғанына, үйимиздиң уйтқысы екенлигине қайыл қаламан. Өзим де енемдей ене болсам деп арзыў етемен...

Дыққатыңызға усынылған шаңарақлардағы еки жағдай да турмыстан алынды. Шаңарақ кишигирим бир мәмлекет екенлигин, оның да ишки, сыртқы сиясатлары, ҳәрбириниң өзине ылайық машқалалары болатуғынын есапқа алсақ, сол кишигирим мәмлекеттиң пуқаралары болған шаңарақ ағзаларының тыныш-татыўлығы, парахат турмысы, үйдеги үнемлилик, айлана келгенде перзентлер келешеги биз ҳаялларға көп жағынан байланыслы екенлигин умытпасақ деймиз.

## ЕРКЕК ҮЙДЕН БЕЗСЕ...

Қақаман қыс күнлеринин бири. Бәршемиздиң нәзеримиз қапыдан атымды сорап атлаған келиншекке емес, мына суўықтан қорқпай қолына көтерип киятырған, бетиниң алмасы қып-қызыл, көзлери дөңгеленген суп-сулыў нәрестеге аўды. Нәресте болса, жыллы жерге киргенине ме, ямаса бәримиздиң оған меҳрибанлық пенен қарағанымызды сезди ме, мәс болып талпынып күлип қойды. Бийгүна нәресте суўықта анасын бул есиклерге қандай дәртлер айдап келгенин, усы жүрислердиң өз тәғдирине, келешегине байланыслы тәреплериниң көп екенлигинен хабарсыз, қолларын одеалдан шығарыўдан өзлери отырған диванға асылысып ойнап кетти.

Шаңарағымды сақлап қаламан деп өзин отқа да, суўға да урып жүрген Розаның (атлары өзгертилип алынды) дәртлерин түсликке шықпастан тыңладым. Қарсы алдымда дәслептен аты шыға шаппаған, бәрха талайына оны түсинбейтуғын, қәдирин билмейтуғын күйеўлер тап бола берген муңлы келиншек биресе күйинип, биресе көз жасларын булап отырып дәртин төгип атыр...

Сөйлескен ўақытларда барлық сораўларыма жуўап бергени менен оның менен қайта-қайта ушырасыўымыз керектей, шешилмеген жумбақлар бардай түйиле берди.

Ҳақыйқатында да, Розаның күйеўи, жумыс орнындағы басшылары, жеңгеси, Роза менен буннан кейинги болған ушырасыўларымыз өзинин гәпи бойынша сүттен ақ болып отырған Роза, оған аҳыў-зар болып қосылған турақсыз Наўрыз ҳаққындағы пикирлеримди кем-кем сейилте берди.

Ер адам уядай үйин, көзлери мөлдиреген бийгүна нәрестесин, бахытлы ететуғынына исендирип қослас болған келиншегин бир күнде таслап изине айланбай кетиўинде ҳаялдың да «үлеси» болатуғынын, сөз етпекши болған жағдайымыздағыдай «алтын қолдан кеткеннен соң» оны қалай болмасын қайтарыўдың жолын излеп қалатуғынын, көбинесе бул жуўырыспақлар нәтийжесиз

тамамланатуғынын кеўиллеримиздиң бир мушына түйип қойсақ шеп болмайды.

Роза бурынғы күйеўи менен жети жыл қослас болған ҳәм еки перзентли болған ўақытларда айырым себеплерге бола ажырасып кеткен. Төркининде отырған күнлери жасы өзинен киши Наўрыз бенен кеўиллесип жүрген. Жигит оннан келиншеги бар екенлигин, татыў турмыс кеширип атырғанын жасырмаған. Бул ушырасыўлардың кейни Наўрыздың шаңарағы бузылып, Розаға үйлениўи менен питкен.

Олардың қослас болғаннан соңғы палдан татлы болып жасаған ўақытлары бес-алты айдан аспаған. Келиншегинен гүманлана беретуғын Наўрыз бир күни өзине жанықаслық етип, емлеўханада өзине келген. Буннан соң үйине қайтып бармаған. Ол кеткеннен соң Роза қызлы болып, бир жыл бойы күйеўиниң қайтып келиўин күтип отырған.

Розадан бул гәплерди еситкеннен соң Наўрыз бенен ушырастым. «Бир емес, еки келиншегиңди жылатып, қәлеген ўақытта төркинине ҳайт қоя беретуғын ҳаяллардай таслап кете бергениң жигит атыңа ылайықпа?» деген сораўымды еситип ол бираз үнсиз қалды.

– Роза редакцияға бийкар барыпты, – деди ол узақларға тигилип отырып. – Гәпим-гәп. Енди ким араласса да оның менен қайта шаңарақ болыў нийетим жоқ. Ол мени алдады, абырайымды ойламады. Не жағдай болса, бәрин жасы үлкенлердиң ортасында айттым. Айтылмайтуғын нәрселер айтылып кетти... Енди пайдасы жоқ. Егер берсе, қызымды өзим тәрбиялайман.

– Бул ислердиң кисиден көрерлиғи жоқ, – деди көшесиниң жасы үлкени. – Буны қайтар дүнья дейди. Наўрыз бурынғы келиншеги менен жақсы жасап атыр еди. Олардың турмысына усы Розаның араласыўы сол келиншектиң бахтына кес болды. Оның күйеўимнен ажыраспайман деп жылап-еңиреп жүргенлери, Наўрыз тәўеллеге турмай Ро-

заны алып келгени бизлердиң кешегидей көз алдымызда. Мен Наўрызды ақылландырып та, урысып та көргенмен. Бирақ, ол пикиринен қайтқан жоқ.

Роза менен соңғы мәрте ушырасқанымызда оған берген бираз сораўларымның басы ашық қалды. Оның менен редакцияда биринши мәрте ушырасқаннан кейин ата-аналары, жасы үлкенлери менен бирге сөйлесилсе, Наўрызды ақылландырса, ортасындағы және бир перзенттиң тири жетим болыўының алды алынар еди, деген пикирим надурыс шықты.

Ендиги жағында пешанамыздан көрермиз деп үшинши мәрте өз бахытларын излеўдиң қайсысына не беретуғынын ҳеш ким болжай алмайды. Лекин, бир емес, еки емес, исиң оңына баса бермесе, жаман ат ҳәркимниң өзинде қалатуғын тәреплери де бар...

## ЖОҚЛАЎДЫ ЕР АДАМ ДА АЙТАР ЕКЕН...

Ерли-зайыплылар бир-бирине әсиресе қартайғанда керек, олар жасы өткен сайын қәдирин көбирек билер екен, деген сыяқлы сөзлерди көп еситкенимиз бенен турмыста тереңирек аңлай бермейди екенбиз. Ойда жоқта ушырасқан, жолаўшыларға ярым жолда қосылып ҳәм ҳәммеден бурын түсип қалып, ең болмағанда атын сорап қаларман деп отырған маған «пәнт берген» ғарры тек мени емес, «Газель» толы жолаўшылардың айырымларын муңайтып, кеўли дым босларын жылатып жөнине кетти. Яқ, жөнине кеткен жоқ, өзи бизлерге қосылмастан бурын ҳәр ким ҳәр жақтан ғаўырласып, биреўлер жетпесинлигин, биреўлер базардағы баҳаларды, биреўлер басшыларды айтысып ҳәўирин шығарып киятырған машина салонындағы салқын ҳәм аўыр атмосфераны тап-таза етип кетти.

Машина орнынан қозғалғаннан кейин әтирапымдағыларға нәзер салдым. Ғарры минбестен бурын көтерилипбасылып барды-жоқты айтысып отырғанлардың бәри

де ойға шүмген. Жолаўшылар бул мәўритлерде өзлери дәслеп кимлерди суўдан алып-суўға салып киятырғанын, кимлерди «жыртық кеме»ге салыўға қайымластырып атырғанын, базар баҳаларын да умытқан сыяқлы.

…Ҳәммемизге ой салған бул ўақыя сол ғаррының машинаға миниўи менен басланып кетти. Онда көпшилик жасы үлкенлерге усай бермейтуғын пазыйлетлер ҳә де-геннен билинди. Жолаўшылардың дерлик барлығы өзиниң перзентлериндей жаста болыўына қарамастан, жән жағындағыларға сәлем берип, қол жайып ҳәммемизге ҳақ жол тилеген ол кондуктор сорамастан бурын кисеси-нен бир талай пул шығарды.

– Аға, пенсияңызды кемпириңизге услатпайсыз ба деймен, – деди буны бақлап отырған киси ғаррыны сөй-летпекши болып.

– Ол не дегениң, балам? – деди ғарры тикленип. – Пен-сия дегенге қол қойып алғанды туўарғаным қашшан. Пул-ды ақлық келиним услайды. Маған енди дүнья да, пул да керек емес. Қалған өмиримде жақсы сөз бенен бийминнет хызмет болса болғаны.

– Апай қайда, оған жаслығыңызда-ақ сондай бий-лик бергенбисиз? – деди және биреў ғаррының тилин қышытып.

– Не ушын бул гәплерди көпшиликте ортаға салып киятырғаныңды билмедим-дә, лекин, бизлер усы ўақытқа шекем үйде бийлик дегенниң не екенин билмеппиз. Би-ри-биримиз ушын туўылғандай болып өмир кеширдик. Ол сирә ғой, ҳәтте мен де оның атын айтпайтуғын едим. Сол кемпиримнен айырылғаныма еки жылға шамаласты. Мениң дәртимди қозғадың, балам. «Бул ғарры шаршаған екен демең, балларым, сизлерге де айтар гәпим бар» – деп бир қозғалып отырды да күтилмегенде толғаўын баслап жиберди. Бир қатары бир қатарынан мағаналы қосықлар дүркин-дүркини менен төгилер, зырлап баратырған ма-шина айнасынан сыртқа тиғилип, иркилместен терме-

леп баратырған ғаррының ериксиз аққан көз жаслары сақалына сорғалар еди. Жасарын-жасап, асарын асаған ерли-зайыплыларда айралық дәрти усыншелли болады деп ойламайды екенбиз. Ҳәмме тунжырасқан, тым-тырыс тыңлап киятырмыз. Ғарры ҳаяллар да келистирип айта алмайтуғын жоқлаў айтып киятырғандай еди. Ол кемпирин жаслайынан алғанын, сыйласыққа үйреткенин, алты ул-қызлы болғандағы қуўанышларын, қос арыс болып оларды камалға келтиргенин, басларынан кеширген жақсы-жаман күнлерин қыпсаламастан қыйсынын келтирип бозлай берди. Ал, кемпиринен қалай айырылғанын, не ушын изиңде қалдырдың деген «өкпесин», оның қәбирине қатарластырып өзине қойдырған орынға жеткенше асығып жүргенин, кемпирин жерлегеннен кейинги турмысын, ул-қызы мәпелеп отырса да сезетуғын жалғызлығын, қонағы келгенде қатарларын бир өзи шығарып салып турғандағы кеширмелерин айтып, бул ушын улды, келинди жазғырмайтуғынын, бул тәбийғый екенлиги туўралы қатарларда жолаўшылардың биразы жанарларына толған жасларын сыпырап отырғанын бақладым. Ғарры толғаўын бул күнлерине шүкирлик ететуғын жүдә мәнили қатарлары менен жуўмақлады.

– Мине, атаңыздан гәп сорасаңыз, – деди ол жүзин сыпырып болып, гәп баслаған жолдасына қарап. – Ҳәзир ақлық балам менен жасап атырман. Өзимниң ул-қызларым да жүдә мийримли. Кемпирдиң етегине салған бул ақлығыма ықласымыз шексиз болғанлықтан ба, салып берген жайына атам бармаса бармайман, деп турып алғаннан соң барлық балларым сол жайды мен отырыўға мүнәсип етиў ушын және күш салды. Қартайғанда өз разылығым менен кемиссиз етип бизди басқа шығарды. Ақлық келиним Бийпатманың шыны қызы болып шықты. Хызметинен хеш мин таба алмайсаң. Ҳалым келип аяғымның жеткен жерине шекем қыдыраман десем, ақлығым қалтамды пулға толтырып, алдыма машынын тартады. Арасында

самаллайын, адамлар менен сәўбетлесейин деп гейде усылай да жолға шығаман. Бул мени жеңиллетеди.

– Бурыннан да шайыршылығыңыз бар ма еди? – деди және биреў гәп арасында.

– Ҳәй балам-әй, күйгеннен күй шығады екен… Түсетуғын жериме келип қалыппан. Қосықты қандай ўақытларда тоқығанларымды ендиги жолдас болғанымда айтып беремен, бизде әңгиме көп.

Ол машинадан түсип баратырып изине айланып хошласқанда, ҳәммемизге таныс адам кетип баратырғандай ғаўырластық.

Және дөгерегимди серлеймен. Ҳәмме тым-тырыс.

– Әне муҳаббат деген! – деди күни менен айтылғанлардың бәриниң төркини тек муҳаббатта деп түсинген тезпейиллеў жас жигит. – Бир ҳаялға байланып өмирин өткерген қусайды, бийшара ғарры. Қосықты да жақсы шығарады екен, қасекең.

Оның ушқары айтылған гәпин ҳеш ким еситпегендей. Ким айтты екен деп бурылып қараған да адам болган жоқ. Олар өзлерине сол ғаррының татлы өмирин, бири-бирине меҳирин, перзентлериниң ҳадаллығын, усындай қариялыққа жеткериўин тилеп баратырғанын аңлаў қыйын емес еди…

## ПЕРЗЕНТЛЕР КЕЛЕШЕГИ ӨЗ ҚОЛЫҢЫЗДА

### 1. Бала саламатлығы мүнәсип келин таңлаўдан басланады

«Қандай да бир миллетти жексен етпекши болсаңыз, оның қызларын – болажақ аналарын жоққа шығарың. Қандай да бир миллетти гүллендирмекши болсаңыз, оның қызларын – болажақ аналарын жақсы тәрбияға, гөззал минез-қулыққа үйретиң» деген гәп бар. Соның ушын да халқымыз бурыннан да қызлар тәрбиясына айрықша ити-

бар менен «қыз саклаған сары май сақлағаннан да қыйын» деп қараған. Оларға «қырқ үйден тыйыў» берилген, әдеп-икрамлыққа, ийбелиликке, шаңарақ дәстүрлерине, ата-бабаларымыздан киятырған жолларға садықлыққа тәрбиялаған. Бул тәрбия өз гезегинде миллет тәрбиясына өз тәсирин көрсеткен. Тәрбия көрген қыз барған жеринде «тастай батып, суўдай сиңген», бир шаңарақтың арзыўындағы келинлерине айланған. Шаңарақтағы татыўлық, бир-бирине меҳрибанлық, жанашырлық, үйдиң берекетине, қәтержам турмыс кешириўине, түрли кеселликлерди пайда етиўши стресслердиң алдын алыўға унамлы тәсирин көрсеткен ҳәм булардың бәри саламат перзентлердиң дүньяға келиўинде, саламат перзентлер тәрбиясында жүдә әҳмийетли әмеллерден болған. Сонлықтан да, ата-бабаларымыз «Бала тәрбиясында мәмлекет басқарыўдан да көбирек талап етилетуғын ақыл, даналық талап етиледи», «Перзентлердиң қайсы мәнзилге барыўы қайсы жолдан кетиўине байланыслы» деген шығар.

Бурынғы заманларда ақыллы бир киси ақлығына былай депти:

– Инсанлардың ҳәр бириниң қәлбинде еки қасқыр арасында кешетуғын гүрес киби еки қыйлы қарама-қарсы сезимлер қәлиплеседи. Биринши қасқыр ашыў, қызғаныш, жалғаншылық қәсийетлерине ийе болса, екиншиси тыныш-татыўлық, ҳақыйқат, жақсы үмит, меҳрибанлық, опадарлық сезимлерин оятады екен.

Ақлығы атасынан сорапты:

– Кейин қайсы қасқыр жеңип шығады?

– Қайсысын жақсы бақсаң, сол жеңеди…

Қарап турсаң, булардың бәри өмирлик тәжирийбе, турмыс шынлығы. Улларымызды қалай тәрбиялап, қандай шаңарақлардан келин түсирип атырғанымыз, ертең саламат ақлықларымыздың қуўанышларына кенелип жасаўымызға, биз бүгин өмир сүрип атырған шаңарақтағы турмыс тәризине барып тақалады.

Шаңарақ әййемнен-ақ муқаддес саналған. Бул ҳаққында Платон былай дейди: «Неке мүнәсибетлерине кирисиўден алдын ҳаялыңды қандай шаңарақтан алып атырғаныңа яки қызыңды қандай шаңараққа узатыў мәселесине итибарсыз болмаўың керек. Буған уқсас мәселелерде имканы болғанынша қәтеге жол қоймаўды жүдә-жүдә қәдирлемек дәркар.

Жигирма бес жасқа кирген жигит қызларды көрсин, қызлар да жигитти көрсин. Соң өз қәлеўи менен қалыңлық таңласын да, таңлағанының перзентли болыўына ҳәм бирге турмыс қурыўына, балаларын бирликте тәрбиялайтуғынына көзи жеткеннен кейин оның менен шаңарақ қурсын. Ҳәр қандай некеде де бир қағыйдаға бойсыныў шәрт: ҳәр бир адам тек өзине мақул болатуғын емес, ал, мәмлекетке де пайда келтиретуғын некеден өтиўи керек».

Ҳақыйқатында бул гәплер нешше әсирлер бурын айтылғаны менен өз қунын жоғалтқан жоқ. Бүгинги күнимизде усы бағдарда қабыл етилип атырған қаншадан қанша Президент пәрманлары менен қарарлары бул әҳмийетли мәселениң мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилгенин көрсетеди.

Деген менен, мәселеге бәрше бирдей мәни берип атыр десек асыра айтқан боламыз. «Қызым еле кишкене деп жүр едим. Телефоннан сөйлесип жүрген жигити бир көрипти де алып қашыпты...», «Бир-бири менен агенттен танысқан екен, ата-тегин де сорастыра алмай атырып, балам топа-торыстан келин әкелди» деп итибарсыз гана айтып отырған аналар ямаса үйленемен деп ата-анасына да ескертпестен қыз алып қашып атырған ойсыз жигитлер келешеғин ойлап ис тутып атыр дей аламыз ба? «Түбинде бир шүберек баслыны алып келеди ғой, дузы қосып турғаны усы шығар» деп еле бирин-бири түсиниспеген, шығысы, ата-тегин билместен-ақ келинли болып төбелери көкке жеткен аналардың отқа түсип атырғанлары аз ба?

Егер улымыз жигит болғанда өмирлик саўдасында ата-анасы менен ойласпай оларға ҳүрметсизлик көрсетсе, бизиң менен бир шаңарақта жасайтуғын, бизиң әўладымызды даўам еттиретуғын, перзентлеримиздиң бирине айланыўы тийис ата-теги белгисиз қызды үйимизге киргизиўди талап етсе, ал, биз оған көзимизди жумып руқсат етсек, ақыбетиниң кисиден көрерлиги жоқ. Перзентлеримизге биз ата-аналардың қалған өмириниң қалай өтиўине, қәтержам турмысына, әўладына, шаңарақтың келешегине тәсири бар мәселени олар ер жеткенше түсиндире алмасақ, әҳмийетли мәселелер ойласық пенен шешилетуғынын, мың жыллық қуда-қудағайлық қатнасықлары кимлер менен болатуғынын билип ҳәрекет етиў кереклигин перзентлеримиздиң санасына қуя алмасақ, ата-ананың кемшилиги емес пе? Ажырасыўлар, тири жетимлер, өмирден опық жеген жаслар… Бунда тек жаслардың емес, биз жасы үлкенлердиң айыбы көплеў екенлигин мойнымызға алыўымыз керек.

– Өзим де он жети жасымда турмыс қурған едим, қызым да мениң жолымды қуўды, – деп мәс болып тәпбердиде отырған ҳаялға таңланып қарадым. – Ҳәзир колледжде оқыйтуғын қызлар турмысқа шықпасын деп күнде айтылып атыр. Муғаллимлери менен өзлериңиз келисе берерсиз. Оның да илажын таўып атыр ғой адамлар… Бирақ, қызым еле ҳеш нәрсе билмейди, турмыс қурыўға таяр емес, ҳәзирден айтып қояйын. Қалған жағында гәп таппай, ууысыңа ендирип алыў сениң ўазыйпаң.

Баламның писин куртып, қызын алып кетпесе болар деген ой менен «Үйретемиз ғой, үйретемиз ғой..» деп турған ене болмышқа қарап турып ойға шүмесең. Еси енген, оқып қәнигелик ийелеген, келинлик ўазыйпалары не екенлигинен хабарлы қызлардың да жат үйге бирден енисип кетиўи аңсат кешпейди. Он жети жасқа шекем қазанға жолап көрмеген, азадалыққа тәрбияланбаған, еле кишкене деп келинген қызды келинлик қәлибине салыў қандай

енеге де аңсат болмайтуғынына үстиртин қарап тур-аў деймен ишимнен. Ҳақыйқатында да бул шаңарақтағы үлкен үмитлер көп өтпей пушқа шықты. Сонша барды-келдилер, елдиң дәстүрине бола шабылғанлары самалға суўырылды. «Жақсы келин босағаның қуты. Жаман келин шаңарақтың жуты» деген сөз усындайдан қалған шығар.

## 2. Кәсип өмир мазмунына айланса…

Келешекте өзине де, жәмийетке де мәп келтиретуғын, кәсибин өмириниң мазмунына айландырған жаслар беккем шаңараққа, абат турмысқа, ҳәр тәреплеме жетилискен перзентлерди тәрбиялаўға өзлери тийкар жаратады. Гейде «оқығаны колледж ғой…» деген сыяқлы сөзлерди де еситип қаламыз. Жоқары оқыў орынларын тамамласа жүдә жақсы, лекин, этирапыңызға қараң, колледжде алған тәрбиясы, билими, тәжирийбеси, мийнетиниң арқасында маман кәсип ийелери болып кеткен жаслар қанша дейсиз! Қолында дипломы болғаны менен ийелеген кәнигелигин өзлери де терең өзлестирмегенликтен «қайығы қайырға теўип» жүргенлерге не деўге болады? Гәп жаслардың кәсипке, мийнетке қатнасында ҳәм мақсетине қарай умтылысында. Усы орында келтирежақ бир мысалым көп жасларға ой салады деп ойлайман.

АҚШ тың Детройт деген қаласындағы электр компанияларының биринде әпиўайы бир жумысшы ислепти. Ол ҳәптесине он бир доллар ис ҳақы алғанына қарамастан, ҳәр күни он саатлап мийнет етер екен. Бул жигит үйине келгеннен кейин де жаңа двигатель жаратыў үстинде түни менен тыныш таппапты. Оның әкеси улының бул исинен бир нәтийже шығатуғынына сирә исенбейди екен. Ал, қоңсылары болса, ҳеш ким менен иси болмай бәрҳа ой үстинде жүретуғын, тек жумысы менен машғул бул жигитти жиллисүрейге шығарыпты.

Жигиттиң ҳаялы ерине жүдә садық болып, түни менен кирпик қақпастан жумыс ислейтуғын күйеўиниң жанын-

да шыраны бәлент көтерип турар, қоллары, аяқлары талса да, бул жумыслардың нәтийжесин күтер, қолынан келген жәрдемин аямас еди.

Жыллар өтип олар түни менен жумыс ислейтуғын коймаханадан әжептәўир бир даўыс еситилипти. Қоңсылар болса, өзлери жиллисүрей деп есаплаған жигит ҳаялы менен таңқаларлық атсыз арбаға минип кетип баратырғанын көрипти. Бул жигиттиң аты соң исмин пүткил дүнья тән алған Генри Форд еди.

Форд танылғаннан кейин журналистлер бир күни оған сораў берипти:

– Егер жаслығыңызға қайтарып, басқа кәсип ийелеў керек болып қалса не қылар едиңиз?

– Кәсиптиң үлкен-кишиси жоқ. Қайсы кәсип пешанама жазылса да, қалғанына мийнетим менен ерисе беремен. Тек өмирлик жолдасым жанымда болса болды, – деп жуўап берипти ол.

Мине, мийнеттиң, мақсетке умтылыстың, өмирлик жолдасты дурыс таңлаўдың кәраматы. Дурыс, Форд сыяқлы автомашиналар жаратып, әлемге даңқ таратыў ҳәр кимниң де қолынан келе бермес, бирақ, бизиң күнлеримизде де кәсибинен камал табыў ушын пидайылық көрсетип, артқа шегинбей алға умтылған жаслар кем болып атырған жоқ. Олар жәмийетке керекли инсанлар дәрежесине жетиспекте. Шаңарағын абат етиўге умтылған жаслар беккем шаңарақ ийелери, саламат перзентлердиң ата-аналары болып жетилиспекте.

### 3. Саламат бала – саламат жуплықтың мийўеси

Некелесиўши жасларды некеден алдын медициналық тексериўлерден өткериў тек сол жаслардың ден саўлығына ғана емес, қурылайын деп атырған шаңарақтың беккемлигине, саламат перзентлердиң дүньяға келиўине тиккелей тәсир ететуғын факторлардың бири есапланады. Бирақ жасларымыз да, ата-аналарымыз да бул бағдардағы

ҳүкиметлик қарардың әҳмийетине толық түсиниспей атырғаны турмыс ҳақыйқатлығы. Буның биринши себеби, халқымыз арасында еле де сақланып киятырған келинди алып қашып әкелиў дәстүрине байланыслы екенлигин мойынлаўымыз керек. Сонлықтан да гейпара жасларымыз «болар ис болып, бояўы сиңгеннен соң», айырым жағдайларда шаңарақ көтергенине бираз жыллар болғанда ямаса перзенти дүньяға келер ўақытта неке гүўалығы зәрүр болған гезлери некеден алдыңғы медициналық тексериўлерден өтип жүргенлериниң гүўасы боламыз. Әлбетте, бул тексериўлерде анықланған кеселликлер шаңарақлардың беккемлигин тәмийинлемейтуғыны, саламат перзентлердиң дүньяға келиўине тийкар бола алмайтуғыны анық.

Статистикалық мағлыўматларға қарағанда, дүньяда адамлар барған сайын саламатласпақта. Буннан елиў жыл бурын адамлар орташа алпыс жыл өмир көрген болса, ҳәзир жетпис, Өзбекистанда болса, жетпис үш жасты курайды. Бир мың тоғыз жүз алпысыншы жылы дүньяда ҳәр бес нәрестениң бири қайтыс болған болса, ҳәзирги ўақытта туўылып атырған ҳәр жигирмаланшы бала өмирден көз жумады екен. Демек, балалар өлимшилиги дүнья бойлап пәсеймекте. Мәмлекетимизде бул бағдарда исленип атырған жумыслар дүнья кең жәмийетшилигиниң ҳәўесин оятпақта.

### 4. Жақсы нийет – жақсы әмел демекдур

Мырза Улығбектиң ҳақыйқый исми Мухаммед екенлигин ҳәмме биле бермейди. Сақыпқыран бабасы Әмир Темур оны бәрҳа «Улығым» деп еркелеткени ушын Мухаммедтиң исми Улығбекке айланып кеткен. Демек, Әмир Темурдай уллы инсан да әўладын өзинен бәлент көрген, меннен де уллырақ болсын деп нийет еткен.

Бизиң мәмлекетимиздиң перзентлер тәрбиясы бағдарындағы сиясаты бизлерден де көре билимли, ақыллы,

бахытлы әўладты камалға келтириў. Бул нийетлер бүгинги турмысымызда өз көринисин таппақта. Ҳәзир қайсы аўылға барсаңыз да сарайдай мектеплерди, кәсип-өнер колледжлерин көресиз. Бүгин билимлендириў тараўы жәҳән стандартлары талабына умтылмақта. Бул талапларды тәмийинлейтуғын материаллық-техникалық база жетерли. Муғаллимлердиң саўатлылық дәрежеси, тәжирийбеси, уқыбы, пидайылығы болса, ата-аналар перзентлериниң оқыўына, тәрбиясына жетерли итибар менен қараса, алынбайтуғын шек қалмайтуғын дәрежеде имканиятлар бар.

Бүгин перзентлеримиздиң информация алыў дереклери жүдә көп. Буның жақсы тәреплери де, қәўипли тәреплери де жийи-жийи айтылып атыр. Қызығарлы хабарлар ағымы баланың еле ер жеткен-жетпегенин таңлап атырған жоқ. Түрли тәрбиясызлықты үгит-нәсиятлайтуғын, жаслардың санасын тез уўлайтуғын, оларда бийпәрўалық пенен жуўапкерсизликти қәлиплестиретуғын, ҳәтте өз жанына қаслық етиўге ийтермелейтуғын мыңлап сайтлар сутканың қәлеген ўақтында өз хызметлерин усынбақта. Қәнигелердиң айтыўына қарағанда, бундай информациялар көбейген сайын дүньяның мәнаўий аўҳалы қамбағалласпақта.

Бабаларымыз информациялардың тарқалыў көлеми ҳәзиргиге қарағанда миллион есе кем болған дәўирлерде-ақ бул мәселеге бас қатырған. Шайх Шиблий бабамыз: «Төрт мың ҳәдис оқыдым, төрт жүзин ядладым, соннан төртеўине ғана әмел еттим» деген екен. Айтайын дегенимиз, информациялар ҳәдден зыят көп, бирақ оған сүйенгенде саналы қатнас зәрүр. Биз ата-аналар балаларымызды күндиз-түни бақлап тура алмаймыз, буның мүмкиншилиги де жоқ. Бирақ, сол информациялардың қәўипли тәреплерин перзентлеримиздиң санасына қуйып барыў, жасларды туўры жолға бағдарлаў, бул ушын олардың ишки дүньясынан хабардар, машқалаларына ортақ, бирликте шешимин табыўға итибарлырақ болыўдың әҳмийети

үлкен. Перзентлеримизге ҳәр қашан «Билим ҳәм өнерге умтыл. Жақсыларға жолдас бол. Егер жолың айдын болмаса, дана ҳәм сақ адамлардың етегинен тут. Олар ерте ме, кеш пе, сени айдын жолға алып шығады» деген даналық гәпке әмел етиң дегимиз келеди.

## ҚЫЯНЕТ

Журналистикада мен ушын ең жақын болған тема – ҳаял-қызлар темасы. Олардың жетискенликлерин, машқалаларын жазыў мақсетинде қаҳарманларым менен ушырасып гүрриңлескенимде гейде ўақтымның көбиси мақалам ушын мағлыўмат алыўға емес, ал мен әрманы жоқ шығар деп ойлайтуғын ҳаяллардың басынан кеширгенлерин, өмирдеги қыйыншылықларын, өкинишлерин тыңлаўыма кетеди. «Бул гәплер газета ушын емес, саған негедур төгилип атырман» деген сөзлерди олардан көп еситкенмен. Достысындай, сиңлисиндей көрип айтқан сырларын тыңлап, өзлериниң ишки дебдиўлерин төгип жеңиллескенлерин аңлағанман. Ҳаяллардың бундай сырлары кеўил түпкирлеримде қат-қабат болып жатырса да, бир қаҳарманымның муңлы тәғдири, сгитилип отырып айтқанлары ўақты-ўақты есиме түсе береди. Өмирде нелер гезлеспейди дейсиз, мүмкин ҳаяллардың сергеклеў болыўына түртки болар деген нийетте, атларын өзгертип хатқа түсиргенди мақул көрдим.

– Бес перзентли болғанша дүньяда меннен бахытлы ҳаял жоқ шығар деп ойлайтуғын едим, – деген еди Әмина сонда. – Күйеўим Жәнибек те, өзим де басшы жумысларда иследик. Биреў-биреўимиздиң табысларымызға қуўанып, өмирге қулшынып жасағанбыз. Ол маған: «Өмирдиң қызығы енди басланады. Дүньядағы ең бахытлы ҳаял, ең бахытлы ана сен боласаң. Исене бер, сени сол дәрежеге жеткериў қолымнан келеди. Соның ушын жасап атырман» дер еди. Мен оған пүтин барлығым менен исенгенмен.

Усындай күнлердиң биринде сиңлим күйеўи менен урысып, үйге жылап келди. Ери менен енди шаңарақ бола алмайтуғынына көзим жеткеннен кейин анама жүк болмай-ақ қойсын, мениң қасымда-ақ жүре берсин деп төркиниме жибермедим. Мениң бул пикириме Жәнибек те қарсы болған жоқ. Мен, мениң перзентлерим, шаңарағым ушын сол сиңлим бир өмир бахытсызлық алып келгенин, «шығасыға ийеси басшы болады» дегендей, тәғдиримниң астан-кестен болыўына тийкар болған баслы қәтелигим усы шешим болғанлығын бираз жыллардан соң түсиндим.

...Солай етип, бурын оқымаған, қолында өнери жоқ сиңлимди оқыттық, жумысқа өткердик. Ол үйимиздиң бир ағзасы болып енисип кетти. Мениң абайсызлығым ба, арқайынлығым ба, жыллар бойы бир үйден кирип-шығып, бир дастурханнан аўқатланып жүрип я сиңлимниң, я күйеўимниң көз қарасының өзгергенин, бири-биринде кеўли барлығын аңламағанман. Бирақ, екеўи де жумысларынан кеш қайтар еди.

Бир күни таныcларымнан бири «Күйеўиң балдызын ара-арасында қыдыртып туратуғынын саған айта ма?» деп сорап қалды. Жәнибекке исенгенлигим, сиңлим маған қыянет етеди деп санама кирип те шықпайтуғыны соншелли, мени сергеклеў болсын деп өзиниң гүманын айтқан танысым менен шарпа урысып, енди қайтып гәп ашпастай еттим. Еситкенлерим туўралы күйеўиме де, сиңлиме де илла деп үндемедим. Ўақыттың өтиўи менен бул гәп ядымнан шығып та кетти.

... Жыллар өте берди. Сол жылларда апалы-сиңлили бир үйде отырып Жәнибектиң күндес ҳаяллары болып жасағанымызды кейин билдим. Бунның анығын өзим шуқластырып ямаса аңлып жүрип билгеним жоқ. Бир күни жумыстан келиўден мениң көзимше екеўиниң қырылысып урысыўы олардың нешше жыллық сырын паш етти. Олар бири-бири менен дәлиллесип отырып, мениң барымды, өзлери ушын ким екенимди умытты.

Урысының мәнисин аңласам, сол күни сиңлиме «күйеўи» қаяққа баратырғанын айтпай кетип, алдаған екен.

Үйимизде күтилмегенде жүз берген бул ўақыя барлық нәрсеге айқынлық киритти. Сиңлим бизлер менен бир үйде жети жыл бирге жасаған болса, жети жыл мениң күндесим болыпты. Айтылып атырған гөне патлақ сөзлердиң хәр бири мениң шүй төбемнен тоқпақ пенен урғаннан да бетер тәсир етти. Бундай исти күтпегенлигим соншелли, бир аўыз «бул не?» деўге де тилим гүрмелмей, екеўиниң бетине бирим-бирим қарап лал болып қалыппан.

Өзиме келгеннен кейин де күшим тек еки көзиме жетти. Ҳаялының көзине «шөп» салып, соң жөнге түсип кеткен жигитлердиң қылўалары турмыста ушырасып турғаны менен жети жылга шекем перзентлеримниң бири болып жасап келген туўысқанымның басыма адам исенбестей саўдаларды салыўы мен ушын еки есе соққы болды.

Мениң сондай бослығым ба, усы ўақыядан кейин де сиңлимди үйден қуўып шықпадым. Оннан түңилгеним соншелли, жүзине қарамадым, «бул не қылғаның туўысқаным?» демедим. Бирақ, күйеўимнен болған исти өз аўзынан айтып бериўин талап еттим.

Жәнибек меннен уялған жоқ. «Бәри сиңлиңниң өзинен. Қайсы жезде ҳаялы өлмей турып балдызын алып атыр. Тек мени айыплай алмайсаң. Болар ис болып кетти. Егер бәрин умытатуғын болсаң, бүгиннен баслап оны үзил-кесил қояман. Бирақ, оған жай алып бериўим керек, сөз бергенмен» деди. Мен бес перзентимниң келешегин ойлап, ел-журттан уялғаным ушын булардың бәрин кисиге билдирмеўге, сиңлиме жай алып берип, о дүнья, бул дүньяда жүз көриспеўге қарар еттим. Жатсам да, турсам да көрген қыянетимнен азап шегип, перзентлеримниң әкесиз қалыўынан, ел-журтқа масқара болыўымыздан қорқар едим.

Бәрҳа иштен күйиниўим маған қымбатқа түсти. Қан басымым жийи көтерилип, жүрегим шаншатуғын болды.

Шашларым сол күнлери ағарып кетти. Сонда алды мектеп питкерейин деп турған перзентлеримизге қанша билдирмеўге ҳәрекет еткеним менен олар истиң бағдарын аңлай баслады. Үйде берекет қалмады.

Ўақыттың өтиўи менен өзим барып сиңлиме жай сатып алдым, бир қатар дәскесин бөлеклеп көширдим. Бирақ, Жәнибектиң маған берген ўәделери, мениң исенимим сол күнлери-ақ пушқа шықты. Күйеўим үйдиң жолын умытып, кеселге шатылған меннен де, перзентлеринен де хабар алғанды қойды. Мен уялған халықтан, олар уялмады. Сатып алынған жайда екеўи хожалық болып кетти. Жәнибекти көшеде, жыйналысларда ҳәр көргенимде: «Әмина, пешанамызға жазылғаны усы екен. Судқа арза жаз, оқымыслы адамлармыз, шаўқымсыз ажырасайық» дер, мен болсам: «ат айланып қазығын табады», перзентлерин қыйыўы мүмкин емес, деген үмит пенен яқшы ямаса яқ деместен, үнсиз бурылып кетер едим. Үйимизге судтан шақырыў қағазы келгенде ғана оның мен ойлаған Жәнибек емеслигине көзим жетти.

Судта екеўимиз де «характеримиз туўры келмеди» дегеннен ары өткен жоқпыз. Тәғдиримиз суд бир шақырғанда-ақ шешилди.

Балалардың екеўин мен әкетемен, деген Жәнибекке бир перзенти де ерген жоқ. «Онда жайды сизлерге бердим» деди де, сонша жыл жыйнап-терген дүньямызды сыпырып-сыйырып машинаға тийеп өтә кетти. Дүньяға таласпадым, мына балалар үлкейди, не төсенеди, не жамылады дегеним жоқ. Дәслептен билгенинен қалмаған Жәнибек және билгенин иследи. Бул мениң сорлы пешанама жазылған тәғдирдиң келеси соққысы еди.

Күнлер, айлар ырыл-тырыл өте берди. Мен өзиме келе баслайдым. Енди аяғымды тик баспасам, қор болатуғынымызды түсиндим. Қалай етсем де, балаларымның әкеси жоқлығын билдиртпей, бурынғыдан да жақсырақ кийиндиремен, иштирип-жегиземен деген қарарға келдим. Бир айлыққа қарайтуғын жумысымды

қойдым да сауданың жолына түстим. Мениң бийшара ҳалымды ҳеш ким көрмесин деп дәслеп үйиме төсек алып, балаларымды шоқтай етип кийиндирдим. Ишлеринен бәрин билетуғын олар әкеси ҳаққында ауыз ашпас еди…

Булардың бәри бүгинге шекем картинадай көз алдымнан өте береди. Қалай еткенимде, қалай болар еди, деген ойлар елеге шекем жанымды жегидей жейди. Өзимниң сонша албау болғаныма, перзентлерин, мени аяғына басқан күйеуиме, көзиниң алдында сонша қыйналғанларымды көре тура жездесине ийелик етип кеткен туўысқаныма буншелли еркимди бере бергениме енди өкинемен. Өзим айыплы болмасам да халықтан уялғаным, бәри аттан анық болып қалған ўақытларда да жасы үлкен, жасы кишилерди жыйнап, екеўиниң де бетине түпирип үйден қуўып шықпай, арсызлық пенен бирге жасаған жылларым ушын өзимди-өзим жек көремен.

Қанша жыллар өтсе де, ең жақын адамларыңнан көрген қыянетиңди, берген пәнтин умытыўың қыйын болады екен. Ҳәзир ҳеш кимге, ҳәтте анама да исенбейтуғын болып қалғанман. Барлық нәрсеге гүман менен қарап, анығына жетпегенше кеўлиме тынышсызлық уялайды. Қәйдем, егер дәслептен усы қәсийетим болғанда, Жәнибек өзиме айта беретуғын ең бахытлы ҳаял, ең бахытлы ана мен болар ма едим?..

Ҳақыйқатын айтсам, Әмина буларды айтқаннан соң оған: «Пәнт бергеннен болма, пәнт жегеннен бол» деген, қанша пушайман болып, азапланғаның менен ҳеш нәрсени қайтарыў қолыңда емес. Бәрин қудайға салғаның жақсы болыпты, десем де Жәнибек пенен туўысқан әжапасының өмирине умытылмас дәрт салып кеткен Зулқумардың соңғы тәғдирин сораўға батына алмадым. Анығырағы, олардың қыянетлик жолын тутып жетискен «бахытлары» туўралы Әминаның жүрегин тырнатып айтқызғым келмеди.

Бираз жыллар өткеннен кейин хызмет сапары менен олар жасайтуғын районға барғанымда, Жәнибек пенен

кәсиплес, оны таныр-аў деген адамлардан сорастырып көрдим. Ҳақыйқатында да, ҳә дегеннен оны таныды. Ашығыў-бийқарар болып қосылған сол ҳаялынан да айырылғанын, соң және бир ҳаял менен турмыс қурғанын айтты. Қудайдың шеберлигин қараң, кейинги ҳаялы бәринен де «зор» шығыпты. Ақырында ол ишиўшиликке берилип, бар абырайынан, «кимсең, Жәнибек» деген атынан айырылып, енди ҳеш кимге керек болмай далада қалғанлығын аяўшылық билдирместен айтып берди.

Оқып отырғаныңыздай, Әмина ҳәм оның бийгүна нәрестелериниң көз жасы оны узаққа апармапты. Бурын Жәнибектиң көзине шөп шелли де көринбеген бес ул-қызы бүгинлиги камалға жетисип, анасын алақанына салып отыр екен.

...Көпшилик ўақытларда мақаламның қаҳарманлары болған ҳаяллар менен кеўил жақын болып қаламыз. Биринши мәрте дусласқанымызда-ақ барлық сырын алдыма жайып салған Әмина да сондай. Бирақ, мени ҳайран қалдыратуғын бир нәрсе, онда биразларымыздан табыла бермейтуғын устамлылық бар. Олай деўимниң мәниси, мен Жәнибектиң соңғы тәғдирин еситкели берли Әминаны көрсем, сол туўралы гәп баслар, «бизлерди жылатып кеткени менен оңып атырған жоқ» деп бир аўыз айтар десем, бул туўралы аўзын ашқан емес. Бүгинги турмысын, перзентлериниң мийирманлығын, жоқары оқыў орынларын питкерип, аўзына ас салып атырғанын сүйсинип айтқанларына қарап турып: «алтынды тат баспайды» деген усы екен-дә деп қояман. Мүмкин, оның ҳәзирги бахытына усы сабырлылығы, усы устамлылығы, барлық нәрсени ақылға салып ислеген ҳәрекетлери тийкар болған шығар...

*2001-жыл*

## ӨЖЕЛ ДЕГИШИ

Әжел дегиши бир қарамасын, қарайғойса балық базардай толып-тасып жасап атырған үлкен шаңарақтың да күл-опаты шығып, жалынға суў қуйғандай тым-тырыс болып қалыўы демде-ақ екен. Бир жылға жетер-жетпес ўақыт ишинде ер жетип қатарға қосылған үш азаматы менен еки бирдей ҳүр киби қызлары бәри бес перзентин қара жер қойнына берип бозлап қалған ғәрип ана Зағыйпаның (китапта аты өзгертилди) күнин ҳеш бир бендениң басына салмасын.

Әжел төсегинде жанталасып атырған ҳәр бир перзентиниң қыйналғанларын көрип, қолынан келер шарасы жоқ, жаны қосыла шығардай пәрмана болып жүрген ананың ҳалын көз алдыңа келтириўдиң өзи аўыр. Баўыр етинен жаралған бес перзенти көзиниң алдында бирим-бирим әжел тырнағында кетип баратырғандағы аянышлы кеширмелерин қағаз да көтере алмайтуғындай...

Мен бул үйге барған күни пийшемби еди. Үйде марҳумлардың руўхына ийис шығарылған. Сыртқы есиктен-ақ, сыңсып жылап атырған ҳаял даўысы еситилди. Ишки бөлмеде үйдиң төринде илдириўли турған портретлердиң алдына бирим-бирим барып жоқлаў айтып зар еңиреп, перзентлери менен сөйлескендей дәртин төгип турған ананы бақлап турып езилип кеттим. Өлди деўге тилиң бармайтуғын суп-сулыў боласынлы жигитлер анасына бир турыста, күлимсиреп бағар еди. Ал, көзлери ғиреў тартып, азып-тозған, қоллары тынымсыз қалтырап турған Зағыйпаның еле 44 жасар ҳаял екенине ҳәзирги турысында ҳешким исенбейди. Еринен ерте жесир қалып, балаларына әке орнына әке, ана орнына ана болып камалға келтирген, алды енди ғана 25, кейни 14 бәҳәрди көрген перзентлериниң дағы оны усы ҳалға келтирди.

Сегиз жылдан берли кеселге шатылып, өмирлик майып болып қалған Зағыйпаның қара күнлери 1996-жылдың 9-сентябринен басланды. Усы күни прокуратура-

да ислейтуғын Әбдибайы үш ай емлеўханада жатып, өмирден көз жумды. Асымның алды, суўымның тынығы деп түсирген келини Әбдибай емлеўханада жатырғанда-ақ кетип қалды.

Үлкен улы жерленгеннен соң телеорайда ислейтуғын Асқарбайы «аўырып жүрмен, апа» дегенде жүреги бир нәрсени сезгендей дизесинен дәрманы кеткен Зағыйпа күндиз-түни перзентиниң тилегин тилер еди. Оны да емлеўханаға жатқарған сорлы ана тырмасып жүрип, жоқ жерден дәрилерин жеткерип үш ай емлетти. Ири денели, тулғасы келисип қалған, жоралары Вандамм дейтуғын Асқарбайға бул дәрилер де, қудайға күндиз-түни жалбарыныўлар да жәрдем ете алмады. Ол қайтыс болғанда баўыры тартылып, өлердей ҳалға келген Зағыйпа өзиниң талайына еле неше перзентиниң дағы жазылғанынан бийхабар еди.

Жаңа 20 бәҳәрди көрген Зуфары Асқарбайдың жүзин тарқатыўдан көз жумды. Ана болса еле тырмасар, енди бириниң изинен бири емлеўханаға жатқарылған қызлары Нуржамал менен Розасының тилегин тилер, олардың тири қалыўынан үмит етер еди.

Бирақ, олай болмады. Ғәрип ана еки бирдей қызын да қара жер қойнына берди.

– Балаларымның бәри де туберкулезге қарсы диспансерде емленди. Еки қызым болса, биреўи ересеклер, биреўи балалар бөлимине бир ўақытта жатқарылды. Қызларымның жаны үзилемен дегенше үй қарасын көрмедим. Олар биреў-биреўиниң қайтыс болғанын билместен-ақ кетти. Билмедим, қудайға не жазығымның болғанын, қырғын урыс жылларында да бир үйден бес адам өлгенин еситпеген едим… Ҳәзир қайсысының садақасын қай ўақытта беретуғынымды жаңылысаман. Еле биреўиниң қырқы, биреўиниң жүзин, төртеўиниң жыл садақаларын тарқатыўым керек...

Зағыйпа менен сәўбетлесиўимиз ўақтында оның көзиниң жасы бир мәўритке де тынбас еди. Ол балала-

рын қандай қыйыншылықлар менен келе қылғанын, үйи олар менен толы ўақытлардағы бахытлы күнлерин, қайсысынын қалай аўыра баслағанын, ҳәр бириниң жаны шығар ўақытларда анасының қолына жабысып айтқан сөзлерин, улыўма таўсылмайтуғын дәртлерин төгер, аз болса да кеўилин босатып жеңилленер еди.

Оннан усындай аўҳалда қалған шаңараққа сырттан қандай жәрдем болып атырғанын сорағанымда, үлкен улым қайтыс болғаннан соң мәкан пуқаралар жыйыны тәрепинен үш ай ғана жәрдем пул алдым. Басқа жәрдемин көрмедим. Қалалық ҳаял-қызлар комитетине барып балаларымның садақаларын тарқатыўыма жәрдем сорағанымда қалалық «Азық-аўқат» акционерлик жәмийетинен бир қалта ун, бес килограмм май алыўым ушын мағлыўматнама берди. Бирақ, қатнап-қатнап усыларды да ала алмадым. Сол жерде де жылай берген қусайман, «бәри қырылатуғын балаларды туўа берип не қылайын деп едиң» дегенин еситкенимде қулап қалыппан. Алған затым жоқ, өзиме келген соң үйиме зар еңиреп қайта бердим.

Қоңсы-қобаларым менен ағайин-туўғанларымның кемиси жоқ, бәрин де есабын таўып жайғастырды. Бирақ, балаларымның ҳәр қайсысы емлеўханада жатқанында дәри пулға алған қарызларым мойнымды көтертетуғын емес. Майыплық топардан алатуғын напақам менен бул қарызлардан қутыла алатуғыныма көзим жетпейди. Қалай болғанда да мениң мойнымда қарыз кетпеўи, қалай етсем де меннен үмит етип жатырған перзентлеримниң садақаларын тарқатыўым керек...

Ата-бабаларымыздан киятырған тас қатты ма, бас қатты ма, дегенде бас қатты деген сөз дурыс екен. Парахатшылық заманда бес перзентиниң күйигине отырған Зағыйпа гәпиниң арасында бир мәрте болса да «шыпакерлер дурыслап қарамады» ямаса «жеткен адам есабын таўып алып атырған жәрдем пулды бермей атыр»

деп тилине баспады. Бирақ, дүзилгенине нешше жыллар болыўына қарамастан ўазыйпасына нелер киретуғынын, айтысып-шертисип жүрмесе де обал-саўапты билип ҳәрекет етиўи тийис мәкан пуқаралар жыйыны ақсақалы туўралы унамлы пикирде емеспиз. Өйткени, өли түскен үйге уны, майын әпериўге басшылық етиў, ең болмағанда усындай апатшылық дарыған шаңарақлардың ҳалынан хабардар болыўы жыйын ақсақалы ушын парыз екенлигин умытпаўы тийис.

Жылаўдан көзлери көрмей, қоллары кеса көтере алмастай ҳалға келген Зағыйпа барлық баласын жайғастырып болып емлеўханаға түскен. Ҳәзир де қалдаўрап жүрген ҳалында қайсы мәкемениң есигин қағып, кимлерден жәрдем сорайтуғынын билетуғын жағдайда емес. Оның ендиги жубанышы турмыс қурып, бала-шағалы болып кеткен ең үлкен қызы.

Қызым менен күйеў балам қаншама кеўлимди бағып күткени менен олардың үйинде қуўысланып отыра алмайман... Балаларымның кирип-шығып, көсилип жатқан жерлерин таслап кетким келмейди. Күнде, күн ара үйге келип, жылап-жылап шеримди тарқатып, ҳәр қайсысының сүўретлерине үңилип, сағынышларымды басқандай боламан. Қәбирлериниң басына бараман. Бесеўи де бир жерде, аралары қол созым жерлерде жатыр. Үйге жетемен дегенше мүшелерим өзиме бағынбайды, аяқларым ырқыма көнбейди...

Оқып отырғаныңыздай, бундай жүдә аўыр мүсийбет түскен үйлер сийрек ушырасады. Ашынарлысы, оған болған жәмийетшиликтиң қатнасы қәдимги жағдайлар менен бирдей қаралмақта. Жәрдем берилетуғын болса, қаламызда ислеп турған нешше-нешше фондлар да, қайыр-сақаўатлық ислеймен десе мыңлап исбилерменлер де, бас көтерип шөлкемлестиремен десе аўыл ақсақаллары да бар. Бул жерде жетиспей турғаны тек итибар, қайғыны бөлисиўдей пазыйлетлер ғана...

*1997-жыл, октябрь*

## ТАҢҒЫ ТУЙҒЫЛАР

Гейпара ўақытлары қайсы пасылды жақсы көресиз ямаса қайсы мәҳәл сизге көбирек унайды деген сияқлы сораўларды еситип қаламыз. Мениңше бул гәплер ағаң жақсы ма, апаң жақсы ма дегендей, мәниссиз сораўлар деп түсинемен.

Жаратылыстың өзинде артық яки кемис жаратылған нәрсениң өзи жоқ. Мәселен, түн болмағанда таңның әҳмийетин сезер ме едик? Ямаса бәрҳа күндиз болып турғанда, тиришилик дүньясы бәри бир ўақытта тыныс алар ма еди? Егер тыныс алмағанымызда адамзат дүньясы тынымсыз ҳәрекетке шыдам берер ме еди?

Айта берсең, солай жалғасып кете береди. Ең әҳмийетлиси, булардың ҳеш қайсысы бендениң ықтыярына берилмегенинде. Биз қәлейик-қәлемейик, жақсы көрейик-көрмейик, ўақтында ҳәм нәўбети менен қайталана береди. Бизиң ўазыйпамыз түнди түндей, таңды таңдай, күндизди күндиздей тәбияттың нызамына сай ҳәм ақыллылық пенен пайдалана билиўимизде. Солай екен, таң ҳәмме ушын бирдей атқаны менен оны ҳәр ким өзинше сезинеди. Биреўлерге жанға рәҳәт бағышлайтуғын таңғы ҳаўа, таңдағы тынышлық, қуяштың таңғы сағымлары, таңғы шық, таңдағы әлем гөззаллықлары, оның ояныўы өзгеше сезимлерге бөлеп, ҳәр күнди қуўаныш пенен күтип алса, айырымлар ушын таңғы уйқыдан мазалы ҳеш нәрсе жоқ. Қалай болғанда да таңның бәршемиз ушын тән қәсийети – мақсетлеримизди режелестиретуғын, жақсы нийетлеримизге баслама салынатуғын мәҳәл. Көбинесе күнниң қалай өтиўи сол күндеги жумысларымызды қалай режелестириўимизге байланыслы болса, режелестирилип исленген жумыслар бизиң турмыс абаданшылығымызды, турмыс қәлпимизди қәлиплестиреди.

Таң шапағынан бурын ояныў, таңды ояў күтип алыўға кишкенелигимизден әдетленгенбиз. Ата-анамыз бизлерге «Таң атпастан бурын адамлардың бир күнлик

ырысқы-несийбеси бөлистириледи. Уйқылай берсеңиз несийбеңизден бос қаласыз», «Ерте турған адамның ырысқы артық, ерте турған ҳаялдың бир иси артық» деп қулағымызға қуйған. Бул сөзлердиң ҳақыйқатлыққа қаншелли жақын-алыслығын сол гезлери билмесек те, өмир-өмиримизше ерте турыўды, азанғы ҳалқасқа шекем қандай да бир пайдалы ҳәрекет етиўди әдетке айландырыўымыз сол нәсиятлардың тәсири екенине гүманланбайман. Мәселен, ол гезлери таңнан турып ата-анамызға жәрдемлесиў, шайға шекем бир нәрсени еғип таслаў ямаса отап келиўге қыйланбағанбыз. Сол әдетим еле қалған жоқ, зәрүр болса таңғы саат төрт-беслерде турып мақала жазыў, ямаса бурынғы жазып қойғанларымды шыжбайлап көрип шығыў, ала бәҳәрден баслап таң ала ғеўгимнен кишкене қыйтағымызда ҳәрекет етиў турмыс қәлпимизге енип кеткен.

Ҳәр таңның тыныш атқанына, парахат елде, тыныш мәканда жасайтуғынымызға, перзентлеримниң аманлығына, олардың азанда үйден жумысларына шығып кетип, аман айланып келетуғынына исеним барлығына шүкирлик етемиз, усындай сезимлер менен дастурхан басына келемиз.

Бул туйғылар барлық аналар ушын тән деп ойлайман. Себеби, күн даўамында ислеген жумысларымыз, олардың нәтийжелериниң төркини шаңарағымыздағы кеўил тоқлыққа барып тақалады. Ал, шаңарақты уйытатуғын, сол үйге жылыў, тыныш-татыўлық, парахатшылық, азадалық дарытатуғын ҳаял екенин есапқа алсақ, буның ушын жуўапкер екенимизди сезинип жасасақ, пүткил жәмийетке пайда келтиргенимиз болады деп түсинемен.

Азанғы кейпият күн даўамында тәсир ететуғынын ҳәр ким өзинен-ақ мысал етип алса болады. Мәселен, бизлер журналистлерде де шаңарақтағы саламат турмыстың, кеўил-кейпияттың тәсири адамлар менен ислескенде, дөретиўшилик жумысларында жүдә билинип турады. Газетаның сол күнги санына мақала бериўиң тийис бо-

лып басында фактлер тығылып атырса да кейпиятың болмаса, қәлем шайнаўдан ары өте алмайтуғынымызды билгенликтен, басқа кәсип ийелерине қарағанда да өзимизге өзимиз нәтийжели жумыс ислегендей шараятқа, саламат шаңарақ, саламат атмосфераны қәлиплестириўге умтылыўымыз жүдә зәрүр. Айырымлар не ушын журналистлерди айрықша атап атыр, дөретиўши инсанлардың бәри бир емес пе, деп ойлаўы да мүмкин. Себеби, жазыўшы-шайырлар бүгин болмаса ертең, илҳамы оянған, кеўил кейпияты болған ўақытта жаза бериўи мүмкин, бирақ, журналистлерге ондай имканият берилмейди. Олар бүгингини бүгин, ертеңгини ертең жазбаса, ўақтында айтпаса, кешигеди. Басқалардан кейин жазғаныңның болса, зәрүрлиги қалмайды.

Биз ҳаял журналистлердиң шаңарақтағы жуўапкершилигимиз басымлаў. Мысалы, газетаның ертеңги санына таярлайтуғын мақаланы үйде жазып, азанға таяр етиўге туўра келетуғын ўақытларда үйге қонақ келсе, мен мақала жазбасам болмайды деп қонағымызға қарамаўға ҳақымыз жоқ. Ериң жолға атланар болса, оның аржақ-бержағына қарап шығарып салмасақ, бизиң ҳаял екенимиз өтирик, жумысым тығыз деп ағайин-туўғанның мерекесине бармай қала алмаймыз. Себеби, халқыңда қәлиплескен менталитеттен шығып ҳеш жаққа кете алмаймыз. Үйиңде биреў наўқаслана қойса, ҳаял адам қосыла аўыратуғыны және бар. Келинлериңе, ақлықларыңа дыққат бөлмесең, шаңарақтағы орныңды жоғалтыўың ҳеш гәп емес. Дизип айта берсең, ҳаялдың машқаласы толып атыр. Солардың бәрин есабын таўып режелестирип, керек болса, уйқыңнан безип, пидайылық пазыйлетине ийе болсаң ғана жақсы нәрселер дөрете аласаң. Адам оқығандай нәрсе жаза алсаң, мақалаларыңды оқыдым деп итибарға алынғаныңды сезинип жасасаң, сеннен бахытлы адам болмайды.

Әйтеўир нәрселерге-ақ қуўаныў, сәл нәрседен кейпиятыңды жоғалтыў дөретиўши инсанлардың бәрине тән нәрсе болса керек. Жумыстан қайтқанда

ақлықларым алдыма қушақларын аша жууырысады. Бул мәуритлер күни мененги машақатларыңды умыттырып жиберетуғын, бахытлы екениңди және бир мәрте ядыңа салатуғын мәуритлер. Олардың күлкиси, қууанышшы, ҳәтте топаланлары да ҳаялға илҳам бағышлайды. Енди пайызлы шаңарақтың бийкесине айланасаң. Солай етип өмириңниң және бир күни тамамланып атырғанын бахыт деп есаплайсаң. Буны өмирдиң мазмуны десе керек…

## ЖАНЛАРЫ ЖАДЫРАҒАН ЖЕҢГЕЛЕРИМ

«Тойға барсаң бурын бар, бурын барсаң орын бар» дегенди умыттыңыз ба? Бурын келдик, орын алдық. Арман отыр, берман отыр дей бермең, кейин келгенлер өзлериниң орнын биледи».

Төрге таман отырған, келисиги келип қалған келиншектиң бул гәпинен кейин жасы үлкенлигине қарап төрге мирәт еткен ҳаял тым-тырыс болды. Бир майданлық қонықта өзиниң адамгершилигин көз-көз қылған оған «сеники былай» деген адам болмады. Жапсарға жарасып отырған келиншек сол пикирде өзинен әдеуир үлкен ҳаялға шай қуйдырып, жумсап та қояр еди…

Бул көринислерди бақлап отырып өзлеримиз өскен орталықтағы сиз-бизлик, бир-биреуге мүриубетшилик ериксиз ядыма түсти. Усындайда мерекелерге барғанда «кел, қыз» деп отырған орынларынан биреуи дизесин, биреуи белин услап гүйбеңлесип туратуғын алпыс-жетпис жаслардағы кемпир жеңгелеримниң сыйласығын аңсайман. Сол кемпирлердиң қызындай болсам да, олардың ауыллас үлкен абысыны – Жума кемпирдиң етегине салынған ақлығы болғаным ушын барлық еркелигимди көтеретуғыны, кемпирлердиң ҳеш бири ҳәзирге шекем атымды айтпай, төрине отырғызатуғыны кеулимниң – түпкир-түпкирлерине жыллылық уялатады. Жоқарыда айтқан келиншектиң ҳәрекетиндей ҳәрекетлерди, сиз-бизлигин көргенде қушақ жайып, ой

бауырын үзип көрисетуғын, қолларымыздан сыйпалап, жай-жағдайларымызды сорастыратуғын, тилеклес екенлиги айтпаса да билинип туратуғын жеңгелеримниң сыйласығындай сыйласықлардың қәдирин және де уғынғандай боламан.

Сөйлесип отырсаң оларда гәп көп. Қызларды сыйлай бериң, деп үйретеди жас кишилерине. «Қыздың ең жаманы елин бир тойдырады» деген сөз бар. Узатылған қыз ушын ауылының бәри төркини. Олар елин сағынып жүреди.

Соң гәптен – гәп шығып, жеңгелеримниң тақыўалаўы әпсана айтыўға өтеди.

Баяғыда бир аўылдың азаматлары елсиз тоғай далаңлықларға аңға шығып кетипти. Аңның қызық-қызығы менен кештиң қалай болғанлығын аңламай, түн ишинде жүдә адасып атлары болдырған дейди. Ел бар-аў деген таманға жүрсе узақта бир жақты көринипти.

– Неде болса бара берейик, депти жигитлердиң жасыүлкени. – Егер мениң дусмалым дурыс болса, илгери жыллары усы таманларға аўылдағы Жумабай ағаның бир қызы узатылып еди. Бир топар адамды, олардың атларын ким тойдырып қудайы қонақ етер дейсең. Мүмкин, сол қарындасымызды таўып алармыз…

Аўылға жеткен жигитлер дусмалый бир үйдиң есигин қағып:

– Бизлер бир қарындасымызды излеп киятырмыз, – деген иштен шыққан жиғитке.

– Қарындасыңыздың аты ким? – депти оларға сынап қараған үй ийеси.

Жиғитлер бир-бирине қарасып, «сондай-сондай аўылдан, әкесиниң аты Жумабай» деп атырса, ишкериден шығып олардың қысыныспасын аңлаған келиншек аўыллас ағаларын таныпты. Күйеўиниң артында турып, оған билдирмей үнсиз ернин тислеп өңириндеги сәдебин көрсетип, ымлай берген қусайды. Келиншектиң бул ҳәрекетин сер-

ли жигитлердиң бири аңлап «қарындасымыздың аты Түймегүл еди» депти. Үй ийеси келиншегин төркининен излеп киятырмыз деген жигитлерди аттан түсирип, мал сойып ҳүрметлерин жайына қойып мийман еткен екен…

Жеңгелерим буннан соң жат журтлық болып кеткен қызлардың жолы, қәдир-қымбаты ҳаққында түўесилмейтуғын әңгимелерин даўамлайды. Қарап отырсаң, булар қурғақ гәплер емес, изиндегилерге берип атырған сабағындай. Еле ойын баласы, кишкене ғана бийкешлери есигинен кирсе, турып қолынан алып сәлемлесетуғын, мийрими төгилип туратуғын жүзлери күлимлеп төрине отырғызатуғын аўыллас келинлеримди көрсем, кемпирликке жетискен жеңгелеримниң өйт-бүйт демей-ақ, қарақалпақшылығымызды жасы кишилериниң санасына сиңдирип атырғанына қайыл қаламан. «Ағам алғанша, жеңгем жегенше» деген ибаралардың бир тәреплеме айтылғанлығын, аға-жеңге бир өмирге керек екенлигин және де тереңирек сезинемен.

*2001-жыл.*

## АЎЫЛЫМНЫҢ МӘРГИЯСЫ УСЫНДАЙ…

«Ҳәр кимниң туўылған жери – Мыср шәҳәри» дейди. Бул гәпте қаншелли турмыс шынлығы бар екенлиги өмирдиң ғалма- ғалшылығы менен аўылыма бираз ўақытлар из салмай кеткенимде, биреўдиң биреў менен иси жоқ, ҳәр ким өз тиришилиги менен әўере болған қалада саўдыраған аўылласларым менен дусласып «аўыл көшип келгендей» шын кеўлимиз бенен апақ-шапақ болғанымызда тереңирек сезинемен. Әсиресе, ҳәр бир нәрсеси көзиңе оттай басылып, жүрегинде жып-жыллы туйғылар ойтатуғын, аўыл деп әпиўайы ғана аталған менен оннан узақласқан сайын қәсийетли болып түйилетуғын соқпақларына қәдем басқанымда мен ушын бул жерлер-

ден қәдирлирек, әзизирек жер жоқ екенлигин уғынғандай боламан.

Бизлер абаданласып кеткен, газы, суўы, клублары, мәдений орынлары бар аўылда өспегенбиз. Бирақ, оған болған сүйиспеншилик, жүрегимиздиң түпкир-түпкирлерине «уйық теўип» қалған жыллы сезимлер қурғынласып кеткен пайтахтта жасағанымызда да ҳеш қашан қәлбимизди тәрк етпеген.

Аўылымның мәргиясы усындай. Бәлким, бул жерлерде ата-анам, туўысқанларым, бесигимди тербегенлер болғанлықтан ғана емес, усы мәканда мениң көзимди ашқан устазларым, қай жерде көриссек те ҳәзирги ҳәмели, мәртебеси, байлығы қыялымызға да келмей, өзимизди мектеп жылларындағыдай тең қойып қушақ ашатуғын досларым, бизлерге «қырқ үйден тыйыў» бере алған қәдирданларым болғаны ушын да усындай шығар. Бәлким, бул мәргияның арғы торкини аўыл адамларының сиз-бизлиги, сыйласығы, ийман-инсабы, жан ашырлығы, кеўил байлығында ма? Кисиден азар көргенде, базыбиреўлер олардың аққөкиреклигинен, садалығынан пайдаланбақшы болғанда «пәнт бергеннен болма, пәнт жегеннен бол» деп бири-бирине басыў айтып, жаманлыққа жаманлық ислеўден тыя алыўында, исеним, жақсы үмитлер менен жасаўында шығар. Қалай болғанда да, биз бәрине түсине бермейтуғын тартыў күши бар, туўылған аўыл дегенниң.

* * *

Жасап атырған жериңе, шараятыңа, әтирапыңдағыларға қарап, қолайласып бара береди екенсең. Шаңарағымыз бөлекленип, «дом»ға көшип келген биринши күнлеримизди еле умытпайман. Ҳәржақтан жыйналған, бири көшип келсе, биреўлери көшип кетип атырған қоңсыларымыздың үйимизге бас суқпайтуғыны, ҳал-аўҳал сораспайтуғыны, арадағы бир дийўал айырып жасап атырған адамлар сәлем-әликсиз өтип кете беретуғынына

өзимди гүнакардай сезетуғын едим. Кишкенелигимизден үйге жақын қоңсыларымыз бенен базар сорпамыз бир жерден желинетуғын, барымызды берип, жоғымызды сораўды ерси көрмейтуғын, төрт үйдиң бирине қонақ келсе, бәриниң қазаны көтерилетуғын сыйласықтың ушлығын да бул жерлерден таба алмадым.

Бир күни қоңсымыздың қызының көшедеги сәл ерсилеў қылўасын көргеннен соң анасына қулақ-қағыс еттим.

– Қыз меники, – деди ол. – Тәрбияны да сен емес, өзимиз беремиз. Қызымды гәп етпей жөниңе жүр. Көшип келгениң кеше, адамларға ақыл үйреткиң келеди…

Сада қарақалпақ деген мен шығарман, айтарымды айтып болып қанша пушайман жегенмен сонда. Соң усы қыз «жүўенсиз» кеткен ўақытларда да әтирапымыздағы қоңсылардан «сеники әнтек» деген бенде болмады.

Мәканы отырықшы адамлар бундай ислемеген болар еди. Ертеректе әкеси қайтыс болған жас өспирим жигит урлық ислеп қоңсы аўылда қолға түсипти, деген хабар шықты. Аўылымыздың жасы үлкенлери жыйналысып, урлық болған үйге уры баланы да алып, өзлери кеширим сораўға кетти. «Урлыққа үйренген адам қоя алмайды. Милицияға тапсырып, сотта жазасын бергизиў керек еди» дести биразлар. Соң үлкен басларын киширейтип, бир аўылдан бир аўылға кеширим сораўға барған ғаррыларды тыңласақ, мәниси көпшилигимиз ойлағаннан пүткиллей басқаша екен.

– Ел намысы деген болады, балаларым, – дести олар. – Аўылымыздан уры шығыпты, сотланыпты десе усы отырған жасы үлкенлердиң ҳеш бирине де абырай емес. Ҳәмме ортаға алған ўақытта жаңа жигит болып киятырған баланың қысынғанын көрип, ишимизден аяп та кеттик. Енди бундай исти илемейтуғынына оның сол ҳалын көрген бизлер исенемиз. Анасына да аңсат болмады. Баланы көп ақыллландырдық. Ендиги жағында оған бәримиз көз- қулақ болып турыўымыз керек…

Ҳақыйқатында да сол жигит аўылымыздағы жақсы шаңарақлардың бири болып кетти. Әтирапыңда усындай жанкүйерлериң болғаны қандай жақсы! Намыс-арды да, туўры жолды да, аўызбиршиликти де сақлайды олар.

* * *

Бурынлары «қудайдан тилесең де, кисиден дәме етпе» дегенди көп еситер едик. Әтирапымыздағылардан да көргенимиз сол болды. Сол жыллары аўылымыздағы толғатқан ҳаяллардың бәрин босандыратуғын, тийе-берсин Айсултан шешемниң таўық сорпаларынан бос қалмағанбыз. Ол заманда киндик шешелер туўған ҳаялға таўық сорпа апаратуғын жақсы дәстүр бар еди. «Ала бәҳәрден баққан шөжелеримниң рәҳәтин усы қатынлар көреди. Буларды қаладағы дуктырханаға жиберип ҳақынан шығыў керек-аў…» деп зилсиз күлер еди шешем. Сонда бир аўылдың ҳаялларының аўыр мүшкилинен өзи де қыйналатуғынын, гейде жан саўдасынан қорқып қалатуғынын онша аңламайды екенбиз. Ол бир жаққа қыдырмақшы болса, айы-күни жақынласып отырған ке-линшеклерге бизлерди жиберип ыңқыл-сыңқылы бары-жоқлығын «разведка» қылдырып, соң арқайын кетер еди…

Абат мәкан деп тек гүлленген мәканларға ғана айтыл-майды. Мәкан ҳәр қашан кеўли кең, сыйласықлы, туўған жер, ел-журт намысына тырысатуғын инсанлары менен гөззал.

## ОРНЫҢ БӨЛЕК ӘЖАҒА

Халықтың арасынан «аласы да, ғуласы да» туўы-лары тәбийғый. Лекин Аллатаала ҳәр бир елге әтира-пындағылардың аўызын бириктирип, үрп-әдет, салт-дәстүрлерин бузғызбаўдың ҳәрекетин көретуғын, жасы үлкенлерин сыйлатып, жасы кишилерге үлги көрсететуғын, той-мерекелерде жан күйдирип жүретуғын

елдиң елеўли азаматларын да қоса береди екен. Егер олар болмағанда... Егер олар өзлериниң төрели сөзлери менен тентекти жолға салмағанда, әси кетип баратырғанларға «тек» демегенде, бурыннан киятырған елдиң дәстүрлерин бузғанларды тәртипке шақырмағанда ақыр аяғында нызамға барып тақалатуғын жағдайлар және көбейер ме еди деген ойларға да кетесең.

Бизлер Кегейлидеги «Жалпақ жап» бойларында өстик. Бизиң аўылымыздан да небир төрели ағаларымыз өтти. Неге екенин билмеймен-дә, ойлап отырсам олардың көбиси елиў жасқа жетпей-ақ өмирден кетипти. Пахташылықта ат көтерген Турдыбай Сейтмуратовты, суў хожалығын басқарған Хожанияз Төрениязовты, обал-саўапта, адамгершиликте, өли сыйлаўда өзи үлги көрсеткен Әжимурат Хожамуратовты қайтыс болып кеткенине 35 – 40 жыл болыўына қарамастан аўылласларымыз елеге шекем умытпайды. Айырым мәселелерге биригип бас қатырыўға туўра келгенде Турдыбай аға болғанда ма еди, Хожанияз солай етер еди-аў, Әжимураттан көрер едиң-аў, деген сыяқлы жойтыўлар болып турады.

Солардың ишинде аўыл-елдиң аўызбиршилиги ушын жан күйдирген әжағам Әжимураттың көп хызметлериниң гүўасы болғанбыз. Гәпин шорт кесип сөйлегенликтен бе, оның менен аўылымыздың жасы үлкен-жасы кишилери ойланыңқырап қатнас жасар еди. Ол пахташылық бригадасын басқарып жүрип көп ғәрип-кәсерлерге қол жаўды. Кимисиниң имаратына көмек айтып жигитлерди жәмлестирсе, кимисине отын түсиртти. Оның ушын «өз арбасын тартып» тыныш жасаў деген уғым жат еди. Көпшилик мақуллаған мәселелерде тайсалақлаған, мийнеттен қашып еки сөйлеген адам болса аяп отырмады. Аўылымызда урлыққа қол урмақшы болған жигитти қалай «тоба қазығына таяғаны», аўылдың бирлигин бузып қызығына қарамақшы болғанды қысқыға алып, елден көшириўге сәл қалғаны, өлисин сыйламағанларға қалай

пушайман жегизгени сыяқлы ўақыялар көп ўақытқа шекем айтылып жүрер еди.

Бир ўақыя еле есимде. Онда бизлер кишкене едик. Аўыл ағасы Турдыбай қырқ жети жасында тосаттан қайтыс болды. Қайғырмаған адам қалған жоқ, кишкене болсақ та, күнде мектепке бирге қатнайтуғын достым Гүлсараның әкеси болғаны ушын ба, оның жылағанына бизлер де қосылап жылай бергенбиз. Ол ўақытлары өлиниң қәдирин жүдә сақлай ма, қанша айлар өтсе де аўылымызда тойлар тоқтатылып, бәзимлер қысқартылған еди. Сол жыллары Әжимурат әжағам еле жас, бир күни кеште жумысынан жүдә мәниси қашып келди. Ошақ басындағы әдетимиз, бундайда оның өзи жазылысып гәп басламағанша ҳеш нәрсениң жөнин сорамаймыз. Усы күни де аўқатланып бола келе өзи гәп баслады.

– Бүгин ҳәммениң көзинше қырманда Төребайды урдым, – деди ол күтилмегенде.

– Ҳе, неге? – деди кемир апам жаны қалмай.

– Басқаларға тәмби болсын.

– Ешейин нәрсеге қызатуғының бар, бала шағалы үпүлкен адамды да урамекен, гәпке түсинбестей адам емесғой. Милисаға берсе не қыласаң…

Кемпир апам жаман менен жаман болмаўың керек еди, соннан ол да төбелесип кетсе неше пуллық киси болар едиң деп, баласы жөнсиз ҳеш нәрсе ислемесин билсе де, шыжа-пыжа болып атыр.

Гәпке ағам араласқанда барып ол Төребайды көпшиликте неге урғанын айтты.

– Турдыбай ағаның қайтыс болғанына енди ғана ярым жыл болып атыр, дурыс па? – деди әжагам түнерип. – Елдиң сондай азаматы қайтыс болып, оның жылы болмай атырып мына қусаған сәўселимлер арақ ишип жүрсе жараса ма? Бүгин буның тәмбисин бермесең ертең және биреўи билгенин қылмай ма?..

Дастурқан басына үнсизлик шөкти. Үйдегилер әжағама және бақыратуғын шығар деген балалық пәм менен

басқалардың бетине қарасам, ҳәр қайсысы өз ойлары менен бәнт еди.

Ҳақыйқатында да усы ўақыядан кейин көп ўақытларға шекем аўылымыздың жигитлери арақ ишип жүрипти дегенди еситпедик.

Әжимурат мениң әкемниң иниси. Бирге жасағанлықтан ба, кишкенелигимизде иним екеўимизге әкемизден де көбирек мийирман болды. Сонша қатал, сусы басым адам жумысынан қанша шаршап келсе де қанттай ерип, түнниң қай ўақты болыўына, кемпир апамның «нәрестелердиң шийрин уйқысын бузба» деп шырлағанына қарамастан, екеўимизди оятып, қатарластырып отырғызып, уйқылы ояў манаўсырап отырған бизлерди бир сөйлетпесе жатпас екен.

Әжағам 49 жасында әлемнен өтти. Сол ўақытта бир перзентиниң ғана басы екеў болып, қалған жети улқызын барлық тәшўишлери менен қоса кишем Гүлбийғе қалдырды. Буннан кейин де бул шаңарақ әжағамсыз қанша асырымлардан асты. Улларының бәри үйленди, қызларын кутлы жерине қондырып, кишем кеўлин жәмлегеннен кейин жақында әжағамның изинен кетти.

Өмир өз заңы менен даўам ете береди, бирақ, туўысқанлар арасында орны бәрҳа бөлек болып туратуғын Әжимурат әжағамның еле де керек жерлери көп екенлиги сезилип турады…

## НАЎРЫЗДЫ ҚАЛАЙ «ҚОРҒАДЫМ?»

Наўрыз туўралы жазбақшы болсам, 1990-жыллардың басларындағы бир ўақыя ериксиз ядыма түседи. Ол жыллары атақлы журналист Шарап аға Уснатдинов «Еркин Қарақалпақстан» газетасының Бас редакторы. Бул газетада «Бас редактор минбери» атлы турақлы айдар астында, жәмийетте болып атырған елеўли өзгерислер туўралы





Шарап ағаның пикирлери жийи-жийи жәрияланып турар еди.

Мәмлекетимизде Наўрыз байрамы жаңа байрамланып атырған жыллар. Ҳәмме қуўанышта. Ҳәзиргидей миллий кийимлеримиз көп емес. Ҳәр ким сандықларында, аршаларының төринде қалғанларын шығарып, гөнетоз болса да, жарассын-жараспасын, өзине шақ болсын-болмасын, Наўрыз байрамына кийип шығыў үрдиске айланды.

Дуўпияз, адамның өзине де, сөйлеген сөзине де, кийген кийимине де баҳа берип қарайтуғын Шарап ағаның кеўлине бул көринислер оншелли қонбаған көринеди. Наўрыз байрамының қарсаңы еди, «Еркин Қарақалпақстан»да оның «Наўрыз байрамы киятыр. Бирақ ол заҒаралар ҳәм телпеклер көргизбеси емес…» атлы көлемли мақаласы жәрияланды. Онда байрам сейиллеринде гөнетоз кийимлерди кийип, әбигери шығып жүрген жасларды көрип қатты налынғанын, нағыз қарақалпақ боламыз деп үйлеринде ата-аналары менен мама кемпирлеринен қалған гөне кийимлерин кийип шығыў бүгинги Наўрызға жараспайтуғынын айтқан. Оның Наўрыз байрамына қарақалпақлардың мынадай зер шапанлары жарасады, мынадай миллий нағыслардағы кийимлери болғанда ма деген кийимлерине ол ўақытларда көпшилик адамлардың қолы жетпейтуғын еди. Ҳәзир болса, бундай миллий кийимлерди тигетуғын цехлар да, шеберлер де аўылларымыз бенен қалаларымызда жүдә көп. Байрамсызақ миллий кийимлерди кийетуғын, бири-биримизге саўға ететуғын дәрежеге жетистик.

Сол жыллары қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында жуўаплы хаткер болып ислейтуғын едим. Бул мақаланы бир оқығанымда-ақ гәптиң анығы, маған унамады. Газетаны үйге алып кетип қайта-қайта оқыйман, мениң түсинигимде Шарап аға ашып айтпағаны менен Наўрыз байрамындағы миллий кийимлер менен миллий тағамларымызға қарсыдай түйиле берди.

Ертеңине жумысқа келип редакциядағы кәсиплеслериме «Шарап ағаның не қылғаны, миллийлигимизди жаңа қолға алып атырғанда...» деген пикирлеримди айттым. Ол гезлери «Нөкис ҳақыйқаты»нда бурын республикалық газеталарда ислеген абырайлы журналистлер бар еди. Олар да мени мақуллап, «сол мақалаға пикир жазсаң, усы санға бергизер едик» дести. «Тандырды қызғанда жап» дедим де ертеңине «Наўрыз байрамы киятыр. Бирақ ол зағаралар ҳәм телпеклер көргизбеси емес...» атлы мақаланы оқып...» деп басланатуғын, бастан аяғына қарсы пикир айтылған мақаламды жазып келип, редакторымызға көрсеттим. Маған редакциямызда «сен ол мақалаға түсинбепсең ғой, уят болар...» деген адам болмады. «Нөкис ҳақыйқаты»ның да төрт-бес мың тиражда шығып турған ўақты. «Оқыдық, пикир айтамыз» деген айдар астында мақаламды газетаға басты да жиберди. Қолыма жаңа қәлем алып атырған жылларым, өзимше Наўрызды қорғап қалған адамдай болып жүрдим.

Бир күни редакциямызға педагогикалық институттан бир оқытыўшы өзиниң жазған қосығын алып келди.

– Батыр қыз, Наўрыз ҳаққындағы мақаланды оқыдық,- деди маған қарап. – Жақсы жазыпсаң. Бирақ, Шарап Уснатдинов не жазса да сөзин дәлиллеп бере алатуғын адам. Пикирлерине толық түсине алмадың ба, деймен-аў...

Мен ойланып қалдым. Үйге барып «Еркин Қарақалпақстан»дағы бул мақаланы қайта оқыған сайын пикирлерим өзгерип бара берди...

Енди газета бетлеринен Шарап ағаның маған беретуғын тәмбисин күте басладым. Тым-тырыслық. Ҳайранман, республикаға белгили ақсақал, өзине қарсы айтылған сын пикирлерге қалай қарады екен? Қолына қәлем алғанына үш-төрт жыл ғана болған журналистсымақтың гәпи не, өзи не деди ме, ямаса изине ерип киятырған журналистлердиң Наўрызға, миллийлигимизге жаны ашып, пикирин ашық айта алғанына қуўандымекен? Оның не ойлағаны маған қараңғы. Неде болса сол күнлери Баспасөз үйиниң уз-

ыншубай дәлизинде жүдә қыстаў жумысым болмаса, көринбеўге ҳәрекет еттим.

Арадан жигирма жылға жуўық ўақыт өтипти. Ҳәзир мен бир гезлери ол басшылық еткен «Еркин Қарақалпақстан» газетасы редакциясының үлкен жәмәәтиниң бир ағзасыман. Өзимниң сол бир келтеқонышлылығым, гәптиң мәнисин ақырына шекем аңламастан, Наўрыз байрамын соншелли «жаклағаным» өзиме сабақ, ағамыздың үндемегени мен ушын үлкен тәмби болды. Әсиресе, ол өзиниң «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр» атлы китабы баспадан шыққаннан соң «...республикамыздың белгили журналист қызы Пердегүлге» деп ең жақсы тилеклерин билдирип, саўға еткенде, көргенде «қарағым» деп ҳал-аўҳал сорасқанда, кеўлимниң бир мүшында кейин өзиме пушайман жегизген мақалам турады...

## «БЫЙЫЛ МАҒАН НАЎРЫЗ ЖҮДӘ ҚӘДИРЛИРЕКТЕЙ...»

*Қарақалпақстан халық жазыўшысы*
***Гүлайша Есемуратова** менен сәўбет*

Белгили журналист, атақлы жазыўшы Гүлайша Есемуратованың дөретиўши инсанларға үлги боларлық тәреплери жүдә көп. Ол қарақалпақ қызлары арасынан шыққан биринши журналистлердиң бири. 60 жастан асқаннан кейин «Арал қызлары» атлы журнал шөлкемлестирген ҳәм бул көп ғана сырт мәмлекетлерге де жеткерилип, журнал арқалы қарақалпақстанлы ҳаял-қызлардың турмысы, шаңарақтағы турмыс кәлпи, салт-дәстүрлери, миллий кийим-кеншеклери, жетискенликлери менен таныс болған. 1991-жылдан баслап қарақалпақ журналистикасына кирип келген ол сол жыллары-ақ өзиниң өткир қәлеми менен таныла баслаған. 1999-жылларға келип дәслепки гүрриңлери баспа сөзде жарық көрген. 60 жастан кейин таңламалы шығармаларының

төрт томлығын баспадан шығарған. Бесинши томы баспаға таяр. Жақында болса, халқымыздың уллы шайыры Ибрайым Юсупов ҳаққындағы роман-эссениң биринши бөлимин жазып питкерип, баспаға усынған. Екинши бөлимин тамамлаў алдында. Ол ҳәзир 88 жаста болыўына қарамастан, еле излениcте, дөретиўшилик пенен тынымсыз шуғылланып атыр.

Гүлайша Есемуратованы Наўрыз байрамы қарсаңында газетамыздың дәстүрий «Байрам сәўбети» рубрикасына мирәт етип, бул байрамның халқымыз ҳәм өзиниң жеке турмысындағы орны, Наўрыз ҳаққындағы еске түсириўлери, усы сәўбет мүнәсибети менен тараўымыздың айырым мәселерине болған көз-қараслары менен ортақластық.

– Наўрыз байрамы қутлы болсын, Гүлайша апа. Байрам кейпиятлары қалай?

– Рахмет. Ғаррылық жеңе баслаған сайын барлық нәрсениң қәдирине, әҳмийетине бурынғыдан да көбирек ой жуўыртады екенсең. Бәҳәрдиң кирип келиўи, быйылғы Наўрыз байрамы маған «еле илгерилеўиң керек» деген сезимлерди қуйып атырғандай. Қыстың қәҳәрли күнлери бәҳәрге орын бергиси келмей тырмасқанындай, қариялық та мениң дөретиўшилик қулшыныcларымды еркине жиберип қояжақ емес. Қалай болғанда да, быйылғы Наўрыздың «пуўы» өз тәсирин көрсетип атыр. Илҳам келип: «жазып қал, үлгерип қал» деп қыстастырып турғандай асығаман. Себеби, еле қәлемге алыўды ойыма түйип қойған ямаса қайсы бир жыллары жазылып архивимде сақлаўлы турған, қайта көрип шығыўымды талап ететуғын шығармаларым толып атыр. Ибрайым Юсупов ҳаққындағы роман-эссемниң екинши бөлиминиң де «сүйеги» таяр. Үшиншиси күтип тур. Арасында Наўрыз ҳаққында этюд жазғым келгени менен ўақыт таппай атырман.

– Өткен әсирдиң 40-жылларының аржағындағы, балалық дәўирлериңиздеги Наўрыз байрамларын еслей аласыз ба?

– Әлбетте еслеймен. Бирақ, ҳәзиргидей болған жоқ. 1936-жылы 1-класcқа оқыўға бардым. Сонда Наўрыз жүдә дәбдебели өтпегени менен байрам екенин сезгенбиз, қуўанысып жүргенлерим есимде. Сол күни сүмелек қайнатылар еди. Кемпир апам Хатира сулыў етип кестеленген камзолын кийип атамнан «барлық ҳаяллар сүмелек қайнатыўға кетти, мен де барып қайтайын» деп сорап турғанлары, «Бүгин байрам, бәримиз дастурхан басында түўел отырсақ болар еди. Усындайда Турдымурат қыдыраўықтың (сол ағам сазенде болғанлықтан, байрамда үйде бола бермес еди) келиўи қыйын дә...» дегенлери ядымда. Апам байрам дастурханы ушын қаққа сөк қосып түйгени, оның мазасы еле есимде. «Бүгин байрам. Жийде ураны ашаман» деп кеткенде апама ерип жүргенмен. Ураның үстиндеги қарларды сипселеп жиберип қазып, соң үстиндеги сабанларды алып таслағанда қабығының сыртындағы ширеси жылтырып турған қып-қызыл жийделерди кепшиклеп алғанбыз. Дастурханымызға қаўын қаққа жент қылған ийжан, ғешир қосылған зағараларды қойып, олардың арасына қақ ерик пенен жийдени араластырып шашып жибергенлери еле көзимниң алдында.

Аўыл жигитлери жыйылып мейилис қурар еди. Келиншеклер ярым айдынлы етип басын орап, бийкешлерин ертип барғанда, бизлер де изинен қалмағанбыз. Жигитлердиң ойыны жаман еди. Бизиң Алламурат ағам малақайының ишине жыланды орап-орап салып, арқайын отырған қыз-келиншеклерди қорқытқанда, олардың ҳеш бири ашыўланбайтуғынына елеге шекем ҳайран қаламан. Кишкене болсақ та, жеңгелеримиз бизлерди жүдә сыйлап, төрине отырғызып қояр еди. Халқымызда меҳирмүриўбет жүдә күшли болды. Сондай меҳирди елеге шекем излеймен, сағынаман.

Урыс жылларында бундай шадды-қоррамлықлардың бәри умыт болды. Бала болсақ та, аш болдық, уйқымыз келди дегенди айта алмағанбыз. Елеге шекем умытпай-

ман, Наўрыз байрамы күни мени «халық душпанының қызы» деп мектептен шығарып жиберди. Биреў-биреўге меҳир-мүриўбеттиң азайыўына жаңа экономикалық сиясаттың ендирилиўи де себепши болса керек. Себеби, шаңарақлардың балаларына берип отырған нанын, азғана ғамлап қойған дәнлерин де ҳүкиметтиң адамлары тартып алып қоя берер еди. Балаларың бүгин не жейди, ертең не қыласыз, деген адам болған жоқ. Адамды-адам аямаған елден, әлбетте меҳир көтериледи.

Ғәрезсизлик дәўириниң Наўрызы өзиниң тийкарғы мәнисине қайтты, нағыз меҳир-мүриўбет байрамына айланды. Зорлық пенен умыттырылған қәдириятларымыз тикленди.

– Наўрызды қәлемге алғаныңызда қайсы тәреплерине көбирек итибар қаратқансыз?

– Наўрыздың тийкарғы идеясының өзи миллий қәдириятларымызды қәстерлеп сақлаў, халқымыздың ең ағла пазыйлетлерин жасларымыздың санасына сиңдирип, миллий үрп-әдетлеримиз бенен салт-дәстүрлеримизди әўладлардан әўладларға жеткериў есапланады. Усы идея дөретиўшилигимдеги ажыралмас жолдасым болды. Буларды тек жергиликли ғалаба хабар қуралларында ғана емес, «Арал қызлары» журналы арқалы Америка, Германия, Түркия, Балтық бойы еллеринде, қоңсылас мәмлекетлердиң жоқары оқыў орынларында оқыған лекцияларымда, әнжуманларда жасаған баянатларымда кең түрде сөз еткенмен. Гүрриң ҳәм повестьлеримнен де усы нәпести аңлаў қыйын емес.

Мен шаңарақларымыз ҳаққында жазатуғын болсам, басқа халықлардың, мысалы, тәжик, орыс халықларының шаңарақларын үйрендим, олардың турмыс тәризи туўралы оқыдым, өз халқымның шаңарақларындағы үрп-әдетлер менен салт-дәстүрлерди салыстырып болып жаздым. Әне соннан кейин барып мени әдебий орталық жазыўшы сыпатында мойынлады. Өмирлик жолдасым,

академик Сабыр Камаловтың бир гәпин умытпайман. Ол бурынлары мениң шығармаларыма итибар бермейди екен. Төрт томым басылғаннан кейин қунт пенен оқып шықты ҳәм «Сен жумысыңа мәзи барып-келип жүрген шығар десем…» деп китаптан орын алған ҳәр бир шығармам бойынша пикирлерин айтып жүрди.

– Гүлайша апа, және журналистлик тәжирийбелериңизге қайтсақ. Бул бағдарда узақ жыллар қәлем тербетип, өмирден түйгенлериңиз не? Журналист ушын ең зәрүр нәрсе не деп есаплайсыз?

– Өмирден түйгенлеримниң бәри қәлемиме илинди. Аз ба, көп пе солардың бәрин оқыўшылар қәўимине жеткериўге тырысқанман. Журналистикаға араласқаннан баслап сын мақалалар жазып қәлемим ысылды. Турмысты өзим көрген, кеўлиме түйген қарама-қарсылықлары менен сүўретледим. Ўақыяға гүўа болсам, оны хатқа түсирип үлгериўге тырыстым. Мени кәсибиме енистирген нәрсе – ҳақыйқатлық болды. Дәслепки жыллары жазған сын мақалаларым жәрияланбай қала бергенде жүдә қапа болып жүрдим. Түскинликке түсип жүргенимди көрген Ибрайым Юсупов бир күни «Гүлайша, дөретиўшилигиң шыңына шығып турғанда жазғанларым шықты-шықпады деп изиңе қарайлама. Жәрияланбай қалғанларын архивиңе қос та қоя бер. Алдыңнан шығады, еле заманы келеди» деген еди. Ҳақыйқатында да сол ўақыялардың биразын шығармаларыма пайдаландым.

Журналистлик жолым биринши күнинен баслап гүреслерден ибарат болды. 1951-жылы ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасына журналистиканың не екенлигине түсинбей-ақ жумысқа араласқанман. Сол ўақытларда 22 хызметкер бир ханада отырып жумыс ислейди екен. Жумыс ислеўге я стол, я отырғыш болмағанлықтан, түргелип турыўға да қайыл болғанман. Дәслепки мақалаларымды бурыннан ислеп киятырған журналистлердиң жазғанлары менен салыстырып, өзиме

исеним оянды. «Қорқақты көп қуўсаң, батыр болады» дегендей, «душпанның қызы»ның жазғанларын бәрҳа қағытқысы келгенлер, бәрҳа сынға ала бергенлер мени ғайбарлыққа, ҳақыйқат ушын гүресиўге мәжбүр етти. Ҳәзир де архивимде сақлаўлы турған, өз редакторымды сынға алған «Редактордың азабы», «Кисиге бала бериў аңсат па?» сыяқлы көп ғана мақалаларым қайта көрип шығыўымды күтпекте. Ибрайым айтқандай ўақты келди. Бирақ, менде ўақыт аз қалып тур…

Солай екен, журналист ушын ең зәрүр нәрсе, ҳақыйқатлық деп билемен. Ҳақыйқатлықты уран етип алған журналист ҳәм абырай арттырады, ҳәм жазғанлары қайсы дәўирдиң оқыўшысы ушын да қызықлы болып қала береди.

– Бүгинги күн журналистлерине не айтар едиңиз.

– Газета-журналларсыз жасаўды көз алдыма келтире алмайман. Журналистлеримиздиң дөретпелерин турақлы бақлап бараман. Изленип, изертлеп, таллап, тил қағыйдаларына толық әмел етип жазатуғын журналистлеримиздиң көбейиўин қәлер едим. Сайыз жазылған мақалалар көп. Тилимизден ким қәлегенинше пайдаланып атыр. Тилшилеримиз белсендилик көрсетип, баспа сөзде жәрияланып, ғалаба хабар қуралларында жөнсиз пайдаланылып атырған сөзлерге жийи-жийи өз пикирлерин билдирип турғанда, абайлап сөйлеўге, жазыўға ҳәрекет болар еди.

Ҳәзир айырым журналистлер қаҳарманлары менен ашылысып сөйлесе алмайды. Өзиме де бираз журналистлер келеди. Өмирбаянымды, шығармаларымның атларын жазып алған соң, кеткенше асығады. Жақында бир журналист қыз: «Сизди пропагандалаў ушын келип едим…» деп тур. Жазажақ қаҳарманыңа таярлық пенен бармасаң, оған беретуғын сораўларыңа саўатың жетпесе, сайызлығыңды билдирип жүре бересең. Қаҳарманларын усылай үйренетуғын болса, жазатуғын очеркинде оның характерин қалай ашып бере алады? Бул жазғанларың ме-

нен журналистиканың раўажланыўына емес, оқыўшылар талғамының пәсейиўине үлес қосасаң.

Әлбетте, бул пикирлерим барлық журналистлер ҳаққында емес. Қәлеми өткир, ҳәр бир мақаласын асыға күтетуғын журналистлеримиз де баршылық. Айтайын дегеним, баспа сөз – халықтың айнасы. Айнаны бүлдириўге болмайды…Буларды жасы үлкенлик нәсият деп қабыл етесиз деп ойлайман. Изимиздеги жас қәлемлеслеримизге пикиримизди айтып, бағдар бериў парызымыз.

– Ашық айдын, жанкүйерлик пенен айтқан пикирлериңиз ушын рахмет, Гүлайша апа.

## «ҚЫСҚА ЖАЗЫП, КЕРЕК ГӘПТИ АЙТЫЎ КЕРЕК»

*дейди Қарақалпақстан халық жазыўшысы*
***Муратбай Нызанов***

– Халық Сизди жазыўшы, драматург, сценарист, журналист, шайыр, басшы сыпатында таныйды ҳәм ҳеш қайсысында да нәментайлар қатарында болмағансыз. Әдетте, адам дөретиўшиликте салалар бойынша қанша «универсал» болғаны менен қәлбине жақыны болыўы тәбийғый. Жазыўшылықты айтпағанда, солардың қайсысына бүйириңиз көбирек бурады?

– Бақлаўыңыз ҳәм баҳаңыз ушын миннетдаршылық билдиремен. Расын айтсам, сизиң саўалларыңыздан кейин бираз ойланып қалдым. Ҳақыйқатында да, ашкөзлик қылып, «универсал адам»ға айланып қалмадым ба екен? Бир емес, бир-еки кемениң басын услап батып-шүмип жүрген жоқпан ба? Болмаса, сиз санап өткен тараўлардың қайсысы жүрегиме жақын? Билмедим…Бир-биринен айырып ала алмадым. Журналистика маған балалығымнан жолдас. Дәслепки мақалаларым еле мектеп партасында отырған ўақытларымда шыққан. Сол ўақытлары газетадан қыйып алған мақалаларымды жақынға шекем сақлап

жүрдим. Дурыс, кейинги ўақытлары журналистикаға сийрек жантасаман. Себеби, бул тараў бәрқулла жаңалықты талап етеди. Буған мениң хызмет бабымда ўақтым бола бермейди. Бул демек, бүйирим бурмайды деген сөз емес.

Ал, драматургияны сүйемен. Быйыл дәслепки комедиямның жазылғанына отыз жыл болған екен. Егер, бул тараўда «атым шыға шапқанда» жылына кем дегенде бир пьеса жазып турған болар едим. Өзи бул тараўда әзел-әзелден киятырған «кеселлик» – океанда ылай суў менен тынық суўдың бир-бирине қосылмай турганындай, драматург пенен режиссёр ҳеш ўақытта тил табысқан емес. Драматург өзин театрға мийман сыпатында сезеди, режиссёр «театрдың обал-саўабы тек мениң мойнымда» деп түсинеди, актёр болса режиссёрға жалтақ. Нәтийжеде бизиң жергиликли драматургиямыз «Аққуў, Шаян ҳәм Шортан» тартқан арбадай, бир жерде узақ турып қалып атыр.

Ал, киносценарий болса, зәрүрликке байланыслы жазылатуғын шығарма. Ҳәзир мениң «басымда» үш көркем фильмниң сценарийи «жазылып» тур. Зәрүрлик туўылса, қағазға түсирип беремен.

Басшылыққа келсек…Бул жанр емес, ўазыйпа. Мен бул ўазыйпаны маба ямаса ҳәмел гүрсиси деп түсинбеймен. Лаўазым – мен ушын өз идеяларымды әмелге асырыўға керек. 1991 – 1994-жыллардағы «Арал» журналында иске асырған идеяларым мени мәмлекетлик баспаларға алып келди. Ондағы исленген ислер, «Қаракалпақфильм»де экранға шыққан бир қатар көркем фильмлер, «Билим»де жарық көрип атырған классикалық әдебиятлар, булардың ҳәммеси иске асқан идеяларымның жемиси. Ойлаған идеяңды биреўге түсиндирип жүргеннен көре, оны өзиң әмелге асырғаның жақсы-дә!

Қулласы, сиз сораған тараўлардың ҳәммеси мениң жүрегиме жақын. Ҳәммесине теңдей бүйирим бурады.

– Хабарымыз бар, Сиз дәслеп районлық газетаның «кухня»сында мәлим дәрежеде писип, қәлемиңиз

ысылған. Муратбай Нызанов болып жетилисиўиңизде журналистиканың тәсирин сезесиз бе?

– Дурыс, мен мәлим дәрежеде районлық газетаның «қазанында пискенмен». Лекин, шаларақ пискен болыўым мүмкин. Ҳақыйқый журналистиканың мектебин «Еркин Қарақалпақстан» да өттим. Онда мен қысқа жазыўды, керек гәпти айта билиўди, көмпек сөзге қызығып «отлап кетпеўди» ҳәм сиясий сезгирлик пенен жазыўды үйрендим. Усы төрт қағыйда мениң кеўлимде мөрленип қалды. Мениң Муратбай Нызанов болып танылыўымдағы дәслепки фундамент усы жерден басланған, ал, қалған жағы телевидениениң арқасында.

– Баспаның директоры сөздиң қәдир-қымбатын, шайыр-жазыўшының талантлы-талантсызын, басып шығарып атырған китапларының халыққа керекли-керексизин терең түсине билетуғынынан әдебият, китапсүйер қәўим утады. Сиз басқарып атырған «Билим» баспасы соңғы ўақытлары сабақлықлар менен қатар уллы шайырлар – Әжинияз, Мақтумқулы, И. Юсуповтың өлмес шығармаларын қайта китап етип басып, халқымызды қуўандырмақта. Ҳәзирги ўақытта қолымызға тийип атырған китаплар, жазғанларының сапасы болмаса да пулы бар жазыўшылардың дәўраны кем-кем артта қалып киятырғанын дәлиллемекте. «Билим» баспасының алдағы жобаларында және қандай итибарлы ислер бар?

– Қәне енди, баспаның есап бетинде 100 миллион сум пулым болса! Китап дүканларын қарақалпақ әдебиятының дүрданалары менен толтырып таслар едим. Китап саўдасы да оннан кейин ойға жумалаған арбадай, зырлап кетер еди.

Ҳәзир биз типографиялар менен «атаң жақсы,енең кейўаны» әдисинде ислесип, Мақтумқулыны да, Әжиниязды да, И.Юсуповты да тәўекелшилик пенен несийеге шығарып атырмыз. Бул мәселеде биз көбирек китап оқыўшыларға – халыққа исендик. Исенимимиз босқа кетпеди, шыққан китаплар шыққандай өтип атыр.

Әжинияздың «Бозатаўлы нәзелим»и түўесилип қалды, Ибрайым ағаның «Пазыйлет»ин екинши мәрте басып шығардық. Ҳәзирги ўақытта «Шешенлик сөзлер»диң базары қызбақта.

Ал, пулы барлардың китап шығарыў мәселесине келсек…Бул – ўақытша қубылыс. Мода! Ўақты келип бул «мода»лар гөнереди. Пулы барлар бундай «хобби»ден зеригеди. Яки, таланты «таўсылады». Ал, ҳақыйқый әдебият қум ишинде жалтырап көринген алтындай жарқырап шыға береди.

Баспа жақын ўақытлар ишинде Шыңғыс Айтматовтың «Қызыл шалғышлы дилбарым», Узақбай Пиржановтың «Ақ тал астындағы ақшам» повестлерин, Аббаз Дабыловтың «Баҳадыр» дәстанын, Күнхожаның, Өтеш ҳәм Омар шайырлардың қосықлар топламын, Төлепберген Мәтмуратовтың «Лирика»сын, Төлепберген Қайыпбергеновтың «Тәнҳа өзиме мәлим сыр» повестин, Ибрайым Юсуповтың «Пазыйлет»ке кирмеген қосықларынан және бир топлам, Әскербай Әжиниязовтың қосықлар гүлдәстесин басып шығарыўды режелестирмекте…

Мени бир нәрсе тәшўишлендиреди, жасларымыздың арасында «мен повесть жазып едим», «мениң романым бар еди» деген талантларды көрмей атырман. Бул барыста қарақалпақ әдебиятының келешеги қандай болады…

– Жәмийетте болып атырған өзгерислер бойынша жүйели пикир керек болса, журналистлер жийи-жийи Сизге мүрәжаат ететуғыны бар гәп. Газета-журналлар өмириниң ажыралмас бөлегине айланып қалған инсан сыпатында бүгинги қарақалпақ журналистикасы бойынша да пикириңиз бенен ортақлассаңыз.

– Бүгинги қарақалпақ журналистикасы оғада көп ат қосылған айлаўдың арасында баратырғандай. Олардың арасынан суўырылып шығыў жүдә машақат. Лекин, халқымыз бәрибир өзиниң миллий журналистикасын көп ишинен танып ҳәм айырып алады.

Мен кәсиплес сыпатында бүгин бул тараўдың айырым пидайыларын атап өтким келеди. Жағымпазлық емес, теманы ашып бериўдеги сизиң журналистлик жантасыўыңыз, Өмирбай Өтеўлиевтиң жазыўшылық фантазия менен тема таңлаўлары, Арыўхан Турекееваның ҳаял-қызлар темасындағы актуал мақалалары, телевидениеде Динара Алламбергенованың ҳуқықый темадағы тужырымлы пикирлери, Роза Ҳәмидованың дәўир қаҳарманларының характерлерин ашып бериўлери, Гүлжәҳән Тәжетдинованың нени жазыў кереклигиндеги объект таңлаўларын басқаларға өрнек етсең арзыйды. Булар – «оқылатуғын мақалалар», «тамашаланатуғын телекөрсетиўлер».

Бирақ, бул нәрселер менен шекленип қалыў жеткиликсиз. Айырым еллерде журналистлердиң мақалалары китап болып басылып шығады. Демек, олар сөз еткен темалар узақ жылларға актуаллығын жойтпайтуғын ямаса дәўир өтсе тарийхқа айланатуғын мақалалар. Әне, усы нәрсеге умтылыўы керек бизиң журналистлеримиз.

Соны да айтып өтким келеди, жас журналистлеримиз тек бүгинги күн менен, әтирапындағыларды ғана көрип жасап атырғандай. Заманымыз қанша илгерилеп кетти, республикамыздағы тараўлардың өсиў тезлигин көз илмейди. Усыларды уқсатып тәрийплеп беретуғын саўатлы мақалалар аз, Шарап Уснатдинов, Гүлистан Матьякубовалардай есилдирип публицистика жазатуғын жаслар көринбей атыр...

– Баҳалы пикирлериңиз ушын рахмет.

*2015-жыл*

## ҚӘЛЕМГЕ АЛЫЎДЫҢ МӘЎРИТИ КЕЛДИ

Университетимизде журналистка кәнигелиги бойынша 1-курста оқып атырғанда «Өмир деген усы ма?» деген повесть жазып, турмыстың қырлары менен сырларын қағаз бетине төккен бул қыз елеге шекем усы сораў дөгерегинде қәлем тербетип киятыр. Ол биреўлер түсинип, гейбиреўлер

елестире бермейтуғын өмирдиң шым-шытырық ойлы-бәлентликлери туўралы мине жигирма жылдан берли өзгеше талғам, кеўиллерди жибитерлик пикирлери менен танылмақта.

Бирде қосық, бирде гүрриң, бирде мақалалары менен редакцияларға хат жазыўдан шаршамайтуғын болажақ журналисттиң «Жазыўшы болғым келеди» атлы мақаласы газетада жәрияланғанда жаңа ғана жетинши класс екен. Сол ўақытларда журналист, шайыр, жазыўшының парқын да түсинбеген Арыўхан өз дөретиўшилигин усы сапырыстырыўы менен студент болған. Поэма жаздым деп шулғып, устазы Дәўлетбай Бекбаулиевка көрсеткенде берген бағдары оны журналистиканың «қазығына» беккем таңды. «Өзиң бир иләнәзик қызсаң, – деген екен сонда устазы. – Шайыр, журналист, жазыўшы бәриниң басын қосаман деп урынып жүрсең. Мениң айтқанымды тыңласаң, биреўин таңла...»

Әне соннан берли журналистиканың қырлы соқпақларының ашшысы менен душшысына көнип, Арыўхан Турекеева болып халық нәзеринде киятыр.

Арыўханның бир әдети өзиндеги бар умтылысларды әтирапындағыларға да «жуқтырып» жүреди. Студент гезинде өзинен кейинги курсларға кирип «Сизлер неге мақала жазбайсыз, газетада атларыңыз неге көринбейди?» деп түртип жүргенлерин еле айтысады. «Апайлар, ериншек болып кеттиңиз..., – дейди сырттан келген хатларға бәнт болыңқырап кеткен бизлерге келип. – Жақсы мақалаларыңызды сағындық. Қойың-дә, ериншекликти» деп кететуғыны бар. «Жаслар»ға нениз бар?» дейди басқа редакцияларға хат алып киятырғанларға қол былғап. Бул әлбетте, нағыз журналистке тән қәсийетлер.

Кәсиплесим сыпатында оның және бир әдетин унатаман. Арыўхан оператив журналист. Мағлыўмат қолына тийди ме, жазыў ушын ўақыт, пайыт пайлап отырмайды. Кәсиплеслери менен сөйлесип отырып-ақ жазып, шетинен компьютерге узатып отырғанын көп бақлағанман.

Ал, үйрениўи керек тәрепи-мақаласын қайта сызып, қайта жазыўға әдетленбеген. Қаншадан-қанша сын пикирлери, мораль темасында жазылған материаллары, публицистикалары дәслепки қаралаған турысында-ақ оқыўшыларына ыссылай жеткен ҳәм олардың кеўиллеринен жай тапқан.

– Мектепте оқып жүргенимде балалар журналларына, газеталарға тынымсыз хатлар жоллағанман, – дейди ол. – Неше дөгерек болса бәрине қатнасыўға ўақыт таптым. Ҳәўескерлер дөгереклерине сценарийлер жазып, өзим баслаўшылық еттим, киши-киши постановкалар қойдым, ондағы бас роллерди өзим атқардым. Ата-анам жақсы оқыўым ушын барлық имканиятларды жаратып қойды. «Билмеймен» деген сөзди билмейтуғын едим. Екиленип отырмастан кирисип кете беретуғын қәсийетим бар. Бир қызық ўақыя айтып берейин, оқыў, жәмийетлик ислер, жазыў-сызыў менен турмысқа таяр болмай шаңарақ қурғанман. Есикке жаңа түскен күнлерим еди. Енем сол гезлери мода болып атырган бир таўарды «көйлек тигип бер» деп қолыма услатқанда тиғип көрмедим деп екиленбегениме өзим де ҳайран қаламан. Қайшыны алдым да кирисип кеткенмен. Қудай жарылқап, тиккен көйлегим енеме унады. Дигирман тартыўды да, кели түйиўди де, сыйыр саўыўды да келин болғанымнан соң үйрендим. Үлкен шаңараққа төртинши келин болып түстим. Билмеймен демейтуғыным унады ма, кишкене келинимизди де басқа шығарып, бизлерди үлкен шаңараққа ийелик етесиз деп алып қалды.

Арыўханның мийнет жолы тийкарынан «Қарақалпақстан жаслары» газетасында өтип атыр. Усы газета оны шыңлады, камалға келтирди. Бул жолларда оған кәсиплес устазлары, сондай-ақ илгери жыллары газетаға басшылық еткен Шынаргүл Пахратдинованың қатты қоллығы, усы газетаның жуўаплы хаткери болып узақ жыллар хызмет еткен Халмурат аға Сапаровтың редакция хызметкерле-

рине орнатқан «темир тәртиби» әлбетте оның мийнет жолында сабақ болды.

– Мен жазыўшы-шайырлар менен көп байланыста болдым, – дейди ол. – Кишкене ўақытларымда әкемниң жигит ағасы, Өзбекистанға мийнети сиңген пахтакеш Турдымурат Турекеев мениң умтылысларымнан үмит етти ме, бир топар жазыўшы-шайырларды өзиниң үйине шақырып, қой сойып маған пәтия алып бергени бар. Университетке киргенимде Жолмырза Аймурзаевқа «ата, сиз маған пәтия берген едиңиз, студент болдым» деп хат жазғанман. Бул хатты ол да итибарсыз қалдырмай «Ай қызымсаң, Арыўхан» деген қосық жазып, хат арқалы жоллаған еди. Елеге шекем бул қосықты сақлап жүрмен. Кейин ала Жолмырза аға, Ибрайым ағалардың, Гүлайша апалардың үйлерине барып, талай мәрте кеңеслерин, пикирлерин тыңладым.

Арыўханның «Тутқындағы арыўлар», «Басшы жоқ, қосшы не дейди?», «Уллылардың аналары ҳаққында», «Үйимди дозаққа айландырма, келин» сыяқлы оқыўшыларды ериксиз толғандыратуғын мақалалары жүдә көп. «Ал, муҳаббат ҳеш нәрсени тыңламайды», «Мийрим» атлы китаплары оны халқымызға жас жазыўшы сыпатында да танытты.

Дөретиўши инсанды руўхландыратуғын күш – халықтың итибары, ҳүрмети, мийнетлериниң баҳаланыўы. Арыўхан Турекеева булардан да жарлы емес. Оны излейтуғын оқыўшылары көп, мийнетлери болса, ылайықлы баҳаланып киятыр. Президент саўғасы, «Жылдың ең белсенди журналисти» таңлаўларының жеңимпазы болған ол Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығына миясар болды.

– Усындай қуўанышлы демлерде меннен үлкен үмит күтип жасаған марҳум әкем Аймурат, барлық тәшўишлериме шерик болып жасап киятырған анам Тазагүл, усындай имканиятларды жаратып берип қойған жәмәәтим, устазларым ядыма түседи, – дейди ол.

Булардың бәри Арыўханның дөретиўшилик ислерине азы-кем штрихлар. Ол ҳаял сыпатында ким? Бул сораўға екиленбестен өзине исенип тапсырылған үлкен үйдиң туўысқан-туўғанды «тартыў күшин» ата-енеси бардағыдай сақлап киятырған баўырман келин, қарақалпақ ҳаялларына тән болған сыйласықлы, қайсар, уқыплы, улыўма айтқанда, берекетли үйдиң бийкеси деп айтыўға толық ҳақылымыз. Ол үйи менен жумысы арасында беккем көпир орната алған инсан. Бул көпирдиң беккемлигинде болса, ери Жолмырзаның өзи менен кәсиплес болғаны, кәсибиниң уңқыл-шуңқылын терең билиўиниң де тәсири көп болғанлыгын атап өтиўимиз керек. Олай болмағанда, жаратылысынан алған бағытынан қайта бермейтуғын ҳаял менен өмирлик жолдас болыў аңсат болмас еди.

...Арыўханның қайталана бермейтуғын талантын, адамгершилик пазыйлетлерин ҳүрмет етемен. Оның менен кәсиплес сыпатында талай мәрте узақ мәнзиллерде жолдас болғанбыз. Адамлар менен сырласқанбыз, дебдиўлерин бөлискенбиз. Бүгин оның өзин де қәлемге алыўдың мәўрити келди. Сени ҳәр қашан зәбердеслигиңше көре берейик, Арыўхан, деғим келеди.

## ОЛ ҲАСЛЫНДА ЫНЖЫҚ ЕМЕС...

*Халық арасында «Лабақ», «Ғаррыбай» аты менен кеңнен мәлим актёр **Қурбан Каландаровтың** дөретиўшилик портретине штрихлар*

Әдетте ҳақыйқый талант ийелериниң салған қәлипке сыя бермейтуғын, сызған сызықтан тегис жүре алмайтуғын, сонлықтан да гейпара ўақытларда бәршеге бирдей жаға бермейтуғын минезлери болады. Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары халық артисти Нәжиматдин Аңсатбаевқа: «Аға, қалай қарайсыз,

Лабағыңызды жазыўға киятырман» дегенимде қуўанып кеткени жүзлеринен көринип турды.

– Ол туўралы қашшан-ақ жазыўыңыз керек еди, – деди ол мениң Лабақ дегениме итибар да берместен. – Лекин, жумыс ислейтуғын адам таяқ та жейтуғыны тәбийғый. Сол Лабақтың бақырыс еситиўге қайым жерлери де көп.

Нәжиматдин аға актёрдың кемшилигин айта турып, оны шын кеўлинен жақсы көретуғынын жасыра алмады. Қарақалпақ сахнасында халықтың нәзерине түсип киятырган, көпшилик оны Лабақ, Ғаррыбай деп таныйтуғын актёр театрға қалай келди, жеке өмиринде ким?

Тамашагөйлериниң жүреклеринен орын алған Қурбан Каландаровты бәрҳа егизеклердей болып жүретуғын Алёш (актёр Базарбай Назарымбетов) пенен гримханасынан таптым.

– Екеўиңиз сахнада да, халқымыздың жақсы күнлеринде де бәркулла биргесиз, – дедим спектакльге асығып баратырған Алёшты гәпке тартқым келип. – Тамашагөйлериңиз тек сахнада емес, қәлеген жерде сизлерге сын көзи менен қарайды. Қурбанды бизлер турмыста аққөкиреклиги басым адам деп ойлаймыз. Ал, сизиң сумлықлылаў екениңиз билинип турады. Солай екен, баплаў-бапланыў сизлердиң араңызда болып туратуғыны тәбийғыйдай. Бул пикирим шынлыққа қаншелли жақын?

– «Сумлық – ақылдың уясы» дейди ғой. Онда мениң сәл ақыллы болғаным, – деди Алёш тап-тартпастан. – Бирақ, бул да пайын жиберип отыратуғынлардан емес. Тартысамыз-шертисемиз, ҳәтте сөгисип қалатуғын пайытларымыз болады. Лекин, пикир дәлилленсе, мойынланады. Қурбан менен театр институтына бирге тапсырғанбыз. Ол кишкенелигинен ерке болып, оқыўға барғанда да, оқыў дәўиринде де, ҳәзир де өзгерген ҳеш нәрсеси жоқ. Тәбиятындағы еркинлик оны усы дәрежеге жетистирип отыр. «Өмирбек ҳәм Тазша»дағы Лабақ роли сол еркешилигине куп түсип, Қурбан – Қурбан емес, Лабақ болып

кетти. Ҳақыйқатында сценарийде Лабақ сақаў бала еди. Қурбан бул рольди бөрттирди, қосты, институтты жаңа питкерип келген актёр болса да, режиссёрларға пикирин өткериўден уялған жоқ.

...Нөкисли Юлдаш уста менен Шаҳсәнем үш қызынан кейин тилеп алған Қурбанын актёр болады, халықтың нәзерине түседи деп үш уйқылағанда да түсине кирмеген. Өзиндеги бар өнерин улларына үйретиўди өзине парыз деп билген Юлдаш уста Ташкент мәмлекетлик мәденият институтының режиссура факультетинде оқып атырған үлкен қызы Зәўре ҳәр дем алысқа келгенде қасынан шықпайтуғын, әжапасының үйреткенлерин «қақшып» алатуғын Қурбанның усташылыққа бейимсизлигин бара-бара байқаған. Алтыншы класларынан баслап, бир өзи жүрип гүбирленип монологларды ядлап, айнаның алдында жүзин қубылтып рольге кириўге ҳәрекет жасайтуғыны баласында артистликке мейиллик барлығын көрген.

– Актёр болыўға сегизинши класымнан таярлана басладым, – дейди Қурбан. – Мениң көкирегиме бул қыялды салған, исеним пайда еткен әжапам болды. Этюдлерди үйретип турып: «Мен сени уллы сахналарда, үлкен рольлер менен көремен» дер еди. Лекин, мени үлкен сахналарда көриў оған несип етпеди. Сум әжел бизлерди оннан ертерек айырды.

Институтқа кириў имтиханында қармақ салған, балық услап қуўанған, сол ўақытта таслаған сигаретасының үстинде отырған балықшының сөзсиз ҳәрекетлерин ислеп, имтихан алып отырған оқытыўшыларды қыран күлки еткен Қурбанның ҳәзирге шекем сахнаға ҳәр шығысы тамашагөйлер ушын шадлық. Институтта устазларының айтқанларын көкиреги гирбиңсиз нәрестедей болып жан-тәни менен орынлаған ол елеге шекем пүтин барлығы менен берилип ойнайды. «Ынжықтың муҳаббаты»ндағы көйлеклери сығып алғандай болып қара терге шомылып ойнаған Ғаррыбайы, «Өмирбек ҳәм Тазша»дағы аўсар ҳәм

ерке Лабағы, «Тирсеклер»деги Басымбети сыяқлы көп ғана рольлери, «Сауға»лардағы кишкене болса да залды дүрликкен күлкиге толтыратуғын ҳәрекетлери ушын оған сүйсинбеген, алғыс айтпаған тамашагөй болмаса керек.

– Институтты питкерип, таяр актёр болып келипсең. Биринши спектакльде-ақ танылып кеттиң. Қарақалпақ сахнасындағы үлкен актёрлардың саған қандай тәсири болды? – дедим оған.

– Институтты питкере бересең, бирақ, сол үлкен актёрлардың бәрекалласын еситпегенше, ҳеш ким өзин актёр деп есаплай алмайды. Театрдағы атмосфера улыўма басқаша. Маған бул жердеги устазларым ҳәтте дастурханның басында қалай отырыўдан баслап қайта үйретти. Тамашагөйлерге унай бериўиң, өзиң қуўанып жүриўиң мүмкин, лекин, театрдағы устазларың сени мойынламаса, бәри бир актёр емессең. Бизлер сахнада олардың ҳәр бир ҳәрекетинен, сөзинен өрнек алдық. Өзлеримиздиң келистире алмаған исимизди байқадық, көп мәрте «тис жедик». Шамурат аға, Маржан апа, Қуўатбай ағалар менен ойнаған актёр суўға түскен балықтай еркин ойнап кете береди. Ҳәр бир ҳәрекетиңниң, сөзиңниң әззи шыққанын көзи, қабағы, ҳөктемлеў даўысы менен билдиргенде өзиңди жыйнап ала қоясаң. Бизлерди усы дәрежеге әкелген Нәжиматдин ағаның талапшаңлығы, Бәўетдин Баймурзаевтың мийнетлери, үлкен сахна усталарының үлгиси. Кәсиплеслеримнен елеге шекем үйренип атырман.

Оқып жүргенде устазларымның ҳеш бири мени комик актёр болады деп ойлаған жоқ. Бул бағдарға мени Бәўетдин Баймурзаев салды, керек болса ойнайсаң деп сахнаға сүйреп шығарды…

– Мениңше, артистликти келистире алған адамға турмыста жеңил болса керек. Үйде қазан-табақ қағысса, «гилмалалап» жиберетуғын шығарсаң, – деймен оған.

– Ҳасла олай емес. Ҳақыйқатында минезим жүдә шурт, ашыўшақ адамман. Бетиң бар, жүзиң бар демей, аямай айтып салатуғын минезим бар. Лекин, қайтымым тез. Үйде

де сондайман. Келиншегим менен өкпелесип сөйлеспей жүриў, дастурхан басында томсырайысып отырыў мен ушын үлкен жаза. Сонлықтан да қәтешилигим болса мойынлап, келиншегимниң «бетин берман қаратып» алыўдың ҳәрекетинде боламан.

Перзентлеримниң актёрлық кәсибин таңлаўының тәрептары емеспен. Неге десеңиз, «қалай ғана усы кәсипти таңладым» деген жерлерим аз болмаған. Себеби, ата-анамның орнында туўысқанларымның той-мерекелерине бас болыўым, ретли жеринде қосылып шабыўым керек ўақытларым көп болады. Мен ўақтымның тығызлығынан усылардың бирсўин де ислей алмайман. Ҳәтте келиншегимди туўыў үйине апара сала гастрольге кетип қалыўыма туўра келген. Бирақ, ойнаған ролллерим сәтли шықты десе, тамашагөйлеримниң алғысын еситсем, қыйланғанларымның бәрин умытып кетемен. Ҳәзир өзимди басқа кәсипте көз алдыма келтире алмайман. Жумыс аўыр, наны жуқа болғаны менен өзимди бахытлы инсанлардың бири деп есаплайман. Мени түсинетуғын туўысқанларым, зайыбым, гүлдей перзентлерим, бақырыпшақырып жүрип шын кеўлинен жақсы көретуғын басшыларым, бәрекалламды жеткеретуғын устазларым, табысларыма қуўанатуғын кәсиплеслерим, ең баслысы, мени қай жерде де таныйтуғын тамашагөйлеримниң барлығының өзи мен ушын үлкен бахыт.

Қурбан мени шығарып салар алдында сахнаның уллылығы, тамашагөйлер нәзериниң қүдирети туўралы бир ўақыяны айтып берди. Бир шоқ жигит актёр жорасына: «Актёр болыўдан аңсаты жоқ. Сен ойнап жүрген кәлеген ролиңди мен таярланбастан ойнап бере аламан» дей береди екен. Жорасы оны сахнаға, тамашагөйлер алдына бир алып шығыўға ўәде етип, режиссёры менен келисипти. Жигитке «Зал тамашагөйлерге толып отырғанда сахнадан тек кесип өтесең, ортаға келген ўақытларда тамашагөйлерге бир қараўың керек» деп тапсырыпты.

– Ҳәй, сол ма? – депти шоқ жигит. – Ойнайтуғын ролиң жоқ па?

– Соны келистирип ойнап бер, – депти актёр жорасы.

Толы зал, тым-тырыслық, ҳәмmegиң нәзери сахнада дейди. Жиғитти сахнаға шығарыпты. Сахнаны менсинбей оның ортасына шекем барған жигит тапсырма бойынша тамашагөйлерге бурылған ўақытта албырағанынан аяғы қалтырап, алдына қарап та жүре алмай, изине айланып жуўырған дейди. Мине, сахнаның құдирети! Актёрдың актёры ғана өзине тигилген мыңлаған көзлерди жаўлап алып, тамашагөйлердиң жүрегине уялайды.

... Спектакль басланыўына еле ерте. Залда адам жоқ. Қурбан менен сахнаны кесип өтип киятырып, залға бир қарадым. Түрли-түрли кейпиятта келетуғын тамашагөйлердиң кеўиллерине нур қуйып шығарып салатуғын, тынышлық ҳүким сүрип турған сахна менен ғүңгиртлеў көринип турған бос залдың өзинде қандай да бир сыйқыр, құдирет бардай...

## МАЗМУНЫ

Наилаж тутасқан соқпақлар ........................................ 3
Муңлы нашар наласы ........................................ 9
Ана сағынышы ........................................ 13
Өзи жаққан оттың жылыўы ........................................ 17
Мәртлик ........................................ 23
Атланбаған қәдем ........................................ 30
«Урыны қарақшы басты» ........................................ 35
Кемпир, қолымнан тарт! ........................................ 39
Жалғызлық дәртлери көп болар екен… ........................................ 42
Шүкирликте ҳикмет көп… ........................................ 50
Үйдиң дәўлети ........................................ 54
Түсиме анам енген күн… ........................................ 59
Кемпир апа бийкарға шырламайды ........................................ 64
Еккенимизди орыўға тийиспиз… ........................................ 69
Қәйин енелик деген аўыр көш екен ........................................ 73
Еркек үйден безсе… ........................................ 78
Жоқлаўды ер адам да айтар екен … ........................................ 80
Перзентлер келешеги өз қолыңызда ........................................ 83
Қыянет ........................................ 91
Әжел дегиши… ........................................ 97
Таңғы туйғылар ........................................ 101
Жанлары жадыраған жеңгелерим ........................................ 104
Аўылымның мәргиясы усындай… ........................................ 106
Орның бөлек әжаға ........................................ 109
Наўрызды қалай «қорғадым»? ........................................ 112
Быйыл маған Наўрыз жүдә қәдирлиректей… ........................................ 115
«Қысқа жазып, керек гәпти айтыў керек»… ........................................ 121
Қәлемге алыўдың мәўрити келди… ........................................ 125
Ол ҳаслында ынжық емес… ........................................ 129